# МАХ ДУГ



2018 6

Мах стæм ахæм зондыл хæст: ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг хъуамæ æвæрд уа закъоны бындурыл. Ноджы æмбарын хъæуы, мадæлон æвзаг ахуыр кæнын алкæмæн дæр йæ хæс кæй у. Мадæлон æвзаджы фæрцы адæймагæн разыны йæ национ хæдхуыз цæсгом. Скъоладзауты ныййарджытæ хъуамæ хъуыды кæной национ культурæйы фидæныл æмæ йæм æбæрон цæстæй ма кæсой. Мæнмæ гæсгæ, бæстæйы субъекттæн закъонмæ гæсгæ бар раттын хъæуы, цæмæй бындурон цæрджытæ æнæмæнг ахуыр кæной сæ мадæлон æвзаг, иннæ адæмыхæттытæн та уыцы хъуыддаг уæд барвæндонæй.

***Битарты Вячеслав***



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Казбек МАМУКАЕВ

**Редакция**

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ

Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

# МАХ ДУГ

6

2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

## НОМЫРЫ ИС:


**ГАГЛОЙТЫ РУТЕН: 130 АЗЫ**

*ГАГЛОЙТЫ Рутен.* **Цыппар радзырды** 6

**БАГЪÆРАТЫ СОЗЫР: 130 АЗЫ**

**Созыры тыххæй дзурынц** 17

**Созыры сфæлдыстадон бынтæй** 28

*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Калм æмæ бирæгъы тыххæй.** Алы хабæрттæ 31

*АБАЙТЫ Эдуард.* **Мæ сыгъдæг æууæнк.** *Æмдзæвгæтæ* 64

**КАРЛ МАРКС: 200 АЗЫ**

*Карл МАРКС.* **Хъуыдытæ** 71

**МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ** 74

**БЗАРТЫ Руслан: 60 АЗЫ**

*БЗАРТЫ Руслан.* **Темирболат Мамсуров в Петербурге и Чугуеве.** Уац 84

**УИДÆГТÆ**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Къостайы æз зæрдæйæ æнкъарын.** Интервью 111

**ÆНÆСТЪАЛЫ ХЪÆБАТЫРТÆ**

*ХЪАРДАНТЫ Тимур.* **Хъæбатырты ‘хсæн уæлахиздзау** 118

**АРВИСТОН** 123

**УÆЛÆМХАСÆН**

*ХАКУАШЕВА Мадина.* **Письмо Президенту РФ В. В. Путину от представителей общественности республик Северного Кавказа** 136

*КАМБОЛОВ Тамерлан.* **Президенту РФ В. В. Путину, Председателю ГД В. В. Володину** 140

# ГАГЛОЙТЫ РУТЕН: 130 АЗЫ



*ГАГЛОЙТЫ Рутен*

# ЦЫППАР РАДЗЫРДЫ

## ХЪАСТ

Æлхасты Тотырадз уыди тынг тызмæг лæг. Æгас хъæуæй никæимæ фидыдта, се 'гасимæ иудадзыг тохы лæуд уыди.

Мæстыгæр ахæм уыди æмæ мæрдтæм дзуринаг. Иухатт, комахсæнты фæстæ, хуымтæм фаджыс ласта. Куыфмæ æвгæдта, афтæ фаджысы цъуппыл уасæг абадти æмæ йæ хъæлæсы дзаг ны-хъи-хъри-хъо кодта. Тотырадзмæ уасæджы уаст цыдæр хъыг фæкасти, фаджысæвгæнæн сагой дард фæхаста æмæ йæ уасæгыл ныххуырста.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уасæг æнæрцæфæй атъæбæртт кодта! Сагой та сæмбæлди раст сисы фисыныл æмæ фæйнæрдæм хъæлтæ фæхаудта.

Æндæр сагой Тотырадзмæ цæттæ нæ уыди æмæ дыккаг бон дæр æгуыст баззади, цалынмæ сыхæй кæмæйдæр ракуырдта, уалынмæ...

Уый хуызæн ахастæй Тотырадз кæимæ бафидыдтаид!

Иухатт йæ сыхаг Аслæныхъойы фос Тотырадзы хуыммæ куыддæрты баирвæзтысты æмæ стонг фос хуымæн, кæй зæгъын æй хъæуы, баджиз кодтой.

Тотырадз топпыхосау нытътъæпп кодта фырмæстæй, бæгæныйау сыхсысти æмæ Аслæнбегмæ ралæбурдта.

– Цæуыл мæ фесæфтай? Мæ артыл мын дон цæуыл ауагътай? – хъæр кодта

Тотырадз. Ӕвзӕр ӕлгъыстӕй йӕ дзыхӕй цынӕ схаудта, ахӕм нал баззад. Амондӕн сыхӕгтӕ йӕ разы фесты ӕмӕ йӕ тыхӕй баиргъӕвтой. Фӕлӕ уӕддӕр кӕм сабыр кодта. Йӕхи дӕс цӕфы зӕххы цъарыл ӕркодта ӕмӕ ӕлгъитынӕй бӕстӕ арыдта.

– Фос ӕвӕндонӕй баирвӕзтысты, ӕмӕ мӕнӕ нӕ хистӕртӕ цы бауынаффӕ кӕной, уый дын бафиддзынӕн, – дзырдта сабыр, чырыстон лӕг Аслӕнбег.

Аслӕнбег уыди тынг фӕлмӕн лӕг. Хъӕубӕстӕ йӕ уарзтой чысылӕй, стырӕй. «Дӕ цӕст сау» ын цӕрӕнбонты ничи загъта, никӕмӕндӕр – йӕхӕдӕг.

– Дӕ хорзӕхӕй, Тотырадз, кӕй зӕрдӕ дӕ не сцъӕх, ахӕм нал и, никӕй хуыммӕ баирвӕзынц фос, иудадзыг ӕнӕрдызт уӕныгау хылы лӕуд куы дӕ! – фӕйнӕрдыгӕй дзырдӕппарӕн кодтой хъӕуы лӕгтӕ Тотырадзмӕ.

Фӕлӕ ацу ӕмӕ бирӕгъӕн ӕмбисӕндтӕ хӕсс! Тъӕплӕджы цы бауырндзӕн!

Дыккаг бон Тотырадз, карк нӕма ныууасыд, афтӕ фӕгӕпп кодта, фыртагъдӕй йӕ бӕхыл саргъ ӕнӕ базӕй баппӕрста ӕмӕ хъаст кӕнынмӕ фӕраст. Уым иу расыггӕнаг фыссӕгӕн гӕххӕтт аразӕггаг урс сом ныннымадта ӕмӕ йӕ балӕвӕрдта тӕрхондонмӕ.

Рацыди дзӕвгар бонтӕ.

Раст хосгӕрдӕнӕн йӕ тарфы Тотырадз уацхъуыд райста. Уыгӕрдӕны ссивинаг фырхусӕй ныкъкъӕркъа ӕмӕ йӕ дыккаг бон куынӕ ӕрыссивой, уӕд нал сбӕздзӕн ӕппындӕр. Бӕргӕ бирӕ аргъ уыди Тотырадзӕн кусӕн бон, исдуг ахъуыды кодта: ныхъхъуыдты кӕнон тӕрхондонмӕ цӕуын. Фӕлӕ та йӕ маст сыхсысти, бӕхыл бабадт ӕмӕ та араст. Ӕвдисӕн кӕй самыдта, уыдонӕй иу дӕр йӕ къах нӕ авӕрдта.

– Цыфӕнды нӕ фӕивар кӕнӕд тӕрхондон, уӕддӕр ай хуызӕн удисӕн рӕстӕджы нӕ куыст нӕ ныууадздзыстӕм, – дзырдтой ӕвдисӕнтӕ.

Тотырадз иунӕгӕй ӕрхылд тӕрхондонмӕ, фӕлӕ йын хъуыддаг кӕм равзӕрстаиккой ӕнӕ ӕвдисӕнтӕ, ӕмӕ йӕ аргъӕвтой фӕстӕдӕрмӕ.

Фыд-зонд Тотырадзыл та иу сомы аргъ аныхӕсти, афтӕмӕй, мӕстӕй судзгӕйӕ, дыккаг бон фӕстӕмӕ ӕрыздӕхт. Изӕры адӕм хос кӕрдынӕй ӕрцыдысты ӕмӕ ныхасмӕ бамбырд сты. Тотырадз дӕр фӕлладӕй ӕрцыд ныхасмӕ ӕмӕ даргъгомау хъӕды къудийыл ӕрбадти.

Ныхасы чи цы кой кодта, чи цы. Дзырдтой ног хабæрттыл, фосыл, кæрдæгыл...

– Гъеныр афтæ æнамонд дæ, – дзырдтой Тотырадзæн хистæртæ. – Аслæнбег дын æнæсæтгæ куынæ у фосы бахæрдыл. Мæнæ уæ дыуурæ лæджы бафидауын кæндзысты.

– Худинаг у, сомбон дæр ма нæ цæрын хъæуы иумæ!

Хуыцау зоны, Тотырадз уыцы сахат цы хъуыды кодта. Къуырмайæ фæбадти, йæ хъус дæр не 'ртъæбæртт кодта, стæй йæхи æнæдзургæйæ аласта...

Хуымгæрдæны та Тотырадз фæци дыккаг фарстайы. Уæддæр та дыууæ боны, Хуыцауы ницæуыл, бæхæй, лæгæй фыдæбоны хай фесты, æнæхардз дæр кæм баззадаид!..

Уыйфæстæ Тотырадз цы баци йæ хъастæй, уымæн æз ницыуал зонын. Фехъуыстон æрмæст, Тотырадз дæс цыдæй фылдæр кæй акодта тæрхонгæнæгмæ. Иунæг Сфæлдисæг зоны, цы рамбылдта Тотырадз йæ фыдæбонæй. Дыууæрдæм уæгъды джеттыра фæкодта, йæ хардз æмæ йæ фыдæбон та – уæлдай...

Фæззæг аивгъуыдта, æрцыди зымæг. Мит ныууарыди цъититы йас. Ирон хохаг лæгæн Тутыры æнæ скуывдгæнгæ цы хос ис.

Ацы аз фыццаг куывды рад у Аслæнбеджы. Тутыры фыццаг бон райсомæй адæм æмбырд байдыдтой йæ хæдзармæ.

Кæстæртæй иутæ хъулæй хъазыдысты уæлхæдзары, иннæтæ миты къуыбарæй кæрæдзи хастой хъæууындзы, чи та фынгтæ æмæ бадæнтыл зылди. Аслæнбег дæр дыууæрдæм рацу-бацу кодта æмæ хидкалгæ архайдта цæуылдæрты.

Нуæзт æмæ хойрагæй Аслæнбег хъуаг нæ уыди, худинагæй нæ тарсти æмæ йæ зæрдæ рухс уыди. Ныфс æй уыди, йæ хъæубæсты хорз кæй фендзæн æмæ сын иттæг минас кæй фæкæндзæн. Æрмæст иу маст бады Аслæнбеджы зæрдæйы æмæ йын цы хос сараза, ууыл йæхинымæры хъуыды кæны.

Уæдмæ хæдзар байдзаг адæмæй. Хъæуæй фæсте ничиуал баззад. Хæдзарæн йæ дыууæ фарсы дæр мæлдзгуытау æмызмæлд кодтой. Лæгтæ хъæрæй ныхас кæнынц, устытæ сусу-бусу...

Артыл хъæдурдзæхдон пæлхъ-пæлхъ кæны.

Аслæнбег йæ цухъхъайы фæдджийæ йæ хид асæрфта: фæстæты бацыди æмæ йæ зæронд фыдмæ æддæмæ расидти.

– Цы саразæм, дада, Тотырадз нæм не 'рбацыд! – загъта Аслæнбег. – Кæй ма йæм арвитæм хонæг? Хъæубæсты хылæй мæм мæлæт хуыздæр кæсы... Цы зæгъдзысты адæм?!.

Зæронд лæг йæ сæр аныхта, иудзæвгар æгуыппæгæй алæууыд лæдзæджы æнцой, стæй афтæ:

– Хъырымсолтан не ‘дыппæты хистæр у æмæ йæм уый барвитдзæн искæй. Кæд ма уымæй нæ фæаргъуц кæна, уæд йæ намыс сæфт у, æмæ йын мах цы саразæм.

Барвыстой Тотырадзмæ хонæг Хъырымсолтаны номæй æмæ йын загътой:

– Хъырымсолтан æмæ нæ хъæуы лæгтæ æрбарвыстой, куынæ, зæгъ, рацæуай, уæд дæуæн дæр дæ къæсæрæй ничи бакæсдзæн хъæуæй нæдæр Тутыры, нæдæр уый фæстæ.

Тотырадзæн йæ цæсгом ссыгъди æфсæрмæй. Йæ зæрдæ йыл мидæгæй худти.

– Уæуу, æцæг мæм стыр боны куы ничи æрбацæуа, уæд мæ худинаг æмæ мæ мæлæт, – загъта йæхинымæры.

Катайгæнгæ сыстад æмæ хонæджы разæй араст и. Къæсæрыл хъуызгæ хызт бакодта æмæ лæгты ‘хсæн тæрхæгыл æрбадти.

Фынгтæ сцæттæ сты. Хъæу рабадтысты куыдхистæрæй. Хъæуы хистæр Хъырымсолтан сыкъа райста æмæ æппæты фыццаг скуывта фысымы хæдзарæн:

– Уæ, Хуыцæутты Хуыцау, не Сфæлдисæг, ахъаз бакæн! Тутыр, абон дæ бон у, æмæ дын хуыздæр кувинаг æмæ хæлардæр зæрдæйæ чи скуывта, уый æмбал мæнæ нæ фысимы дæр бакæн...

Афтæ бирæ фæкуывта зæронд лæг. Хохы кувæндон нал ныууагъта, быдыры – дзуар!

Куывд куы фæци, уæд кæстæртырдæм аздæхти, Тотырадзы йæ цæстæй æрцагуырдта æмæ загъта:

– Уæ мæ зæронд сæр уæ нывонд, кæстæртæ! Мæнæн мæ зæрдæ сымах цинæй рухс кæны, ингæнмæ дæр зивæг нал кæнын! Æз дзæвгар ацардтæн, фæлæ мæм æрбайхъусут иу дыууæ ныхасæн. Абоны онг не ‘фсымæртæ, Тотырадз æмæ Аслæнбег кæрæдзимæ туджджыны цæстæй кастысты. Фæлæ цæй тыххæй? Цы ракодтой кæрæдзийæн? Æппындæр ницы! Æрмæст не ‘дылыдзинады тыххæй нæ сæрæн бынат нæ арæм! Хъæуы цæрджытæ бинонтау æфсымæртæ сты. Кæрæдзийæн куынæ барæм, цæрын куынæ зонæм æнгомæй, уæд нæ халон йæ ахстонмæ фæхæсдзæн! Ницæйы тыххæй кæрæдзимæ фыдæххæл цæмæн кæнæм? Тотырадзæн йæ хуыммæ Аслæнбеджы фос баирвæзтысты, уый тыххæй дæс цыдæй фылдæр фæкодта тæрхондонмæ. Махмæ нæ байхъуыста... Бафæрсон дæ, Тотырадз. Цы пайда фæкодтай,

зианы йеддæмæ, дæ хъастæй? Писыраен де ‘хцайы муртæ ныннымадтай. Кусæн бонтæ фесæфтай, де ‘фсымæрмæ знаг дæхи скодтай.

– Раст у, раст у. Бæлвырд афтæ у, – сæ сæртæ тылдтой лæгтæ æмæ æдзынæг хъуыст кодтой зæронд лæгмæ.

– Раздæр рæстæджы-иу нæ Иры бæсты лæгмард куы æрцыди, уæд-иу туджджынты нæхуыддæг бафидауын кодтам, æмæиу æфсымæртау баззадысты. Мæнæ хорз адæм, паддзахы закъон уæ раст тæрхон кæмæн бакодта, уый йæ радзурæд ам, не ‘хсæн!..

– Æппындæр никæмæн, – дзырдтой фæйнæрдыгæй.

– Гъе, уæдæ ныууадзут тæрхондæттæм цæуын, ныхъхъуытты кæнут æнæгъдау зæронд æгъдæуттæ æмæ уæхи тæрхон кæнут. Уæ хъуыддæгтæ уæхуыддæг аразут æмæ цæрын фæразат!

Бирæ зонды ныхæстæ фæцамыдта зæронд лæг кæстæртæн, стæй Тотырадз æмæ Аслæнбегмæ нуазæнтæ раттын кодта. Кæрæдзимæ сæ къухтæ радтой, æфсымæртау салам загътой æмæ дзæбæхæй бафидыдтой.

Уырдыгыстæг рæгъ кæнын райдыдта.

Чысыл фæстæдæр Уастырджийы зарæгæй уæлæндыгтæй сæг згъæлын байдыдта.

## ХЪÆНДИЛ ДÆР СЫЗМÆЛЫД

Царди фаджысы къуымты ставд тъæпæн хъæндил.

Бирæ йын уыд уыцы ран хæринаг!

Æввонг исæй фыд чи нæ æвæры! Иууыл æфсæст уыди æмæ ныннæрсти, ныддымсти хъæндил. Фырнæрдæй фæйнæрдæм уыйонг фæцыди æмæ йæ цармы дæр нал цыди. Лæсын дæр ма кæм фæрæзта. Куы-иу йæ иу фарсыл сфæлдæхти, куы – йе ‘ннæуыл, хъыс-хъысгæнгæ æмæ дыз-дызгæнгæ.

Иу бон куы уыди, уæд йæ цæст радардта æддæмæ, акаст йæ «адæммæ», йæ сæр банкъуыста æмæ хъуыды кæны йæхинымæры:

– Мæ цард бæргæ хорз у, хъуаг ницæмæй дæн, кусын мæ нæ хъæуы... Æрмæст цы цух дæн, уый – кад! Æнæ кадæй цард нæ бæззы. Æз дæр хъуамæ хицæутты цæсты мæхи истæмæй равдисон, хъуамæ хорзæх райсыныл сархайон...

Ахæм фæнд бабырыди хъæндилы сæрмæ, æмæ ма йыл хуыссæг кæм хæцыди, кæм ма лæууыд зæххыл!

Араст узгæ-узгæ æмæ æхсæнкъмæ бабырыд.

– Дæ бон хорз уа, æхсæнкъ! Цы митæ кæныс? Сæрæй ды дæр мæнау æгадæй бадыс? Хистæрты хорзæх цæуылнæ агурыс? Мæ коммæ бакæс: æрæмбырд кæнæм не 'мбæлтты, фæдзурæм ма бызычъимæ, систмæ, дзынгамæ, хъæсдарæгмæ, саразæм парти, нæхи хицæутты фарс скæнæм æмæ сæ сæрыл хъызæм! Рæстæг ахæм у, æмæ нын уæд хистæртæ хорзæхтæ дæр ратдзысты, æхцайæ дæр нæ хъуаг нæ ныууадздзысты æмæ нæм дзæбæх цæстæй дæр кæсдзысты.

– Хорз, – зæгъы æхсæнкъ æмæ дыууæ гæппæн хъæсдарæгмæ бахæццæ, уырдыгæй бызычъимæ, стæй систмæ, дзынгамæ æмæ се 'гасы æрæмбырд кодта. Уынаффæйыл ныххæцыдысты.

Хистæры бынаты рабадти хъæндил æмæ зæгъы:

– Ды, æхсæнкъ, рæуæг дæ цæуынмæ, лидзгæ хорз кæныс, стæй нæ уынгæ дæр дæ хуызæн ничи кæны. Ды нын уыдзынæ дзырдхæссæг! Æмбырд кæм фенай, бунты лæг кæм базонай, уыдæттæ хъусын кæндзынæ хицæуттæн. Сымах та, бызычъи æмæ дзынга, хъæсдарæгимæ нæмынмæ хорз стут, туг хорз цъирут. Сымах хъуамæ нæмат, хъуамæ марынæй ма ауæрдат ахуыртыл, музуктыл, кусджытыл, уæлдайдæр студенттыл. Æз мæхæдæг та, систимæ, мидæг хъуыддæгтæ араздзыстæм. Махæн цæуын нæ бон нæу æмæ уын ардыгæй амондзыстæм, куыд саразын хъæуы, куыд хуыздæр у, уый...

Ацы уынаффæйы рæстæджы сæ цурты фæцæйтахти мыдыбындз, фехъуыста сын сæ ныхæстæ æмæ сын загъта:

– Уæ, туг ныууара уæ сæртыл!.. Бабырут фæстæмæ уæ цъассыты, кæннод уæ исчи йæ къæхты бын ныммур кæндзæн, сæлхæртæ!.. Исчи уын уæ базыртæ цырагъмæ бадардзæн æмæ уын зæхмæ æрызгъæлдзысты!..

## НАМЫС

Намыс у лæгæн йæ цæсгом, йе 'фсарм.

Лæгæй, фосæй, маргъæй – не 'гас дæр зонæм фынæй. Схуыссæм, баулæфæм, нæ фæллад ссæуы, нæ тых йæ бынаты æрбады, стæй та дыккаг бон кусын райдайæм ног хъаруимæ.

Гъе, Намыс дæр афтæ. Уый дæр зоны фынæй: уыйонг бирæ хъуыддæгтæ йын ис æмæ сыл тынг бафæллайы, бафæлмæцы сыл

ӕмӕ уӕд кӕдӕмдӕр баулӕфынмӕ йӕхи айсы. Кӕдӕм фӕцӕуы, йе стыр фӕллад кӕм уадзы, уый ӕппын ничи фӕзоны.

Куынӕуал фӕзыны Намыс, чысыл куы фӕаууон вӕййы, уӕд адӕм ӕдзӕсгом, ӕнаккаг хъуыддӕгтӕм фӕвӕййынц. Фӕлӕ райдианы уыйбӕрц нӕ фӕуӕндынц.

– Намыс ам ӕввахс кӕмдӕр ис, ӕгӕр ма кӕнут, базондзӕн нӕ, – дзурынц кӕрӕдзийӕн адӕм.

Фӕлӕ ӕгӕр ӕмӕ ӕгӕр куы никуы фӕзыны Намыс, уӕд адӕм фӕуӕндон вӕййынц, фӕкъӕйных вӕййынц ӕмӕ ӕнаккаг, ӕнӕгъдаудзинӕдтӕн уӕрӕх фӕндаг раттынц, фырцинӕй скафынц, ноггуырд сӕныккау, сӕмдзӕгъд кӕнынц ӕмӕ кӕрӕдзи хъусты асусу-бусутӕ кӕнынц:

– Лӕппутӕ! Намысӕн йӕ кой дӕр нӕй ам, ӕмгӕрӕтты никуы зыны, дард кӕмдӕр ис, ма дзы тӕрсут.

Куыддӕр адӕм уый фехъусынц, афтӕ бынтон ӕвнӕлд бакӕнынц ӕнаккагдзинӕдтӕм, ӕцӕг ист ракӕнынц сӕ къух ӕвзӕр хъуыддӕгтӕм.

Уӕды онг намысджын чи уыди, ӕдзӕсгомдзинадыл йӕхӕдӕг худгӕ чи кодта, уый дӕр нал фӕауӕрды ӕвзӕрдзинӕдтӕ аразыныл.

Фӕйнӕрдӕм куы акӕсай, уӕд ӕууӕнк никуыуал ис, аргъуц фесӕфы, ӕфсарм амӕлы, алы ран сайын, давын, хахуыр, кӕрӕдзи цъаммары тулын, цӕсгӕмттыл цъыф стухын... Иудзырдӕй нал ауӕрдынц кӕрӕдзиуыл хӕрды дӕр ӕмӕ уырдыджы дӕр. Чи кӕмӕ ӕххӕссы, уый стигъы. Цы арынц, уый стӕрынц ӕмӕ къӕфынц, дӕндагӕй бавналынц кӕрӕдзимӕ, зӕвӕтӕй мыхъхъытӕ самайынц...

Уалынмӕ та ӕвиппайды кӕцӕйдӕр февзӕры Намыс. Йӕ фӕллад куы ʻруадзы, уӕд рацӕуы ӕддӕмӕ йӕ сусӕг бынатӕй ӕмӕ та ног тыхимӕ кусынмӕ бавналы.

Йӕ фынӕйы рӕстӕджы адӕм бирӕ ӕдзӕсгом, ӕнаккаг хъуыддӕгтӕ фӕкодтой ӕмӕ се ʻгасыл азилын хъӕуы.

Фыццаг ӕрцӕуы къӕйныхтӕм, ӕдзӕсгӕмттӕм, адӕмы ӕгӕрӕгӕр чи фӕсайы, уыдонмӕ.

– Цӕмӕн сайут адӕмы, къӕпхӕнтӕ сын цӕмӕн аразут? – фӕрсы сӕ Намыс. – Худинаг уӕм фӕзынӕд! Сомбон уӕ сӕртыл ӕртыхсдзӕн уе ʻвзӕрдзинад, ныууадзут уӕ кӕнон ӕмӕ уӕ хин.

– Омӕ ды чи дӕ, цы дыл цӕуы, дӕхицӕн цӕмӕннӕ ныббадыс?

– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ иргъæвон æдзæсгæмтты.
– Намыс? Цавæр у Намыс? Мах дæ зонгæ дæр нæ кæнæм.
– Фесæф, исчердæм ахъуытты у ардыгæй!
Афтæ Намыс тарды фæвæййы! Æрцæуы, æрцæуы мæстæйдзагæй мæгуыр Намыс пъагонджын хицаумæ:
– Цы ми кæныс, пъагонджын? Худинаг дæм нæ кæсы, гормон, адæмы цæмæн цæгъдыс, уыйæппæт цæмæн фæмардтай? Сомбон адæмы тæригъæд дæ сæрыл æртыхсдзæн, дæ къухтæ туджы мауал тул!
– Омæ ды чи дæ, дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?
– Æз дæн Намыс. Хъуамæ лæгмары иргъæвон мæгуырты фæллой хæрынæй!
– Намыс?! Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!
Афтæ та уырдыгæй дæр сырды фæвæййы Намыс.
Бирæ утæхсæнты фæстæ, бирæ сырдтыты фæстæ хъынцъымгæнгæ Намыс æрцæуы паддзахмæ:
– Цы ми кæныс, паддзах, табу дæ бæрзонддзинадæн, фæлæ дæм худинаг нæ кæсы: дæ кæстæртæ, дæ дæлдæр хицæуттæ адæмы туг баныхстой, хурхæй сæ æрцауыгътой, сæ фæллой сын бакъæфтой. Мæнмæ сæ ничиуал хъусы, сæхицæй мæ сурынц, сæ цæсгом фесæфтой. Ды уæддæр æркæс дæ адæмы тæригъæдмæ, ды уæддæр бамбар дæ сывæллæтты уынгæгдзинад... Кæннод сомбон æгас адæмы тæригъæд иууылдæр дæ сæрыл стыхсдзæн æмæ дæ зынгау басудздзæнис.
– Æмæ ды чи дæ? Дæуыл цы уæз цæуы? Дæхицæн цæмæннæ ныббадыс?
– Æз дæн Намыс, æз хъуамæ, чи рæдийа, уыдон иргъæвон.
– Намыс? Цавæр у Намыс? Æз дæ зонгæ дæр нæ кæнын. Фесæф исчердæм, ахъуытты у ардыгæй!
Афтæ тарды фæвæййы Намыс... Алы ран æй дуарæн феддейæ кæнынц. Æмгæрæтты йæ ничиуал ауадзы.

## ЦАРД

Лæг цы фены æмæ цы бавзары, уый йæ æрæгмæ рох кæны. Вæййы æцæг ахæм хъуыддæгтæ æмæ нæ хъуыдыйы бирæ

нæ баззайынц, фæлæ ахæмтæ дæр вæййы æмæ æнусмæ, мæлæты бонмæ зæрдæйæ сæхи нæ раиртасынц... Цы радзурынмæ хъавын, уый дæр уыди ахæм нывтæй!

Бонджын æмæ мæгуыр цал хатты фенын, уал хатты мæ цæсты раз фесты уыцы зæрдæхалæн ныв, уал хатты уæлдæфы февзæры æргъæвстæй гомгæрцц сывæллон, йæ къух адæммæ даргъæй... Зæрдæ пиллон суадзы æмæ йæхимидæг æрбампылы...

Уый уыди стыр сахары, зымæгон рæстæджы. Кæуылтыдæрты æз дæр бахаудтон Уырыссаг Изæрмæ. Раст изæры аст сахатыл бахæццæ дæн, Изæр кæм хъуамæ уыдаид, уыцы хæдзары дуармæ.

Мит ставд пирæнгæмттæй калди уырдыгмæ. Бæхтæрджытæн сæ боцъотæ урс дардтой. Дзоныгътæ кæрæдзи фæдыл згъордтой, æмæ адæм сæ хуылфæй калдысты хæдзармæ.

Дуарæн йæ фæйнæфарсæй электроны рухс æнхъæвзта фæйнæрдæм æмæ йæ фæлмæн рухсæй урс миты, цæппузырау, æрттивын кодта.

Бæрзонд, схъæлрихи дуаргæс, дзæгъындзæгау, хъулон пысулты, дуар байтыгъта æмæ уазджытæн уæрæх фæндаг лæвæрдта.

Фæмидæгæй дæн æз дæр, æмæ хъарм уæлдæф дидинæджы тæфимæ сæмбæлд ме 'мбудæнтыл.

Кæцæйдæр мæм æрбагæпп кодта лæг æмæ мын мæ кæрц æмæ мæ басылыхъыл йæхи ныххуырста.

Фæтæн урс-урсид дзæнхъа дурæй асин æрттывдтытæ кодта æмæ йæхимидæг хъазыдис. Йæ бæстастæу тыд уыди сырх тын æмæ къæхты бын фæлмæн дардта. Къултыл дынджыр айдæнты раз сæхи дзæбæхтæ кодтой ставд адæм.

Схæццæ дæн залмæ, мæ цæстытæ фæйнæрдæм фæдзæгъæлтæ сты.

Æгæнон уæлыгæс мæлдзыджыты ахстоны хъилы бырынкъ куыд фæтъысса æмæ уыдон чыртæ-чыртæй куыд хъомпал кæной, уыйау авд мусы йас залы змæлыдысты адæм. Электроны рухс æнæгъдау рæвдыдта йæ быны цæуджыты.

Æддагбæстаг бæлæстæ æмæ цъæх нæзытæ хъæды ныв æвдыстой æмæ уалдзæгхуыз лæвæрдтой. Фæлмæн къæлæтджыныл бадгæйæ, сæ къах се 'ннæ къахыл æвæрдтой, сæ улæфт уагътой «фæллад» уæздæттæ. Сæ хъустыл æмбæлди рæсугъд зарын, уадындзы зæлтæ, музыкæйы цæгъдын. Чи та бадти фынгты алыварс æмæ сæ дойны састой алыхуызон уæздан нуазинæгтæй.

Тæлтæг лæггадгæнджытæ урс тæбæгъты фынгтæм скъæфтой хæрд æмæ нозт, се 'лдæртты раз, рæхснæг талатау, ратас-батас кодтой æмæ сын цыт лæвæрдтой.

Æрттиваг агуывзæтæ кæрæдзиуыл æмбæлдысты æмæ, æрра нуазинæгтæй фынккалгæ, зæлланг кодтой.

Устытæ, сæ лæгты дæлæрмтты сæ къухтæ, афтæмæй чырчыргæнгæ, мыр-мыргæнгæ рацу-бацу кодтой æмæ сæ даргъ фæдджитæ астæрдыл ластой. Сæ цæсгæмттыл «залмы сыфтæй» уæлдæф дымдтой. Сæ гом риутæй зынаргъ дуртæ, сæууон стъалытау, цæхæртæ калдтой.

«Дуне – нæ цагъар, мах – цардæн æлдар!» – фыст уыди сæ худгæ, хъæлдзæг цæсгæмттыл.

Æхсæв бонмæ фæцæйхæццæ кодта...

Бафсæстысты хæрд æмæ нозтæй, сæ зæрдæ нал агуырдта зарынмæ хъусын, кафынмæ кæсын. Сæ уæздан уæнгтæ зæлдаг хуыссæнтæм сæхи куырдтой, сæ зæрдæ улæфынмæ ахсайдта, цæмæй та дыккаг бонмæ иу изæрваг хъару æрæмбырд кодтаиккой.

Байдыдтой цæуын...

Æз дæр ныууагътон «уæллаг» дуне, «уæллаг» цард.

Фæлæ йæ къæсæрæй нæма рахызтæн, афтæ цард мæ разы фестад, æцæг цард мыл æрбадымдта æмæ та мын йæхи æрæвдыста.

Бæгъæввад, скъуыдтæ, æргъæвст æмæ салд сывæллон йæ къух размæ радаргъ кодта æмæ ризгæ хъæлæсæй лæгъстæ кодта:

– Чырыстийы тыххæй баххуыс кæнут, хорз адæм!.. – æххормагæй ма ныууадзут æнамонды, уæ Хуыцауы тыххæй...

Мит æнæвгъау згъæлди фæрсырдæм æмæ «сабаты» гуырдæн йæ цæсгомыл æмбæлд. Йæ бæгъæввад къæхтæ, цæргæсы ныхтау, бакъуркъатæ сты. Йæ гом уæнгтыл бызгъуыртæ ныззæбултæ сты... Гом буар не 'нцайы йæ ризынæй, дæндæгтæ кæрæдзиуыл хойынц сæхи...

– Æлдар, æлдар... Чырыстийы тыххæй... – хъуысти ма чысылгай йæ уынæр йæ сонт дзыхæй...

Фæлæ æлдæрттæ йæ фæрсты сæ хæдзæрттæм тындзыдтой. Сонтмæ кæсгæ дæр ничи фæкодта. Дзоныгъытæ скъæфтой фæйнæрдæм адæмы. Æз талынг уынджы фæхæрд кодтон. Иу каст ма фæкодтон фæстæмæ: саби йæ къух дардта цæуджытæм...

Мит зулмæ æмбæлд йæ цæсгомыл.

# БАГЪÆРАТЫ СОЗЫР: 130 АЗЫ



* * *

Багъæраты Хъуырманы фырт Созыр райгуырд 18 июны 1888 азы Чырыстонхъæуы. Созыры цардвæндаг ныффыста Мамайты Михал, – уый ссæдзæм азты дыккаг æмбисы куыста партийы Дыгуры райкомы секретарæй. Поэты фыццаг биограф Къосираты Сæрмæтæн йæ иу фыстæджы хъусын кодта, зæгъгæ, поэты царды цаутæ йæхи ныхæстæм гæсгæ ныффыста, Созыр ын сæ радзырдта, йæ адзалы рынчын куы уыд, уæд. «Уæлладжыры комæй Дыгуры быдыртæм æрцыд хуыздæр цардагур иу фыййау йæ фыдимæ, – загъд ис Михалы фыстыты. – Йæ ном Тасо, Хаситы Хъæддзауы фырт. Хъуыбадты уæздæттæ æрцæуæгыл хъалон сæвæрдтой æмæ-иу сын æй фидын куынæ куымдта, уæд тыхæй архайдтой, йæ фыстæ-иу ын атардтой. Туг дæр-иу ныккалд се 'хсæн, дыууæтæ дæр-иу хъаматæ систой. Тасо йе 'фхæрджытыл кæд йæ карды фæд ныууагъта, уæддæр йæхæдæг дæр æвыдæй нæ баззад – хъамадзæфæй бакуыырм æмæ афтæмæй ныххызт йæ ингæнмæ. Йæ фыртыфырт, суинаг поэт, рæзыд бæгънæг æмæ æххормагæй». Созыры ныййарджытæ Чырыстонхъæуы нымад уыдысты «рæстæгмæцæрджытыл» – суанг амæй-ай мæгуыртæй дæр æнæбардæр æмæ цыбыркъухдæр. Тыхамæлттæй Созыр 1904 азы райдиан скъола бакаст, дарддæр йæ ахуыр ахæццæ кæна, уымæн та йæ кой скæнæн дæр нæ уыд – æмæ йæ фыдæн хæдзары куыстыты æххуысгæнæг ссис. Цыппар азы фæстæ йæм æфсадмæ фæсидтысты, фæлæ уый паддзахæн æфсæддон уæвыны бæсты равзæрста абырæджы цоппайаг цард. Уымæй йæ маст иста мæгуыр кусæг адæмæн хæрам æхсæнадæй, стигъджытæ æмæ гæртамхортæй. Цæмæн афтæ бакодтай, зæгъгæ, уæд Созыр загъта: «Мæ дыууæ хистæр æфсымæры бабын сты паддзахы æфсады. Сæ иу фæмард Японы хæсты, иннæ та службæгæнгæйæ зымæгон суазал – йæ уæлæ айдагъ цухъхъа йеддæмæ ницы уыд, – æмæ уыйадыл ахицæн. Мæн дæр хъазахъхъы æфсадмæ æрвыстой. Мæгуыр лæгæн-иу йæ хал афтæ арæх цæмæн схауд? Адæмæй уыцы хъуыддаг ныронг нæма ферох. Уымæн æмæ-иу, йæ бон гæртам фондз туманы кæмæн уыд раттын, уый хал-иу хæлттæ æппарæн асычча уæвгæ дæр нæ уыд».

Лыгъд лæджы царды хъизæмæрттæ Созыр иууылдæр бавзæрста, фæлæ йын уæддæр хъæумæ æнæ раздæхгæ нал уыд – йæ фыд фæзиан. Бинонтæн сæ иунæг дарæг кæй уыд, уымæ гæсгæ «абырæгæн» хатыргонд æрцыд æмæ йæ æфсадмæ нал акодтой.

Зын, тыхст æмæ сау рæстæджытæ скодта адæмыл. Фыццаг уырыссаг революци састы бынаты баззад, хæдхæцæг паддзахад йæ маст æгъатырæй иста. Уыцы дуг историйы баззад куыд «Столыпины реакцийы азтæ». Цæгат Ирыстоны АССР-йы историйы кæсæм: «Терчы зылды хицауад стыр хъазуатонæй æххæст кодта хæдхæцæг хицаудзинады директивæтæ, комкоммæ Столыпины амындтытæ: «...ахсгæ къаддæр кæнут, фылдæр æхсгæ... кæмæ цы зондахаст ис, уый уал фæуадзæд æмæ топпы хъæлæсæй дзурæд». Революцийы чи архайдта, уыдоны фæдыл зылдысты, æгъатыр карзæй сæ æфхæрдтой: ахæстæттæ байдзаг сты, бирæты Сыбырмæ ахастой. Бынтон æвадат сси, зæхх кæмæ нæ уыд æппындæр, стæй æрмæст гæппæлы хицау чи уыд, уыдоны цард. Æндæр гæнæн сын нал уыд æмæ зæхх хаццоны (аренды) истой. Цæголты Георгий, зындгонд поэт æмæ публицист, фыста: «Хаццоны хъуыддаджы сæхи фæтъыстой æхсæны лæгты хуызы алы хъæздгуытæ, кулактæ æмæ дуканиты хицæуттæ. Æхцаджын уыдысты ацы хæлуарджытæ æмæ æппæт мадзæлттæй дæр архайдтой хаццон зæххытæ сæхирдыгæй фæкæныныл. Фæллойгæнæг, хъуæгтæййафæг адæм цыдысты хæлуарджытæм, уымæн æмæ сæ зæхх хъуыд. Уый нæй, зæгъгæ, уæд дæ хуыздæр хос – сыдæй амæлын. Хæлуарæг та зæххы аргъ сæрзилæджджын бæрзондмæ стардта».

Георгий æмткæй ныв кæны уæды царды уавæртæ, мæнæ Созыры æмзæххон æмæ æмбай, адæмон ахуыргæнæг Гарданты Михал та комкоммæ хицæн бинонты цард æвдисы: «Кулачы фарсмæ йæ боны фыддæртæм æрцыд хъæуккаг мæгуыр лæг. Цæры мæнгуд къаннæг хæдзары, йæ сæр хъæмпæй кæнæ фыхдурæй æмбæрзт. Зæхбын. Пец дзы нæй. Хæдзары астæу артдзæст, хъылма фæздæг цæстытæ къахы. Цар нæй, къулты хуынчъыты дымгæ къуыззитт кæны – уый ма сæ хизы фæздæг æмæ æнуд смагæй, уæддæр сæ халагъуды сулæфæнтæ нæй. Уымæл æмæ чъизи у сæ цæрæн, мæрдон тæф былтæ цæвы. Хуыссæнты бæсты зæхбыныл цыдæр хæррæгътæ æппæрст, сæ мидæг æддæгуæлæ хуыссынц сабитæ, боны дæргъы æвæгæсæгæй, уымæн æмæ сын

сæ ныййарджытыл кулаччытæ æфсондз бафтыдтой æмæ сæ хуым кæнынц быдырты. Хæдзар – сыстбадæн. Сабитæ æнæхсад, чъизи, сæ уд ма халыл хæцы – афæдзгæйттæ урсаджы хъæстæ нæ фæвæййынц. Мæнæ хъæуккаг бæгънæг, гæвзыкк лæджы хæдзары дзаумæттæ: хъæдын къæрта, къустæ, уидгуытæ æмæ цæнгæт аг артдзæсты сæрмæ рæхысыл ауыгъдæй. Афæдзæй-афæдзмæ мæгуыры минас бæрæгбонæй, къаты бонæй нартхоры кæрдзын, цæхх æмæ дон...»

Кæй зæрдæ нæ бадуддзæн ахæм нывæй! Æмæ уыцы æлгъыстаг царды уавæртыл фыссы Созыр дæр – фыссы поэзийы кæрдаг æвзагæй, фыссы, – æмæ сæйрагдæр уый у, – адæмæн сæхи куырыхон æвзагæй. Куыд алы æцæг фыссæджы сфæлдыстады, афтæ Созыры уацмысты дæр царды æцæгдзинад æмæ аивады æцæгдзинад баиу сты æмæ сæ иумæйаг тæмæнæй царды фæзындтæ, царды бындурон уидæгтæ срухс кодтой, сайд æмæ дзы мæнгæй, хи ирхæфсыны дзæгъæл зæрдæвæрæнтæй дзы цы ис, уыдон сæргом кодтой æмæ адæймаджы раз тызмæг рæстдзинад сысты, йæ туг ын æхсидын кæны.

Поэтæн йæ зæрдæ куыд нæ къахтой йæ адæмы мæгуыр цард, æфхæрд кæй у æмæ йын йе 'фхæрæгæй æгъдауæй æмæ закъонæй йæ маст райсæн кæй нæй, уый. Фæлæ йын æппæтæй хъыгдæр уый уыд, æмæ лæджы ном ссæст кæй цыд, йæ фарн ын хъæздгуытæ сæ къæхты бынмæ кæй æртардтой. Йæ ном ын худинаггаг кæй кæнынц, былысчъилæй йыл кæй худынц, лæджы намыс ныллæг кæй кæнынц. Уыцы æгæрон мастæй райгуырдысты æмдзæвгæтæ «Ци зæгъон?», «Мæтъæл», «Цæмæй къуру дæн», «Цæун»,. «Сæнттæ», «Кувдгæнгутæн»...

Йæ уыцы мидуавæр хорз æвдыст цæуы æмдзæвгæ **«Сæнттæ»**, зæгъгæ, уым:

*Хъалæн мæгур ци хæстæг æй, –*
*Гъома хуссун сæ хуаси,*
*Омæй цума мæ хæссæг æй, –*
*Æ дзурд хезуй мæ фарси.*
*Косуй ми хъал æртæсунбæл,*
*Еруй цъухæй рæуæнттæ.*
*Ковун æз дæр мæ мæлунбæл,*
*Дзорун тухстæй мæ сæнттæ.*

Фæлæ Созырмæ разæй æнхъæлмæ каст ног фæлварæнтæ. Райдыдта Фыццаг дунеон хæст, æмæ йæм æфсадмæ фæсидты-

сты. Афæдзмæ æввахс фæцис «Ирон фистæг бригады» рæнхъыты. Æвæццæгæн æмæ хæстæгмæ уæд базонгæ большевиктимæ, сæ хъуыдытæ æмæ сын сæ ног царды сæраппонд тохвæндтæ арф айста йæ зæрдæмæ, хæст кæй сæрыл æмæ кæй хъуыддæгтæ хъахъхъæныныл цæуы, уый бамбæрста æмæ паддзахы æфсадæй алыгъд. Хæтæнхуаг цардæй цард Львовы, Бродты, афтыд Эрзуруммæ. Комкоммæ хæсты кой йæ уацмыстæй никæцыйы кæны, уæдæ цæмæн алыгъд хæцæг æфсадæй, уый тыххæй дæр æм иу рæнхъ дæр нæй, æрмæст йæхи дæр никуы рæстытæ кодта æмæ фæсмойнаг дæр нæ уыд. О, комкоммæ уыдæттыл нæ фыссы, фæлæ хъæстаг у æнæрайы хъысмæтæй:

*Мæ раттæг изæдæн ци тæрегъæд федун,*
*Тæрегъæд федунмæ ци рантæстæн?*
*Мæ райгурæн бæстæй изолти ку ледзун,*
*Мæ уарзон æнгартæй ку бартæстæн.*
*Æнахур адæмбæл мæ зæрдæ нæ даргæй,*
*Сæ хæццæ ку цæун алкумæ дæр.*
*Мæ райгурæн бæстæ мæ зæрди æфтаугæй,*
*Æ уиндæй ку тæрсун ардæмæ дæр.*

(Æмдз. **«Ледзæг»**)

Цы ныхмæвæрддзинæдтыл амад у ацы æмдзæвгæ: иуæй, йæ райгуырæн зæхх æгæрон уарзтæй уарзы, иннæмæй та дзы тæрсгæ кæны. Афтæ поэт фæдыууæзæрдæ, схъуырдухæн йæхимидæг. Кæд йæхи цард, йæхи хъысмæт ницæмæй тæхудиаг æмæ бæллиццаг сты, уæддæр æй, æфсады чи баззад, уыцы æмбæлттыл мæт æвдæрзы. «Ирон фистæг бригад» уыд Грознамæ хæстæг. Воздвиженскы слабодкæйы. Йæ хъустыл æрцыд, æфсæддонтæ сыстадмæ кæй цæттæ кæнынц сæхи, уый, æмæ бынтон скатайаг. Йæ дардмæуынаг зондæй йæ базыдта, сæ сыстадæй кæй ницы рауайдзæн, æрмæст «сæхи стыр бæллæхты амæддаг кæй фæкæндзысты, уый æмæ сæм йе 'мдзæвгæ **«Æмбæлттæм»**, – сыстады хæдразмæ йæ ныффыста, – зæгъгæ, уым сиды: *«Ирон тогæн ходуйнаг æй Хæлæф кæнун, нæ бæлсун, – Ба-нæ уагътæ æмхузонæй Æд æмбæлттæ исистун»*.

Фæлæ йæм не 'рыхъуыстой сыстады амидингæнджытæ. Ирыстоны алы кæмттæй сæм дзырддзæугæдæр хистæртæ, сæ сæргъы Байаты Гаппо, афтæмæй бацыдысты, æрхатыдысты сæм, фæлæ уыдонæн дæр ницы ком радтой. Грознайæ сын сæ ныхмæ

ӕрбатардтой дыууӕ батальоны фистӕг ӕфсад ӕмӕ бӕхджынты иу полкъ. Уыдон бригадыл ӕрхъула кодтой ӕмӕ ӕнӕхӕцӕнгарз ӕфсӕддонты ӕхсын байдыдтой, бирӕтӕ дзы фӕмард сты. Созыр сӕ ном ссардта йе 'мдзӕвгӕйы – **«Мард ӕмбӕлттӕн»**: *«Хорагор надбӕл цудайтӕ Рӕстдзинади ӕдӕрсгӕй...»*

Стыр Октябры революци кӕй ӕрцыд, уый Багъӕраты Созырӕн афтӕ ӕхсызгон уыд, цыма йӕ рагон бӕллиц мӕнӕ кӕдӕй-уӕдӕй сӕххӕст. Уӕдӕй амондджындӕр никуы уыд. Цы уацмыстӕ ныффыста уыцы рӕстӕг – «Чырыстонхъӕу», «Комуадзӕн», «Уалдзӕг» ӕмӕ ӕндӕртӕ, – уыдонӕй йӕ цин ӕнхъӕвзы, ӕгӕрон у йӕ зӕрдӕйы бӕрӕгбон, фӕлӕ дзы уыимӕ мидсагъӕс, мидмӕт дӕр ис: куы фӕсыкк уа, ӕгӕр цыбыр куы разына йӕ дуг ацы амондӕн. Уымӕн ӕмӕ уый ахӕм стыр хорздзинад, афтӕ ахсджиаг ӕмӕ цардахадгӕ уыд, ӕмӕ лӕджы, фын нӕу, уый нӕ уырныдта. Уыйбӕрц саумылазон бонты фӕстӕ ахӕм егъау хур скӕсӕд ӕмӕ ма фидӕн дӕр афтӕ срухс кӕнӕд, афтӕ зӕрдӕрайгӕ йӕ скӕнӕд!

Фӕлӕ иу хъуыддаг фидарӕй зыдта Созыр: амонды сӕрвӕлтау хъазуат тох амайын хъӕуы, йӕ сойджын цардӕй чи фенӕхай, уыдон ӕнцонты сӕ гӕрзтӕ не 'рӕвӕрдзысты. Ӕмӕ стыр зӕрдиагӕй ӕхсӕны царды, политикон хъуыддӕгты архайы, куыддӕр парти «Кермен» сарӕзтой, афтӕ бацыд йӕ рӕнхъытӕм. Рагӕй дӕр хӕстӕг зонгӕ уыд разагъды революционертӕ, парти «Кермен»-ы бындурӕвӕрджытӕ Цӕголты Г., Гоститы А., Къесаты К., Гибизты Д. ӕмӕ иннӕтимӕ. Уӕдӕ уыдоны ном ардзӕн йе 'мдзӕвгӕ **«Зӕрватыччытӕ»**-йы дӕр, ӕндӕр уӕдӕ кӕй. Афтӕ фӕлмӕн ӕмӕ рӕвдаугӕ хъӕлӕсӕй уымӕй размӕ никуы дзырдта – уый уарзондзинад, – ӕцӕг фарнхӕссӕг лӕгтӕ – зӕрватыччытӕм уарзондзинад, – сдзырдта йӕ рады. Ӕмӕ поэт ууыл дӕр ӕргом сӕтты, зӕрватыччыты ӕвзаг ӕххӕст дзӕбӕх кӕй нӕма ӕмбары, фӕлӕ *«Нӕ уалдзӕгӕн йе 'рхӕсгутӕн ке бӕзтӕнцӕ сӕ фӕндитӕ, Нӕ зонгӕй дӕр бӕрӕг адтӕй мӕ зӕрдӕн»*.

Фырнымд у поэт, ӕндӕр куыд не 'мбӕрста большевиктӕ-керменистты ӕвзаг, аллегорийы хуызы йӕ кӕд зӕрватыччыты ӕвзаг хоны, уӕддӕр. Поэтӕн йе 'нкъарӕнтӕ, йӕ зӕрдӕ разӕй цӕуынц, цалынмӕ уӕззау зонд исты скӕрды, уӕдмӕ уый алцыдӕр йӕ къӕрцхъус зӕрдӕйӕ ӕнӕфӕгӕды ацахсы ӕмӕ бамбары.

Æмæ уымæн афтæ зæгъы Созыр дæр: «...бæрæг адтæй мæ зæрдæн».

Æнкъарæнтæ хъуыдыйы агъоммæ, зæрдæ зонды разæй – уый у Багъæраты Созыры æппæт сфæлдыстады æнæфæивддзаг хицæндзинад æмæ йæ алы уацмысы дæр бæрæг дары. Иннæ цымыдисаг хъуыддаг та уый ис схонæн, æмæ йе ‘нкъарæнтæ сонт æнæрхъуыды нæ вæййынц: йæ зæрдæ æфсарм æмæ зондæй хъулон хайджын у – царды сфæлтæрдта, фыдæбæтты бахсыст æмæ уымæн йæ фыцгæ маст дæр фæткау фидауы.

Йе ‘ппæт цард æмæ сфæлдыстад, йæ поэты æнæмæнг курдиат дæр уымæ æрхуыдта Созыры, цæмæй революцийы зарæггæнæг æмæ сæрхъуызой суа. Комвæдис нæ – дзыллон фæдисмæ сидынц йе ‘мдзæвгæтæ «Сидт» æмæ «Фæдис»-ы æхсарæй дзаг рæнхъытæ.

Бирæ, æнæкæрон бирæ зындзинæдтæ федта, сау хъизæмæрттæ бавзæрста йæ цæугæ царды поэт, фæлæ мидхæсты заман йæ райгуырæн бæстæ куыдæй æрæййæфта, уыцы бæллæх æмæ дзы судзгæ маройæн æмбал нæ уыд. Уыцы цауы тыххæй Киров афтæ фыста: «...Ирыстоны афæлдæхт советон хицаудзинады фæстаг цæджындз. Дыгуры бæстæ фæйнæрдæм фæхастой, ныддæрæн æй кодтой, ныссæстой йæ, зæххы уæлцъарæй йæ фесæфтой».

Уынгæджы бон скодта поэтыл, фæлæ уый йæ маст йæ зарæджы бавæры, йæ цæссыгæй йæ рæнхъытæ цæхсы, æмæ уымæн дудгæ свæййынц, уымæн фæарауынц, кæд ныр дæр та Созыр, комкоммæ йæ адæмыл цы трагикон бæллæхтæ æрцыд, уыдоныл нæ фыссы, уæддæр. Нæ, искæй зианы йæхионыл нæ кæуы æмæ йæ зæрдæйы тыппыртæ нæ уадзы – адæмы уарзон хъæбул фæмард знаджы къухæй, æмæ ууыл цы судзгæ цæссыг згъалы, уый, йæ зæрдæйы йæ адæмы маст кæй сцæнд, уырдыгæй гуыры:

*Фæммардæй, бафедгæй*
*Нæ къуари ихæс;*
*Игъусуй, дзиназгæй,*
*Йæ къæун гъæлæс.*

(*Æмдзæвгæ* ***«Рæмонти Хадзимæт»****).*

Ирыстон урсгвардионтæй куы суæгъд æмæ фæстæмæ советон хицаудзинад куы æрфидар, уæд та поэты зæрдæмæ хур ныккаст, ноджы тынгдæр æй бауырныдта, ног царды рæзт къуыхцытæ кæндзæн, фæлæ йæ бауромæн кæй нал ис, уый. Зæрдæйы

цин раивылд йæ уацмыстæм. Фæлæ поэт цины уацары куы бахауы, уæддæр куырм дæр нæ кæны æмæ уæзхъус дæр не свæййы. Уый нæ, фæлæ ма цырддзастдæрæй æмæ къæрцхъусдæрæй фæкæсы æмæ фæхъусы йæ алыварс цæугæ-нæргæ цардмæ. Æмæ Созыр, уæлдайдæр та цытджын фæтæг Ленины мæлæты фæстæ, хатын райдыдта, йæ зæрдæйæн масты хос чи уыд, ахæм хъуыддæгтæ æмæ хабæрттæ. Нæ, уыдæттæ Ленины фæдзæхстытæм гæсгæ арæзт нæ цыдысты.

Скатайаг. Фæлæ кæй бафæрса, кæмæн раргом кæна йæ мидутæхсæн? Йæ уарзон, йе стыр æууæнчы адæмæн сæ фылдæр æгас нал сты: Цæголты Георгий, Къесаты Колка, Гибизты Дебола, Гоститы Андрей... Сæ тохы æмбал Тогойты Данел та йæхæдæг дæр лидзæг фæци йæ райгуырæн хъæуæй (цæмæн афтæ бакодта, кæй æмæ цæй азарæй, уый абон дæр бæлвырд нæма у. – М. В.) «Цæмæн ледзис?», зæгъгæ, уыцы æмдзæвгæйы Созыр дзуры Данелмæ: «Мах лæгæтти ку цардан. Æрхунæй дзи ку мардан, Уæд ку бухстæ. Сæр цæгæтти ку зилдæй, Калми бæрцæ ку хилдæй Рехи систæ... Уæд не хæстæ ку фистан, Дæу нифси фæрци ку ‘ссан Æнæ федис. Нур хæлаурти мæстæй Ду дæ райгурæн бæстæй Цæмæн ледзис?»

Цъаммар æмæ тыхджын уыдысты, æвæццæгæн, уыцы «хæлуарджытæ», кæд æмæ сæ Тогойты Данел, Данел йæхæдæг – хъæбатырты хъæбатырдæр – лидзы, сæргой сæ фæцис, уæд. Æмæ уæддæр чи сты, цымæ, уыдон? Цæй мидæг ис сæ тасæфтауæг тых? Цавæр рынæмхиц цъаммартæ сты?

Ацы фарстатæн дзуапп Созыры æндæр æмдзæвгæты ссарæм – йæ царды фæстаг азты сæ ныффыста (бирæтæ дзы ныронг мыхуыры нæма рацыдысты). Бæрнон бынæтты чи сбадт фæстæдзæгæй, йæхи куыд фæнды, советон хицаудзинад афтæ чи æмбары æмæ дзы йæ хæрам хъуыддæгтæ æмбæхсынæн æнæкъахыр уарт чи сарæзта, уыдоны хоны Созыр маргæйдзаг хæлуарджытæ. Коммæ уыдоны тыххæй фыста В. И. Ленин дæр: «Историйы мидæг иу арф æмæ тыхджын адæмон архайд дæр нырма æнæ чъизи фынк нæма уыд, – æвæлтæрд амидингæнджытыл цъулбертау чи ныддæвдæг вæййы, æнæ ахæм авантюристтæ æмæ фæлитойтæ, хиппæлойтæ æмæ цъиах-цъиахгæнджытæ, æнæ хæлбурцъ, сæртæг, дзæгъæл змæлд æмæ хицæн «фæтæгты» фæлтæрæнтæ æмбойны 20 хъуыддаджы сæргъы æрлæууын æмæ дзы иу дæр кæронмæ ма ахæццæ кæнын».

Поэты æнкъард зæрдæ сцоппай. Рæстдзинад æфхæрд кæм æййæфта, ахæм царды уымæн уæлдæф нæ фаг кодта, йæ маст фыхт, æгъатыр уыд рагæй дæр йæ дзырд, йæ тох рæстдзинад æфхæрджыты ныхмæ, лæджы ном сафджытимæ. Æмæ уымæн уыд тызмæг æмæ æнкъард, æмæ уымæн уыд иунæг – йæ тугхæстæджытæ дæр дзы сæхи феддæсон кодтой, æцæгæлон сæм каст йæ удысконд, йæ зæрдæйы ахаст. Уый йæхи гуылы бын арт никуы бандзæрста, адæм мæстаг уой æмæ уымæн та йæ къæбæр йæ хъуыры лæгъзæй цæуа – нæ, уымæн уæвæн нæ уыд. Ног царды знаг – йе знаг, партийы хъуыддаг цæсты чи æфтыдта – йе 'нæуынон, чи фæнды дæр уæнт, цыфæнды бæрзонд дæр бадæнт. Созыр хурмæ хæссы дыдзæсгом, гæртамхор, бынатылмард партион разамонджыты хабæрттæ; адæмы стигъгæйæ йе 'фсарм чи ауæй кодта, ахæм базарадон кусджыты сау митæ. *«Компартий сæрдар! Ду рæсугъд дзоргæй, Цардмæ нæ хонгæй Гъуддаг гъолæнттæ Цæмæн кæнис?»*

Йæ зонды, йæ лæгдзинады, йæ адæмон миниуджыты фæрцы нæ, фæлæ лæгдыхæй æмæ дзæгъæл дзæнгæдайæ йæхицæн фæндæгтæ чи лæгæрды, уыдоны зынг дзырдæй судзы:

*Дæ дæллæй, дæ уæллæй кæд лæгъузтæ цæруй,*
*Де 'ннæ дууæ фарсеми – сайтантæ.*
*Фæсмонгонд фæуyæнтæ, кадæр дæ æфхуæруй...*

(Æмдз. **«Фудхуз лæг»**)

Хицæутты нæмттæ хæссæг быдзæутæ куыд хъуамæ ныббарстаиккой æргомдзырд поэтæн, кæй сæ нæ тæрсы, кæй сæм уæнды, уый. Æмæ дзы сæ маст истой, уæззау рынчын кæй у, уый дæр сын сæ сау зæрдæтæ нæ фæтасын кодта. Сæрмæтæн йæ фыстæджытæй иуы хъусын кодта (уырыссагау æй фыста): «Ввиду того, что некоторые даже из старых партийных работников не стали признавать мою прошлую активную работу, которая разъясняется вами (ома газеты кусджытæ – М. В.), – шлю к тебе оставшиеся у меня документы для приложения к моей биографии». Алы æфсæнттæй йын пенси дæр нæ радтой, Созырæн та йæ бон кусын нал уыд: йæ рæуджыты низ ыл стыхджын æмæ æруатон. Бинонты дарæг уыд æмæ ныр сæ царды фыддæртæм æрцыдысты. Сыхбæстæй йæ къух кæмæн куыд амыдта, афтæ сын æххуыс кодтой. О, бинонты тыхст уавæр æмбæрстой. Фæлæ сæ цæстыты раз, Ирыстоны културæйæн

номгæнæг адæймаг кæй тад, уый та бирæтæ, хъыгагæн, не ‘мбæрстой. Кæмæ хъардта уыцы хъуыддаг, рагагъоммæ дæр, Созырмæ цы цыт æмæ кад æрхаудзæн фидæны, уый чи зыдта, ахæмтæ дæр уыд адæмы æхсæн. Уымæн æвдисæн Мамайты Михалы писмо Къосираты Сæрмæтмæ: «Сæрмæт! Йæ арт кæмæн æрмынæг, уыцы вулканы фæстаг фæллæйттæ дын æрвитын. Тынг хъыг у, фæлæ цы гæнæн ис... Æз цы мызд исын, уый нæхиуыл дæр не ‘ххæссы. Фæлæ сымах та, сымах! Фæсмон ма кæндзыстæм, æрмæст нын байрæджы уыдзæн».

Созыр лæмæгъæй-лæмæгъдæр кодта, нынкъард, цард æм дзæгъæл фыдæбон кæсын райдыдта, фидæнæй йæм рухсы цъыртт нæ зыны. Хъарутæ асастысты, зæрдæ бафæллад. Æмæ уый иууыл æгъатыр низы аххос нæу, æрмæст уый нæу йæ уæнгмарæг æмæ ныфссæттæг. Созыр-иу тарсти – æмæ йын уый низæй æвирхъаудæр уыд – советон хицауадæй адæм куы фæфыдæнхъæл уой, уымæй – уый йæ куыд æмбæрста, уый йыл цæй тыххæй зарыд æмæ æцæгдзинадæй та цы уыдта, уыдон кæрæдзийæ цыма дарддæрæй-дарддæргæнгæ цыдысты, афтæ йæм касти, æмæ йæ дызæрдыгтæ, йæ удхайраг хъуыдытæ бавæрдта йæ фæстаг æмдзæвгæтæй иуы – **«Æфхуæргутæн»**: *«Нур мæ мард æнæвард Цæмæн изайуй?.. Уæ гъæла мæмæ кард Цæбæл исласуй?»* Ам нæры фыдохы хъæр, трагедийы тызмæг уынæр дзы хъуысы. Пехуымпарау цыма фидæны цард уыдта, сомбоны цаутæ уыдта, уыйау тарсти поэт, йæ рæстæджы цы адæймаджы тип фæзынд, уымæй. Уыцы ног адæймаг хицауады цæстмæ æмæ ардыдæй йæ ныййарæгыл дæр, йæ мады зæнæгыл дæр нæ бацауæрстаид. Йæ ныхæстæ – раст, йæ зонд – галиу, йæ ныхæстæм гæсгæ адæмы сæрхъуызой, йæ хъуыддæгтæй – адæмы цыфыддæр знаг. Мæнæ ацы рæнхъ «Уæ гъæла мæмæ кард Цæмæн исласуй?» Созыр раздæр куы ныффыстаид, уæд, кæй фæрсы, уый уайтагъддæр базыдтаиккам: хъæздгуыты, æлдæртты, хæдхæцæг паддзахады. Ныр та йæм кардæлвæстæй кæй æдылы лæбуры, уый кæй ардыд у, стæй, æппынфæстаг, цæмæн сæдылы?

Поэт фарста æвæры, зондджын адæм та йын сæ алыварс царды уавæрты дзуапп бацагурæнт... Æрцæуэдзæн бон, æмæ Созыр нырма æрмæст йæ ауон кæмæн ауыдта, уый лæггад кæндзæн йæ хицæуттæн, дзырд хæсдзæн, мæнгæвдисæнæй æрлæудзæн тæрхондоны, нæ хуыздæр адæмы нын зæрдæйы дзæбæхæн удхарæй мардзæн ахæстæтты...

Созыры сидт фехъуыста Сæрмæт æмæ æвæстиатæй йæ цуры балæууыд – йæ бон цæмæйдæриддæр уыд, уымæй йын æххуыс кодта. Ныр дæр æмæ уымæй размæ дæр: уый бацæттæ кодта æмæ рауагъта поэты зындгонд чиныг «Зæрдæйы дуар», йе 'мдзæвгætæ йын мыхуыр кодта «Рæстдзинад»-ы, фыццаджыфыццагдæр Сæрмæты руаджы базыдтой ирон адæм сæ поэт Багъæраты Созыры.

Йæ фæстаг сулæфты онг бузныгæй баззад Созыр йæ хæрзгæнæгæй, йæ иузæрдион хæларæй.

«Хуæрзбон, Сæрмæт! Нур, æнгъæлдæн, æрхæццæ 'й мæ мæлæт. Ка 'й зонуй, кæрæдзей ку нæбал фæууинæн. Дæуæй цæун мæрдтæмæ аразийæй. (Мæ бон нæбал адтæй, омæ гæсгæ аци дууæ æндзæвгемæй æндæр нецибал бакустон, некæми неци ниуугъуагъто(н. Мæ зунд мæхемæ 'й. Фæсауу(онмæ дæ мæ хъури кæнун, мæ цæстисуг калгæй, æнсувæри адæ мин ду равардтай. Созур. 7 апрели (1928 анз).»

Алы стыр поэт дæр йæхи поэзийы дуне саразы. Ацы ныхæстæ Созырмæ дæр хауынц. Бирæ цыдæртæ нырма бæрæггонд нæма сты йе сфæлдыстады, йæ поэзийы стыр дунейы. Фæлæ йын кæронмæ дæр базонæн нæй, кæронмæ дæр ын бамбарæн нæй – æцæг поэзийы уыцы миниуæгимæ нæ сразы уæвын хъæуы. Уымæн æмæ æнусты цæрæццаг уый тыххæй свæййы.

Тæхудиаг цардæй нæ цард Багъæраты Созыр. Тæхудиаг цардæй цæры æмæ цæрдзæн йæ поэзи.

***Малиты Васо***

* * *

Ирæттæй бирæ уыдис æмæ ис зынгæ æмæ курдиатджын фысджытæ æмæ поэттæ, фæлæ Созыры хуызæн, йе сфæлдыстад кæрæй-кæронмæ дæр бынтон революцион кæмæн уыд, ахæм дзы нæма уыд. Уымæ гæсгæ тынг зæрдиагæй æркæсын æмбæлы, 1928 азы 9 июлы ингæнмæ чи ныххызт, уыциу рæстæджы поэт дæр æмæ революционер дæр чи уыд, уымæн йæхимæ дæр æмæ йе сфæлдыстадмæ дæр.

***Гæдиаты Цомахъ***

* * *

Йæ зондæй тынг арфмæ хъуыста æмæ Æхсынтты зæлангау дзуаппы зæланг лæвæрдта царды алы хъуыддагæн дæр. Ирон

фысджытæй бирæ нæ разындзæн, Созыры хуызæн чи бафæрæзтаид цард алы æууæлæй дæр равдисын, сæргом кæнын.

Нæ, уæвгæ та царды æппæт æвдисынмæ ныр бавнæлдтой. Фæлæ уыцы куыст чи кæна æмæ кусæг адæмы тохы фæндагыл чи цæудзæн, уыдонæн та сæ раздзæуджытæй иуыл, æнæмæнгæй, нымад уыдзæн Багъæраты Созыр.

***Къосираты Сæрмæт***

* * *

Созыр йæ цард, йе сфæлдыстад æнæхъæнæй дæр снывонд кодта революцийæн. Уый у ахæм поэттæй, йæ литературон куыст æмæ цардвæндаг иу кæмæн сты, йæхи дуне æмæ æхсæны хъуыддæгтæ æнгом чи бабаста.

***Ардасенты Хадзыбатыр***

* * *

Багъæраты Созыр мæ зæрдæйы ныууагъта арф фæд. Уый, æнцон тæлмацгæнæн чи у, уыцы поэттæй нæу... Уый у тынг адæмон, æцæг социалон поэт, йæ чысыл формæтæ сты бæрзонд эпикон.

***Михаил Синельников***

* * *

Берæ нæуæгдзийнæдтæ æрбахаста Созур ирон æндзæвги арæзтмæ. Берæ фæгъгъæздугдæр кодта строфай хузти арсенал. Есимæ дистихтæ, катрентæ, секстинæтæ, астрæнгъон æма ма 16-рæнгъон строфатæ дæр.

***Тетцойти Таймураз***

# СОЗЫРЫ СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆЙ

## ТÆЛÆТГÆНГУТÆ

Зæнхиуарæг уин адтæн...
Мизд агорæг уин адтæн,
Æрвæнстайтæ мæ кустбæл,
Исистайтæ мæ ухстбæл.

Уæ орс бицъо фæззиндтæй –
Нæбал гъудтæн уæд уе ‘хсæн.
Нæуæг дуйне æрзилдæй,
Хуæрзгæнæгæн – зæрдрессæн,

Ку бахастайтæ уæ гъаст, –
Ку рахъал айтæ фунтæй,
Мæн хæдзæрттæй уæхæн маст
Исистайтæ сæ бунтæй.

Фал ой фæсте уин уæддæр
Ку фæттагъдæй уæ орс сæр,
Уæд иссайтæ нæхецон,
Цæстфæлхатæг, фæдесон.

Уæ рагон маст нæ тайуй,
Мæ хъалон уин – æрхи тас.
Æрдæгмардмæ нæбал уй
Лæги хъаурæ, лæги тас.

*24 анзи 26 янв.*

## ХЕЦАУ

Нæ нури хецау
Æнæдæнд урсау
Цæмæн исхъал æй?
Седзæргæс осау
Къæбæрæнгъæлдзау
Некæмæ бал æй.

Нæ сæргъи бадæг
Æ сæри магъзæй
Хъуæлти ку гъазуй.
Лæгъуз иуазæг
Фусумти харзæй
Отæ фæгъгъазуй.

Нæ нури хецау
Æнæдæнд урсау
Хевæндæ уарзуй.
Цæмæн фæссемуй,
Цæмæн фæууомуй,
Ци бaниуазуй?

*1926 анзи 24 окт.*

## НИФСГИН

Лæг, дан, æ нифсæй æй, –
Æмбурди уæ бартæ
Агорæ ду дæр.

Гъуддаг гъæлæсæй æй,
Æмбурдмæ гъæлатæ
Æрхонæ фулдæр.

О син кæнгæ фиййау, –
Æлгъетæ дæ мади,
Ходæ син хе-хе...

Гъæрзгæ хæсгæ хуййау,
Цардæн дæр æ цади
Æвдолæ дæхе.

## РÆСТДЗИНАДÆ

Æз агурдтон рæстдзинадæ,
ма ‘ймæ зæнхæмæ цæун, —
фал ци? Нæ кæнун зинадæ,
уæддæр зæнхи дæр гъæун.

Гъæстаг-мæстаг нæ хестæртæ.
Пъурай калм дæр фæццæруй.
Кæд нин телунцæ се ‘фсæртæ,
уæддæр дортæ æгъзæлуй.

Кæд нин не ‘схæссæг — нæ мадæ
йе ‘хсир калуй æ реутæй,
уæддæр сирд сирдæн æрвадæ —
фонсæн гъазуй сæ уодтæй.

Рæстдзинадæ, рæстдзинадæ!
Уотæ дзоргæй æз мæлун,
фал седзæрти хор, ци ‘рбадæ?
Цæмæн сæ уадзис сæлун?

*1925 анзи декабри 20 бон*

ДАУЫРАТЫ Дамир

# КАЛМ ÆМÆ БИРÆГЪЫ ТЫХХÆЙ

*Алы хабæрттæ*

Мæнæ дæлдæр цы хабæрттæ бакæсат, уыдон сфæлдыстады цавæр хуызмæ хауынц, уый мæхæдæг мæхицæн дæр нæма сбæрæг кодтон, фæлæ сæ, æвæццæгæн, мысинæгтæ схондзынæн.

Мæхи, цуанæтты æмæ æнæзонгæ адæмы мысинæгтæ.

Калм æмæ бирæгъы тыххæй.

Æрыгон ма уыдтæн, афтæ мæ, мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы, цæмæндæр бафæндыд уыдоны тыххæй фылдæр зонын, мæ хъус æрдардтон, адæм сæ цы дзурынц, куыдæй сæ мысынц, уымæ, куыдфæстæмæ-иу мæхæдæг ныхаскъахæг дæр разындтæн, мæ зæрдыл сæ бадардтон, æдзухдæр мæм цымыдисаг кастысты уыдоны царды æнахуыр миниуджытæ. Уæдæй фæстæмæ цыдæриддæр фехъуыстон, уыдон уал азы фæстæ æрæджы фыццаг хатт гæххæтты æвджид бакодтон... Цы мын дзы рауад, уымæн та дæхæдæг аргъгæнæг ныллæу, мæ кæсæг...

## Фыццаг хай

# ТУАЦЪÆЙЫ СУАДОН – МÆ ТÆРСÆН БЫНАТ

Куы цæрын, уæдæй абоны онг мæнæ æцæг тарст, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм фæкодтон... дыууæ хатты.

**Фыццаг хатт – калмæй.** Мæ хъæу Хуымæллæджы фале Туацъæйы суадæттæ махæн, амы кæройнаг уынджы бæгъæмсар æмæ бæгъæввад сабитæн, сæ удлæууæн бынæттæ уыдысты. Иуæн дзы иннæ суадæттæй хъауджыдæр уæрæхдæр донвæд уыдис æмæ йæ рагæй-æрæгмæ дæр адæм Даргъдонуайæн хонынц.

Гъе раст уыцы ран-иу мах рагуалдзæгæй суанг фæззæджы кæронмæ æрвыстам нæ рæстæг, уæрджытæм уазал доны надтам нæхи, нæ уынджы не 'мгар чызджыты курдиатмæ гæсгæ сын амы былгæрæтты тыдтам дидинджытæ, нæ ныййарджыты фæдзæхстмæ гæсгæ та битъынатæ зымæгон цайæн, ам-иу устытæ куадзæны агъоммæ сарæзтой чъиријæгтæ æхсæн бæрæгбон. Уæлбыл-иу сæ райтыдтай даргъ кæттæгтыл хус кæнынмæ, быдырдзаутæ-иу ардæм фыццаг хортауæн бон рахастой се 'ртæ æртæдзыхоны æмæ бæгæныйæ дзаг дурын, омменгæнæг æмæ-иу сын аходæг та мах уыдыстæм.

Махæн-иу Даргъдонуайæн бацауазынæй хуыздæр мацы ратт. Сæрд-сæрды дæргъы-иу нæ белтæ хъамылты астæу æмбæхст уыдысты, колхозы хуымгæрон-иу сæ цыппæрдигъон нæуугытæ скъахтам, донвæды-иу сæ цæхгæрмæ рæнхъ равæрдтам, хæрдмæ-иу сæ кæрæдзийы сæрыл самадтам. Донвæды-иу кæсæгтæн дон ленк кæнынмæ нал фаг кодта, сæ катайы цъыбыр-цъыбур-иу уайтагъддæр райхъуыст æмæ-иу сæ уæд уидзыс ма – нал, уæлбылмæ-иу сæ æхстам хъазгæ æмæ худгæйæ, уыдон-иу уым кæрдæгыл гæппытæ кæнын райдыдтой, сæ иутæиу фæстæмæ донвæдмæ дæр æрысхъиудтой æмæ-иу уæд нæ дисы æмæ нæ цины хъæртæй быдыр байдзаг.

Мæнæ цы бон фæтарстæн, уæд цæмæндæр ауазынмæ фæзивæг кодтам, фæлæ нæхицæн фæйнæ байбыны равзæрстам, валергæсæгты хъомылдæртæ уым фембæхсынц, уый нын æнæзонгæ нæ уыд. Мæ цонг дзы ауагътон, иуыл дзы ныххæцыдтæн, фырцинæй йæ доны сæрмæ фелвæстон æмæ... Мæ

тæккæ цæстыты цур мын мæ цæсгоммæ лæбурдта дынджыр сæрджын калм, йе ‘взæгтæ арвæрттывдау стырындз сты, йæ сыф-сыф уæлæрвтæм хъуысыд. Хуыцау хорз æмæ йыл йæ сæрмæ хæстæг хæст фæдæн, йæ даргъ æрттиваг къæдзил та нырма доны хуылфы уыд...

Уауу, зæгъгæ, ма ныцъцъæхахст кодтон æмæ йæ мæ тых, мæ бонæй уæлбылмæ фехстон, стæй хъамылты æнцой донæй ралæсыдтæн, кæрдæгыл дæлгоммæ ахаудтон, хæкъуырццæй куыд мыл бахæцыд, мæ зыр-зыр цыд, цалынмæ мыл æрæджиау кæддæр ме ‘мбæлттæ не схæцыдысты, уæдмæ. Стæй сæ иу ауад æмæ мын донхæрисы къалиуыл ауыгъдæй уыцы цъæхсæр калмы мардæй æрбахаста, дæ маст, дам, дзы систам.

Уыцы бонæй фæстæмæ мæм цæмæндæр афтæ каст, цыма ныр æппындæр никуыыуал ницæмæй фæтæрсдзынæн. Рæдигæ кодтон...

Уый тыххæй дæлдæр бакæсдзыстут, ныр та уал мæнау калмимæ чи фембæлд, уыдоны мысинæгтæ, мæнæн цымыдисаг уыд, сæхи-иу куыд дардтой, цавæр æнкъарæнтæ сæм-иу сæвзæрд, цавæр хъуыдытæ, уый.

## *Цымытийаг Насхъидаты Руслан:*
## *«Æз иу калмæн йе ‘взæгтæ стыдтон...»*

– Калмы тыххæй цы зæгъдзынæн?.. Гыццыл лæппуйæ фæстæмæ сæ ахсгæ кодтон. Уæлдай мын нæ уыдис – маргджын уыдис, æнæмаргджын. Никуы сæ тарстæн. Æнæмаргджын – мæнæ бурхъус кæй хонынц, уый. Иннæ та – гадюкæ, уырыссагау æй афтæ хонынц. Æрцахстон-иу æмæ-иу дзы искæйы тæрсын кодтон. Уыдæттæ дæ хъæуынц?..

Иу хатт хохы уыдтæн Куырттаты комы, кæсын æмæ мæ къæхты хъæрмæ иу калм дуры бын фæмидæг. Æ-гъа, зæгъын. Уырдыгæй йæ йæ къæдзилæй раластон, мæнæ мæ цонджы дæргъæн уыдис. Маргджын. Стымбылтæ йæ кодтон æмæ мæ фыды æфсымæры лæппумæ дзурын:

– Рацу ма, мæнæ дын уæрццы æйчытæ ссардтон...

Æри-ма, æри-ма, зæгъгæ, цингæнгæ куы æрбазгъордта, уæд ын æз калм йæ къухмæ æрæппæрстон. Ай йæ хæрдмæ ныддыввытт ласта æмæ уæртæ лидзынмæ фæци. Гулиты хъæу зондзынæ. Уыцырдæм лидзы. Æз калм фæстæмæ æрцахстон, мæ

дзыппы йæ сæвæрдтон æмæ йын йæ бæрзæйыл ныххæцыдтæн. Лæппуйы фæдыл ацыдтæн, мæхиуыл æй æрæууæндын кодтон, хæстæг мæм куы æрбацыд, уæд та йæм æй равдыстон. Уымæ бакæсынæй диссагдæр ницы уыд!..

* * *

Æппæтæй стырдæр калм дæр федтон Куырттаты комы, Къадаты хъæуы. Иу метр æмæ æрдæгæй къаддæр нæ уыд. Гадюкæ. Сисы хуынчъы куыд фæцæйбырыдис, афтæ йæ æз йæ къæдзилæй æрцахстон. Тынг зын раласæн мын рауади, нæ куымдта, ныффидар дзы, фæлæ йæ уæддæр раластон. Нæ мады æмхæрæфырты ус мын кæрты афтæ зæгъы, йе 'взæгтæ, дам, ма йын слас. Æз ын йæ бæрзæйыл ныххæцыдтæн æмæ йын сæ мæнæ ацы дыууæ æнгуылдзæй стыдтон. Ус гæххæтт æрбахаста æмæ йын сæ уырдæм æрæппæрстон, тæлфыдысты ма. Цы сæ кодта, цæмæн æй бахъуыдысты, уый бафæрсын мæ ферох... Уый уыд фыццаг æмæ фæстаг хатт.

* * *

Быдыры Цымытийы цардтæн. Мæнæ Черная речка кæй хонынц, уыцы дон нæ тæккæ рæзты кæлы. Терк дæр нæм хæстæг уыд, фæлæ-иу уымæн йæ дон цæмæндæр арæх чъизийæ калд. Ай та гыццыл цæугæдон у, уæддæр дзы иу стыр арф мал уыдис, хъарм дон дзы уыд сæрд-сæрды дæргъы æмæ-иу уырдæм нæхи найынмæ цыдыстæм. Дæс азы мыл куы цыд, уæдæй фæстæмæ, цалынмæ скъола каст нæ фæдæн, уæдмæ. Бауырнæд дæ, Дамир, нæ бацыдмæ-иу уыцы сабыр доны сæр мах разæй хæфсытæ æмæ кæлмытæ уыд: уæлгоммæ хуыссынц æмæ хурмæ сæхи тавынц. Ме 'мбал лæппутæ-иу дуртæм фæлæбурдтой, фæлæ-иу сæ æз баурæдтон, зæгъын, ныртæккæ ма-иу кæсгæ кæнут. Сæрбынмæ-иу ныггæпп кодтон сæ астæумæ, уыдон-иу фæйнæрдæм – лидзгæ, кæлмытæй-иу дыууæ-æртæ æнæмæнг мæ къæхтыл ахастон, афтæмæй-иу фаллаг былыл рахызтæн. Уырны дæ, нæ сæ тарстæн. Æцæг уымæн цы аххос уыди, æз уый абон дæр нæ зонын...

* * *

Нæ цæхæрадоны кæрон зади пæлæхсар фæрв бæлас, иу ставд къалиу дзы уылæнты сæрмæ æрзæбул. Кæсын, æмæ дын уыцы къалиуæн йæ саджилæджы йæ сæр сæвæрдта, афтæмæй хуыссы

дæргъæй-дæргъмæ калм, гадюкæ. Æз хъавгæ доны бацыдтæн æмæ сабыргай, æнæнхъæлæджы æртъæпп мын куыд нæ рауайа, афтæ къæлиу дæлæмæ æривæзтон. Калм ницы бамбæрста цалынмæ йын йæ бæрзæй не ʻрæлхъывтон, уæдмæ, стæй фесхъиудта, йæхи атоныныл афæлвæрдта. Куыннæ стæй, зæгъын. Йæ бæрзæй йын тынг куы æрæлхъивай, уæд æрхауы, æвæццæгæн, йæ нуæрттæ ууылты цæуынц æмæ йæ æндзыг низ æрцахсы.

Былмæ рахызтæн, мæ астæуыл æй роны хуызæн æртыхтон, куыд нæ мын зына, афтæ, мæ хæдон дæлæмæ æруагътон, йæ бæрзæйыл ын хæдоны мидæгæй хæцын. Кæройнаг хæдзары цур лæппутæ лæууыдысты, æз сæм ныццыдтæн, лæууæм, ныхæстæ кæнæм. Уалынмæ сæ чидæр ныхъхъæр кодта:

– Руслан, дæ роны калм!

Æз æй цыма нæ федтон, уыйау ныддис кодтон:

– Кæм?

Мæхæдæг хæдон фегом кодтон æмæ сын æй сæ къæхты бынмæ баппæрстон. Фæпырх сты фæйнæрдæм, хъыллистытæ кæнгæ. Уымæй фæстæмæ мæ семæ уыцы малы найын нал уагътой. Не ʻппæтæн ленк кæнынмæ нæ фаг кодта æмæ-иу æз фылдæр хатт хусыл баззадтæн. Æ-гъа, афтæ кæнут? Ауадтæн-иу, калм-иу ссардтон, се ʻхсæнмæ сын-иу æй нывзылдтон æмæ-иу мал мæхи мал баци, адон-иу уырдæм нал уæндыдысты.

* * *

Иу заман Цымытийы мæ фыдымады æрвадæлтæм иу ус амардис, мах уæд рæстæгмæ хохы цардыстæм æмæ уырдыгæй зианмæ уырдæм иу къордæй рацыдыстæм. Хъæуы сæр раздæр куырой уыдис, стæй йын йæ бынаты чысыл ГЭС сарæзтой, Теркæй йæм дон бауагътой, фæлæ уый дæр фехæлд æмæ ма дзы æрмæст фундамент баззадис. Нæ иу машинæ фæсте афæстиат æмæ йæм æрлæууыдыстæм. Тæвд бон уыдис тынг. Кæсын æмæ дæлæ фундаменты рæбынты бирæ бурхъус кæлмытæ кæрæдзиуыл стыхстысты. Цыппæргæйттæй, æхсæзгæйттæй, æстгæйттæй... Хъазгæ кодтой уалдзæджы астæу. Ме ʻмбæлттæй иу, мæрдты дзæнæт йæ хай, Бæтæхъо афтæ куы бакæнид:

– Гъер уæ уырдæм исчи хæснагыл ныууæндид?

Зæгъын, æрцахсон дын дзы иу, ныртæккæ дын æй дæ къухы авæрдзынæн...

– Куыннæ стæй? Уымæн лæг хъæуы...

Æз айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, бынмæ ныггæпп ластон, сæ тæккæ астæу æрлæууыдтæн, дыууæ къухæй сыл фæйнæрдæм ахæцыдтæн, фæйлауын сæ, се ставддæр æмæ сын сæ рæсугъд-дæры æрцахстон. Бæтæхъо уый куы федта, уæд лидзынмæ фæци, æз ыл æй фæсте фехстон, йæ тæккæ дзыппы цур ыл рахизыр-дыгæй ауадис, чидæр æм хъæр кæны дæ дзыппы, дам, ных-хаудта. Уый йæ рог морæ плащ феппæрста, иуварс æй фехста. Цас фæхудтысты, цас фæхудтысты!.. Гъе ахæм митæ сын-иу кодтон кæлмытимæ. Бирæ хæттыты. Цæмæндæр уый мæ зæрдæмæ цыди...

* * *

Хорз ма цы уыди... Тынг æнтæф бон калм æрцахс, дæ астæ-уыл æй æрбабæтт, æцæг ын йæ сæрыл хæц, кæннод алидздзæн. Бауырнæд дæ, буарыл-иу æхцон уазал ахæлиу, мæнæ цыма искуы арф уæрмы бадыс. Æз арæх афтæ кодтон, æцæг бур-хъус кæлмытæй. Иухатт мæ бафæзмыдта ме 'рвад Мысост, æцæг ын гадюкæ разынд æмæ йыл фæхæцыд. Хуыцау хорз æмæ йæм цыргъ кард разынд, кæм ыл фæхæцыд, уым царм слыг кодта, йæхæдæг ын йæ туг сцъырдта, стæй йæ ату кодта, бабаста йæ. Ницы йын уыд... Цыфæнды калммæ дæр раздæр марг нæ вæййы, уый йæм фæзыны тынг куы смæсты вæййы, уæд. Мидæгæй йæ дзыхы иу дæндаг ис, хуынкъимæ, буары йæ фæцæвы æмæ марг уым ауадзы. Уый фæстæ йæхæдæг дæр æрлæмæгъ вæййы, алидзыны хъару йæм нал разыны.

Æз нæ хъæуы ахæм адæймæгты зыдтон, кæцытæ-иу сæхæдæг архайдтой, цæмæй сыл калм фæхæца. Афтæ-иу мæ сыхæгтæй иуты тыххæй дзырдтой, зæгъгæ, дам, цыдæр æнахуыр низæй рынчын сты æмæ сын уый дохтырты амынд у, калм дыл куы фæхæца, уæд, дам, сдзæбæх уыдзынæ.

Æмæ зылдысты Терчы былты, хъæмылты астæу сæ фæдыл, мæстæй, дам сæ мардтой. Иу кæмæйдæр-иу загътой, сдзæбæх, дам, кодта афтæмæй йæхи. Гæды ныхас нæ уарзын, æцæг уыд, мæнг, нæ зонын, фæлæ æз мæхи хъустæй ахæм ныхас фехъуыстон.

* * *

Зымæджы бонтæй иуы нæ хъæуы кæмæдæр чындзæхсæв уыдис. Æз дыккаг райсом цæмæндæр суадонмæ ныццыдтæн. Кæсын æмæ дзы калм уыцы уазалы ленчытæ кæны. Ныввнæлдтон

æм, æрцахстон æй, мемæ йæ рахастон. Уалынмæ дын дæлæ ног чындзы скæнынц, æхсæвы йæ кæдæм аскъæфтой, уыцы хæдзарæй. Заргæ, фæндырдзæгъдгæ, мæнæ-иу раздæр куыд уыдис, афтæ. Чызджытæй иу, чындзы ходыгъд уыди, мæнмæ гæсгæ, фæсте цæуы, йæ къухы цыдæр хæссинæгтæ, йе уæхсчытыл та нымæт дзабыртæ ауыгъд, æвæццæгæн, чындзы уыдоны аскъæфтой, фæстæмæ цæугæйæ йæ фысымтæ туфлиты рарвыстой. Æз бахъуызыдтæн фæстæты æмæ мæ уазал калм уыцы нымæтын дзабыртæй иуы ныппæрстон. Лæппутæн, зæгъын, ныртæккæ ма-иу кæсут. Чындз мидæмæ бахызт, чызг та уыцы дзабыртæ хъарм верандæйы къуымы æрæвæрдта. Ныр æй мах хъахъхъæнæм, дарддæр цы уыдзæн, калм йæхи куыд дардзæни, зæгъгæ.

Иу дæс минуты бæрц рацыдаид, афтæ уыцы чызджы, æвæццæгæн, цæуын хъуыд уынджы арф миты æмæ дын йæ рахиз къах, калм кæм уыд, уым куы фæцæвид. Кæй зæгъын æй хъæуы, уæдмæ калм дæр æртæфсти æмæ йыл чызджы къах куы андзæвыд, уæд базмæлыд. Чызг фæтарст, ныцъцъæхахст кодта, калм, калм, зæгъгæ, æмæ афтид къуымбил цъындаты кæрты астæу миты сæр балæууыд. Иутæ загъд кæнынмæ фесты, иннæтæ худынмæ. Уый та Руслан йедтæмæ ничи уыдаид, зæгъгæ, мæ расырдтой...

Цас фæхудтыстæм, цас!..

## *Фарныхъæуккаг Дауыраты Бекырби:* «Бæхы æхсыр æй бахъуыдис...»

– Иу хатт мæ гыццылæй не 'рвадæлты лæг Налыхъ йемæ уæртæ Майрæмададжы хъæдмæ уистæ ласынмæ акодта. Зыдта йæ, мæнмæ бæх скъæрын хорз кæй касти, уый, стæй йын, йæхи загъдау, цыдæр гыццыл ныфс дæр уыдтæн, ам Дзæникъойы ком кæй хонынц, уым.

Уистæ бричкæйы гуыффæйы куы самайынц, уæд, куыд æмбæлы, афтæ сæ сæртæ разырдæм вæййынц, сыфтæрджынтæ та фæсте æмæ сæ уым бадынæн фæлмæн бынат рауайы. Налыхъ мæ чъылдыммæ уыдоныл бæстон бадт скодта, мæ бын та хъæбæр уыдис æмæ иуцасдæр дзыхъхъытæ-мыхъхъытæ фæндагыл куы рауадыстæм, уæд тыхсын райдыдтон. Уалынмæ кæсын, æмæ Майрæмададжы дæллаг кæрон чидæр дзала ныккарста, цалдæр уисы дзы ахаста суадæтты цур æмæ уал сæ, æвæццæгæн, хусмæ

ныууагъта. Ӕз уыциу сæррæтт раластон уæрдоны сæрæй, иу уисмæ дзы фæлæбурдтон мæ хъæбысы дзаг мын куыд рауайа, афтæ. Хæрдмæ йæ скалдтон, мæхæдæг галиу рæтæнагъдыл алæууыдтæн, зæгъын, алæгъз æй кæнон. Мæ къухтæ бадарон, зæгъгæ, афтæ дзы цыдæр базмæлыд, æз фæтарстæн æмæ фæстæмæ зæхмæ расхъиудтон, æгас комыл мæ цъæхахст айзæлыд:

– Калм!

Цастæ хъæуы гыццыл лæппуйы фæтæрсынæн, уæлдайдæр фыццаг хатт метр æмæ æрдæджы дæргъæн калм дæ тæккæ цæстыты раз йæ сæр куы сдара, уæд?!

Ӕвæццæгæн ма хаугæ-хауын дзалайы кæрæттыл фæхæцыдтæн æмæ уый, сæххæтт, зæгъгæ, бæхы фæстаг къæхты бын балæууыди. Налыхъхъы дæр хуызы цъыртт нал уыдис, фæлæ уæддæр мæн сабыртæ кæнынмæ фæцис, ныфс мын авæрдта æз, дам æй ныртæккæ фæрæтæй никъкъуыхтæ кæндзынæн. Уисы бырынкъæй дзалатæ иуварс акалдта, фæлæ калм æрбадæлдзæх. Цы фæуыдаид? Уисты æхсæнмæ рахизырдыгæй дæр бакæсæм, фæстæрдыгæй дæр бакæсæм, никуы æмæ ницы. Цы чындæуа, фæстæмæ ма куыд сбадæм, фæндагыл нæм уæд та ма бынæй сбырыди? Ӕмæ уæд уистæ калынмæ фæлæбурдтам, иугай зæххы хай баисты.

Никуыцæйуал разынд мæ фыццаг калм...

* * *

Кæцыдæр аз мын мæ уæзласæн такси иу гуырдзиаг лæг баххуырста, дæлæ йын Мæздæджы бынмæ харбыз сагъд уыди, тынд, дам, сты, кæритæ амад. Нæ ныццыдмæ йе 'мбал алыхуызон хæмпæлтæ æмæ кæрдæджытæ ныккарста, гуыффæмæ сæ сагойæ бакалдта, сæ сæрыл та сын харбыз æвæрын райдыдтой.

Сластон сын сæ, уæдæ цы уыдаид, лæг æмæ сæ йе 'рыгон ус сарайы бын талынггомау къуымы кæрæдзийы сæрыл амайынц. Сæ сывæллон, къæбæлдзыгсæр лæппу Суликъо, дыууæ азы дæр, дам, ыл æххæст нæма цæуы, нырма, дам, къахыл дæр хæрз æрæджы ауад, кæрты хъазы.

Ӕз бандоны бæрзонд чъылдымыл фæлладæй мæхи фæстæмæ ауагътон, мæ цæстыхаутæ уæззауæй уæззаудæр кæнынц, æвæццæгæн, мæ ныртæккæ хуыссæг йæ быны скæндзæн. Уалынмæ чидæр кæрты дуар дурæй æви æфсæйнаджы састæй æрбахоста, æмæ лæг дæр æмæ ус дæр уынгмæ ахызтысты,

кæимæдæр сын ныхас бацайдагъ. Иу заман мæ цæстытæ райгом кодтон, кæсын æмæ диссаг: машинæйы гуыффæйы кæрдæджы бынæй рабырыд дыууæ метры дæргъæн саусæр калм, фæстаг бортыл æнæуынæрæй зæхмæ æрлæст æмæ дæлæ фæбыры. Суликъо йæ ауыдта, цины цъæхахст ныккодта, фæсуры йæ, йæ къæдзилмæ йын лæбуры, ахсынмæ йæ хъавы. Æз асинты сæрты ратæррæст кодтон, Хуыцау хорз æмæ бæласы æнцой мæ размæ иу зæронд рувæн фæцис. Баййæфтон æй æмæ йын дзы йæ сæрыл хафт-хафтæй ралæууыдтæн. Уæдмæ нæ Суликъо æрбаййæфта, йæ къæдзилмæ йын фæлæбурдта, ныддæвдæг ыл. Раст уыцы рæстæг йæ мад дуарæй æрбакаст æмæ уыцы ныв куы федта, уæд, æвæццæгæн, йæ цъæхахст æгас хъæумæ дæр фехъуыст, стæй йæ мидбынаты бауадзыг...

Йæхимæ куы æрцыд, уæд мæ арфæты бын фæкодта, йæ фырты ирвæзынгæнæг мæ схуыдта, мемæ мын арфæйы нуазæн – сæны дурын дæр ма сæвæрдтой, æцæг æз мæхæдæг куыд фæтарстæн, уымæй мæ фæрсæг нæ фæци...

* * *

Махмæ, Фарныхъæуы, кæддæр уыдис милицæйы кусæг, Бигъатæй йæ мыггаг, уый зонын, æцæг мæ йæ ном бынты-быны рох фæцис, адæм æй хуыдтой Угро. Иу бон махæн нæ дуармæ сисы рæбын цалдæр лæджы æмбырдæй бадынц, чи дурыл, чи та къодахыл йæхи æруагъта, Угро дæр уым. Æз дæр, мæ дада мæ йæ сагæхты æхсæн йæ хъæбысы æрбакодта. Цæуылдæрты дзырдтой, стæй цæмæндæр калмы коймæ рахызтысты. Угро уæд цы радзырдта, уый мæ уал азы фæстæ дæр нæ рох кæны:

– Æз службæ кодтон Туркменийы тæккæ арæныл, зындгонд горæт Кушкæйы, бæхджын æфсады. Иу бон дыууæйæ ме ‘мбал Кириллимæ хъамылты астæу фæцæуæм, нæ фæсонтыл топпытæ ауыгъд, нæ астæутыл – æхсаргæрдтæ, фæлгæсæм алырдæмты. Ме ‘мбалы бæх Факел хуындис æмæ дын уый æвиппайды куы ныууасид, фæтарст, фестъæлфыд, стæй дзыхълæуд æркодта, ног та размæ стырындз, стæй та дзыхълæуд æркодта. Ай цы хабар уа? Кæсын æм фæсте, æмæ иу дынджыр-дынджыр калм бæхы фæстаг къæхтыл йæхи тухы.

Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй, дам, калм бæхы æхсыр уарзы, дардмæ дæр æй банкъары йæ тæфæй. Факел та ефс бæх уыди, æд байраг. Æз æй мæхи цæстытæй федтон, уыцы стыр

калм уымæн йæ фæздоныл куыд ныддæвдæг ис, уый. Цы чындæуа? Ме 'мбалмæ хъæр кæнын, зæгъын, æрлæууу, æрлæууу, фæлæ йæ бæх, æвæццæгæн, фыртарстæй йæ коммæ нал каст. Цас ма фезгъордта, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ иу ран ныггуыпп ласта, размæ бахауд, Кирилл йæ сæрты асхъиудта.

Скарстам æхсаргæрдтæй уыцы æхсырмондаг калмы, ефсы фæздон дæр нын фæлыг, æмæ ма абон дæр мæ цæстытыл уайы, йе 'хсыр ссæст хъамылтæм куыд фæкалдис, уый. Ракетæ суагътам æмæ нæм уайтагъд не 'мбæлттæ æрбахæццæ сты, Факелы уым баныгæдтам, йæ саргъ ын систам, йæ сидзæр байраджы та йын немæ ракодтам. Мæ фæстæ уым службæгæнгæ чи баззад, уыдон мæм фыстой, æвæджиауы зонджын бæх, дам, дзы рауад...

## *Заманхъуйлаг Хъуыдаккаты Хъасполат:* «Махоркæ калмы маргæй фыддæр разынд...»

– Мæ фыды æфсымæр Хъазджери иу сæрдыгон тæвд бон сæ цæхæрадоны кæрдо бæласы бын, мæ фæллад цъусдуг суадзон, зæгъгæ, йæхи ердженыл æруагъта æмæ уайтагъд афынæй, йæ хуыр-хуыр ссыд, йæ дзых гомæй аззад. Уыцы рæстæг кæцæйдæр калм æрбабырыд æмæ, стæ-ма, уым цымæ цы уаид, зæгъгæ, гом дзыхы йæхи бынмæ ауагъта. Лæппу, мæгуыр, хилæджы уазал банкъардта, бæргæ ма фехъал, фæлæ цæмæндæр йæ бон сызмæлын нал уыд, цъæхахст кæнын райдыдта.

Бинонтæ фæдис систой, сыхæгтæ æрбакалдысты æмæ сæ иу, Зæнджиаты Бати, хабар куы бамбæрста, уæд хъæр кæны, рæвдз, дам, мын æхсыр æмæ махоркæ ссарут. Ссардтой, иумæ сæ азмæстой æмæ йæ уый Хъазджерийы хъуыры ауагъта.

Бауырнæд дæ, иуцасдæры фæстæ лæппу омын райдыдта æмæ калмы æрдджытæ скалдта. Уыцы бонты æндæр кой нал уыдис нæ хъæуы. Мæ фыдыфсымæр бирæ фæцард æмæ-иу кæддæры тарст куы æрхъуыды кодта, уæд-иу афтæ загъта æз, дам, уæдæй фæстæмæ бæлæсты бын фынæй кæнын никуыуал бауæндыдтæн...

Дыккаг хабар та нæм ахæм æрцыд... Уæдмæ хæст махæй адард, фæлæ ма иу æфсæддон хай лæууыдис нæ хъæуы кæрон. Нæ сыхаг Зæнджиаты Хадзыбатыр, адæм æй Сыбытт хуыдтой, Уæтæрты коммæ хос кæрдынмæ ацыд, иу къорд уисы ракарста,

стæй схид, йæ хæдон раласта æмæ йæ бæласы къалиуыл ацауындзон, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ йыл уырдыгæй дынджыр калм йæхи æрæппæрста, йæ астæуыл ын йæхи атыхта, æрбалхъывта йæ.

Сыбыттæй фыртæссæй йæ цæвæг аппарын дæр ферох, йæ иу къухы йæ хердмæ систа æмæ хъæуырдæм цъæхахстгæнгæ згъоры. Уым та къуыбыры рæбын салдæттæ лæджы цæвæгимæ æрцæйтæхгæ куы ауыдтой, уæд, кæд нæм истæуыл мæсты у, лæбургæ нæм кæны, зæгъгæ, сæ хæцæнгæрзтæм фæлæбурдтой, фæлæ, Хуыцау хорз, æмæ сæ иу хабар бамбæрста æмæ ныхъхъæр кодта:

– Не стрелять! Его удав захватил!..

Æрцахстой Сыбытты, плащ-палаткæ йыл баппæрстой æмæ уым калмы ныххурх кодтой.

Уымæй фæстæмæ-иу алы уалдзæджы кæрон дæр Сыбытты астæуæй, цалынмæ царди с, уæдмæ хаудта роны хуызæн тæлм, мæнæ калм йæ херв куыддæриддæр фæивы, раст ахæм. Уыцы бон ма чи хъуыды кæны, уыдон абон дæр æрымысынц, мад йæ лæппуйы ирвæзынгæнæг салдæттæн цы дзадджын хуын бахаста, цы арфæтæ сын фæкодта, уый...

## *Хуымæллæггаг Гуккаты Хæсанæ:*
## «Йемæ, мæнæ цыма сывæллон у, афтæ дзурын хъæуы».

Иу æнтæф бон нæ цæхæрадоны цыдæр куыстон. Иу заман зæхмæ куыддæр æргуыбыр кодтон, афтæ мæм æхситт фехъуыст æмæ загътон, уый мæ сыхаг Дауыт у, уый дæр йæ хуымты астæу цыдæртæ архайдта. Дзурын æм, зæгъын, цы кæныс, цæмæн мæм æхситт кæныс. Æз, дам, нæ дæн. Фæстæмæ фæкастæн, æмæ дæ балгъитæг афтæ: мæ тæккæ чъылдыммæ дыууæ метры дæргъæн сау-сауид калм, йæ иу æмбис зæххы, иннæ – уæлдæфы, æхситт кæны, цыма мæм æртхъирæн кæны, иуварс алæууу, ауадз мæ фæндагыл, науæд... Æз мæ цуры кауы михмæ фæлæбурдтон æмæ уый, æвæццæгæн, фæтарст æмæ йæхи атымбыл кодта. Калм нæ, фæлæ æз мæ цард-цæрæнбонты гæккуыри дæр никуы амардтон, Хуыцау бахизæд. Хæстæгдæр æм бацыдтæн æмæ цыма мæнæ сывæллон у, уыйау æм дзурын:

– Ма тæрс дæ гыццыл удæн, мæнæ калм...

Михыл æй систон, цæхæрадоны кæронмæ йæ ахастон, уым

та быдыр райдайы, æмæ йæ уым æрæвæрдтон. Нæ дæ бауырндзæн, фæлæ иу цалдæр метры куы абырыд, уæд æрлæууыд, йæ сæр систа æмæ мæнырдæм разылд. Кæнæ ныртæккæ цы æрцыд, ууыл не ʻууæндыд, науæд та мын арфæ кодта...

Уымæй иу цалдæр боны фæстæ нын нæ сыхæгты чындз Муслимæт нæ кæрты дуар ныххоста уæлæ, дам, нын нæ агъуыстмæ калм фæбыры.

Сæ дурын асинты фæстаг къæпхæнмæ йæхи куыд сивæзта, афтæ йæм схæццæ дæн. Уый мын, æвæццæгæн, мæ уынæр фехъуыста, дзыхълæуд фæкодта, йæхи æрбатымбыл кодта. Зæгъын, Муслимæт, иу зæронд арф къус ма мын рæвдз радав. Радавта æмæ дзы уæд калмы уæздан бакъуырдтон æмæ йæм дзурын:

– Мидæгæй дæ ницы хъуыддаг ис, мæ къона, мæнæ ма ардæм æрбабыр...

Басайдтон æй уыцы къусмæ, цæхæрадоны кæронмæ йæ ахастон, кæрдæгыл æй ауагътон...

* * *

Мæ куысты æмбæлттæй мын иу радзырдта, æз, дам-иу, хъæуанæ хъæуа, кæлмыты арæх мардтон. Æмæ дæ, зæгъын-иу дæ къухтæ хордтой, нæ дыл хæцгæ кодта, нæ дæ хъыгдаргæ. Нæ, дам æй зонын абон дæр, цæмæн, уый, мæ сæры-иу цыдæр фæкуыси æмæ-иу уæд лæдзæгмæ фæлæбурдтон. Иу æхсæв, дам, хуыссын æмæ мæм уыцы кæлмытæй иу мæ фыны æрбацыди, йæ сæр хæрдмæ систа, комкоммæ мæм кæсы æмæ мæ фæрсы:

– Мæнæ лæппу, нал нæ ныууадздзынæ, кæдмæ нæ цæгъдинаг дæ?

Ноджы ма цыдæртæ, стæй мæм бартхъиræн кодта.

Уырны дæ, куы райхъал дæн, уæд мæ цы нæ рыст, ахæм бынат мæ буары нал уыд. Уæдæй фæстæмæ æз калмæн йæ рæзты ацæуын нæ, фæлæ йæм дардæй бакæсын дæр нал уæндын. Афтæ мын хъæуы. Мæнæ хатгай телеуынæны кæлмыты алы хуызтæ февдисынц æмæ йæ æз уайтагъд иннæрдæм акъæпп кæнын...

## *Брутаг Багаты Гурам: «Фысæй йе сæфт уыны...»*

– Ивгъуыд æнусы æвдайæм азты æз колхозы фыййауæй куыстон дæлæ Науыры быдырты. Иу стыр калм-иу райсомæй

нæ рацыдмæ къæсæрыл хурмæ хуыссыдис, нæ къæхты хъæрмæ-иу змæлгæ дæр нæ фæкодта. Йæ цурты-иу ахызтыстæм, уый мах ницы хъыгдардта, мах та – уый. Сихормæ æввахс-иу кæдæмдæр алæсыд.

Мæнæ йæ куыдæй федтон фæстаг хатт. Кæсын æмæ дын иу хъулон фыс уыцы калмыл къахæй ралæууыд, йæ сæр ын хойы, уый хæрдмæ фесхъиуы, фæстæмæ æрхауы, йæ бон алидзын нæу. Уый иннæ фыстæ куы федтой, уæд, æвæццæгæн, фæтарстысты æмæ уал æз уыдонырдæм фæдæн, доннуазæн бынаты æртыгуыр сты. Æмæ уæд уыцы фысмæ раздæхтæн. Кæсын æмæ дын уымæн калм йæ дзыхы, зæрдиагæй йæ æууилы.

Уæдмæ йын йæ дæргъæй иу метры бæрц аныхъуырдта, зæххыл та ма дзы иу уый бæрц уыди. Æз уый фыццаг хатт федтон, фысæн йæ маргæй исты куы уа, зæгъгæ, йын фæтарстæн, æд лæдзæг æм хъæргæнгæ згъорын. Уый мын мæ къæхты хъæр фехъуыста, зæххы ма калмæй цы уыдис, уый фелвæста æмæ дæлæ стырындз, ацу æмæ йæ байййаф. Иу-дзырдæй, бауыылдта йæ, æз æм иуварсырдыгæй фæкастæн.

Изæры сæ уæтæрмæ куы баскъæрдтам, уæд æз æгоммæгæс фысы уæддæр æрцахстон æмæ йын сау ахорæнæй йæ фæтæн ных æмæ фæсонтæ бæстон сахуырстон, зæгъын, цы нæ вæййы, исты куы кæна, уæд æй зондзынæн, кæцы фыс уыдис, уый, иу цалдæр боны йæ фæхъахъхъæдтон. Ницы, уæлдай хуызæн дæр нæ фæци. Æмæ уæд хабар хистæр фыййæуттæн радзырдтон. Ныддис кодтой, ау, уый, дам, фыццаг хатт федтай, хæрынц, дам, фыстæ калмы, уыдон сæ уый тыххæй се сæфт уынынц, фæлидзæг сæ вæййынц...

## *Цуанон Æгъуызарты Таймураз:* «Мæ хуызæн æвдисæн сæ нæ хъуыди...»

– Хъæды цуан кодтон. Уыд æнахуыр сабыр, æрмæст мæ къæхты бын хус сыфтæртæ хъыст-хъыст кодтой. Мæ куыдз мæ разæй згъоры, алырдæм фæлгæсы, смуды, фæлæ цыма уæл-дæфы ис, афтæ уымæн дæр йæ къæхты уынæр нæ цæуы. Æвип-пайды иуварсырдыгæй сыфтæрты сыр-сыр ссыди, фæтæрсæгау кодтон, уыцырдæм фæзылдтæн æмæ дæлæ диссаг: о Хуыцау, гæды ныхас кæнын мæ ма бауадз. Иу æртиссæдз калмы бæрц

кæрæдзийы æддæг-мидæг ауадысты, кæрæдзиуыл стыхстысты, цыдæр æнахуыр хъæрзт кæнынц, æхситмæ сын раивы, алчидæр сæ архайы иннæйы фæбынæй кæныныл.

Иуцалдæрæй дзы мæн бафиппайдтой, сæ хъуырдухæн фæуагътой, сæ дынджыр сæртæ хæрдмæ систой, нымдзаст мæм сты, æвæццæгæн загътой, ды та ма нын кæцæй бавзаринæг дæ, ма нæ хъыгдар, дæ хуызæн æвдисæн нæ нæ хъæуы. Ногæй та дыккаг хатт фæтарстæн, зæгъын, ныртæккæ мыл сæхи куы ныццæвой, уæд бын кæнын. Айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, мæ дыууæхстон уыцырдæм фæдардтон æмæ æргъæвæгыл дыууæ хатты æрбахæцыдтæн. Иуы дæр дзы нæ акъуырдтон, фæлæ топпы хъæрæй, æвæццæгæн, фæтарстысты æмæ-иу пуртийау хæрдмæ фесхъиудтой, иутæ дзы мæ сæрты дæр ма атахтысты. Мæ дыууæхстоны хæтæлы дзы кæд иу бахауди, зæгъгæ, ма тæрсгæ дæр фæкодтон, хъавгæ йæм бакастæн.

Фæстæдæр уыцы хабар иу зæронд цуанонæн радзырдтон æмæ мын куыд бамбарын кодта, афтæмæй, дам, мæнæ уырыссагау куыд фæзæгъынц, уыди сын брачный период, æвæццæгæн се 'хсæн иу сыл калм йеддæмæ нæ уыд æмæ йæ алчидæр йæхи бакæнынвæнд кодта, ахæм у сæ царды уаг...

## *Мызуйраг Едзиты Андрей:*
## «Зæронд шахтæйы йæ срæмыгътой...»

– Æз кæддæр лæппуйæ цы стыр калм федтон, ахæм мæнæ телеуынæны дæр никуыуал федтон.

Нæ хъæуы сæрмæ уыгæрдæны кæрдæг астæумæ вæййы. Искуы хос ныккарстай, уис цы у, уый зоныс?.. Гъемæ уыцы калм уисы фарсмæ хурмæ ныддæргъ и, æмæ дæ уырны: уыцы уисæй бæрзонддæр уыди. Мах, гыццыл лæппутæ, уырдæм ссивынмæ рацыдыстæм, фæлæ йæ куы ауыдтам, уæд – лидзгæ. Мæ фыдыфсымæр уый фæстæ дзырдта æз, дам, æй мæхи дыууæ цæстæй федтон гыццыл сæныччы куыд æрцахста, куыд ыл стыхсти, уый.

Хъæуы лæгтæ цалдæрæй æд хæцæнгæрзтæ фæдисы рацыдысты, мах сæ фæдыл, фæлæ уый, æвæццæгæн, тас бамбæрста æмæ зæронд шахтæмæ йе 'мбæхсæн бынатмæ абырыд. Иубон дæ, Дамир, æнæ сласгæ нæ фæуыдзынæн, уыцы бынат дын фенын кæнон. Не 'рвадæлты лæппу Юрик уæд шахтæйы куыста.

Уырдæм йемæ рæмудзæн æрмæг ахаста, ауындзгæ асинтыл шахтæйы арфмæ ныххызти æмæ йæ, калм цы къуымы батымбыл, уырдæм ныппæрста. Йæ хъулон къæдзил, дам, хæрдмæ куыд фæтахтис, уый, дам, мæхи цæстытæй федтон. Уæдæй фæстæмæ уыгæрдæнмæ æдасæй цæуын райдыдтам. Калм нæ, фæлæ дзы гæккуырийыл дæр нал сæмбæлдтæн...

* * *

Цардысты нæ фарсмæ Хъайтыхътæ. Хъуыстгонд цæмæй уыдысты? Се ссады цардис калм. Стыр уæлхæдзар сын уыдис æмæ-иу уырдæм рабырыд, уыцы дæргъæй дæргъмæ, сæрмагонд лæгъз къæй-иу ын сæвæрдтой æмæ-иу ууыл хурмæ йæхи дзæбæх ауагъта, стæй та-иу фæстæмæ къуырф арынджы ссады цъуппыл схуыссыди. Бинонтæ йæ хъахъхъæдтой, уый, дам, махæн нæ бынатыхицау у. Иу бон та афтæ уыцы хъарм къæйыл хуыссыдис. Нæ хъæуккаг кæмæйдæр-иу загъта мæ фыд, уый, дам ыл уæлейæ сисы сæрæй егъау къæйдур æрæппæрста æмæ, дам, йæ тæккæ сæрыл ауад, ныцъцъæл æй кодта. Чидæртæ Хъайтыхътæм хæрам хастой, уыцы калм се ссады кæй хуыссыд, уый тыххæй, сæ конд къæбæр сын нæ хордтой, æлгъ, дам ыл кæнæм. Чи йæ амардта, уый бинонтæн, дам æй Хуыцау нæ ныббарста, иугай се 'цæг дунемæ ацыдысты, чи æвиппайды низæй, чи къæдзæхæй рахауд, кæуылдæр та дзы топп схæцыд...

Æз ацы хабæрттæ куы фæдзурын, уæд иуæй-иутæ сæ къухтæ ауигъынц, ницæуылуал æууæндынц фылдæр адæм. Бынтон дзæгъæлы...

## Алагираг лæппу – калмахсæг

Мæнæн æй газет «Рæстдзинад»-ы кусæг Тохсырты Къоста бацамыдта, Фардзинты Батраз, дам, йæ гыццылæй нырмæ уыцы куыст кæны, Алагиры йæ алчидæр зоны, кæм цæры, уый дæр мын загъта. Æз æй дыккаг бон бабæрæг кодтон йæ хæдзары, мидбылты худаг æфсæрмыгæнаг, æцæг бирæ дзурын чи нæ уарзы, ахæм, фæлæ йæм фарст куы дæттай, уæд йæ алы дзуапп дæр бæстон рауайы.

Ме 'рбацыды сæр мын куы бамбæрста, уæд мæнæ афтæ райдыдта:

– Калм мæ размæ куы фæвæййы, уæд йæхи атымбыл кæны,

йе ‘взæгтæ раппары, æхситт сисы, фæфæнды йæ, цæмæй дзы фæтæрсон. Фæлæ æз тæрсæгтæй нæ дæн. Хæстæг æм бацæуын, йæ уæлхъус æрлæууын, бахудын æм æмæ йын фæзæгъын:

– Калм, мæхимæ ма рауай...

Ныхъхъус и лæппу, худы.

– Æмæ дарддæр та цы?

– Мæнæ йæ афтæ мæ къухмæ сисын.

– Æмæ дыл нæ фæхæцы?

Лæппу йæ сæр батылдта.

– Цæуыннæ дыл хæцы?

– Сахуыр мыл сты. Цæмæн мыл хъуамæ хæцой? Иухатт мыл фæхæцыдис æмæ æгъгъæд нæу? Уæд мæ тагъд æххуысы машинæ аласта æмæ мын дыууæ уколы скодтой...

Уымæй фæстæмæ сæ нал тарстæн, мæ роны дæр ма-иу сæ сæвæрдтон... Уыдон дæр мыл сахуыр сты. Иухатт мæ фыдимæ уæлмæрдмæ ныццыдтæн æмæ басидтæн, зæгъын, калм, рауай ма мæм, дæхи ма мын фенын кæн. Рабырыдис иу кæцæйдæр, мæ къæхты бын йæхи æрбатымбыл кодта, систон æй, нæхимæ йæ æрбахастон, скъаппы лагъзы йæ ауагътон. Æрæджы нæ сыхæгтæ сæ цæхæрадоны калм федтой, марынвæнд æй кодтой, фæлæ сын алыгъд. Бадзырдтой мæм, ныццыдтæн сæм, басидтæн æм æмæ мæ цурмæ æрбабырыд. Уый дæр лагъзы сæвæрдтон... Уæртæ мæм Алагиры астæу дуканийæ дæр æрбацыдысты калм, дам, нæм кæцæйдæр æрбабырыд, рæбинаг къуымы, дам, асыччытæй иуы амбæхст. Систон æй уырдыгæй, æмæ йæ куы амарой, зæгъгæ, дæлæ Бехъаны цадмæ ахастон, хæфсыты астæумæ йæ хъамылты сæрты баппæрстон... Дæлæ мæм æрæджы та Сындзыхъæуæй ссыдысты, иу калм, дам, ма æрцахс, мах дын æй балхæндзыстæм. Нæ зонын, цæмæн сæ бахъуыди...

## *Нæ ныхасмæ нын хъуыста æмæ ма йыл бафтыдта сæ чындз Фатимæ:*

– Цалдæр хатты мæхи цæстытæй цы федтон, æз та дын уый радзурон... Афтæ цæхæрадоны, кæнæ уынджы фæцæйцæуæдзæн æмæ быруйы рæбын хуынкъ ссары, йæ цуры æрлæууы, æргуыбыр æм кæны, цыдæртæ дзурын байдайы. Æмæ мæнæ диссаг: калм æм рабыры. Арæх дæлæ Бехъаны цадмæ дæр ныццæуы æмæ уым дæр æрцахсы. Фылдæр хатт сæ нæхимæ æрбахæссы,

ныккæнды сæ æртæлитруат балоны сæвæры, йæ сæр ын сæхгæны, стæй сæ райсомæй ахæссы æмæ сæ кæмдæр ауадзы. Тæккæ знон æз ныккæндмæ ныццыдтæн, балон мæ хъуыдис. Талынг дзы уыд, фæлæ рухсмæ куы рацыдтæн, уæд кæсын æмæ балоны хуылфы цалдæр калмы кæрæдзиуыл стыхстысты. Мæ къухæй æрхаудта, Хуыцау хорз æмæ нæ асасти, æндæр уым мæ зæрдæ бахъарм уыдаид...

## ***Мæнæ мын дзы цы радзырдта Батразы мад Ирæ та:***

– Фондз азы йыл куы сæххæст, уæд-иу йæ фыдимæ кæсаг ахсынмæ ацыд, уым сын-иу уаллæттæ æмбырд кодта. Иу цалдæр хатты фæстæ йæм мæнæ цы бафиппайдтон: сусæгæй-иу уынгмæ ралыгъд. Кæс æмæ та-иу куы хæфс, куы гæккуыри æрбахаста, суанг ма уæртджын хæфс дæр. Хуыцау æй уыдоныл скодта, иннæ лæппутау æй хъазынмæ нал æвдæлд, йæ фылдæр рæстæг уыдонимæ æрвыста. Авдаздзыдæй та кæлмытыл фæцалх. Иухатт æй йæ фыд йæ куыстмæ йемæ акодта, уым æппæтæн æнæнхъæлæджы йæ ронæй калм раласта æмæ дзы шофырты хъазгæйæ тæрсын кæнын райдыдта. Уыдон, мæгуыр, гаражы кæрты къуымтæм лидзæг фесты, сæ машинæты бадын дæр нал куымдтой. Алагиры æндæр кой нал уыдис, нæ тæрсаг шофыртæй, дам, гыццыл лæппу ахъазыд.

Раздæр-иу ын тæрсгæ кодтам, фæлæ йæ дохтыртæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй йын калмы хæст ницы зиан рахаста.

Къорд азы размæ нæм иу бон иу æнæзонгæ лæг æмæ ус æрбацыдысты, мах, дам, ам Тæмисчъы санаторийы нæ фæллад уадзæм æмæ, дам, уæ фырт кæлмыты æвзагæй зоны, ууыл нæ йæхæдæг бауyæндын кодта. Мах уæртæ дард Узбекистанæй стæм, нæ куыст кæлмыты маргимæ баст у. Хорз уаид, уæ лæппуйы нын немæ уырдæм куы ауадзиккат, уæд. Уым дæр уыцы куыст кæнид æмæ уæм цалдæр азы фæстæ æхцайы голлагимæ æрбаздæхид.

Нæ йæ ауагътам. Ам дæр æм цæуынц курæг, кæлмытæ, дам нын рауæй кæн. Уæртæ йын Хуссар Ирмæ йæ ахст кæлмытæ аластой, уый дæр зонын. Бирæтæ йæм ныр дæр æрбацæуынц, калм нæ хъæуы, бур кæнæ сау, цы зæгъай, уыйас, дам, дын бафиддзыстæм. Æнæ æхцайæ дæр адæмæн æххуыс кæны. Кировы хъæумæ йæ аластой, сывæллæтты цæхæрадоны, дам, калм

фæзынди. Ленины уынджы нæм кæддæр Гаматы Иван, зæгъгæ, цардис, зондзынæ йæ, фыссæг уыдис уый дæр. Йæ чызг æмæ нæм йæ лæппу æрбацыдысты, нæ цæхæрадонмæ, дам, ацæуын нал уæндæм калмæй. Æрцахста сын æй уайтагъд, æмæ йæ афтидæй нæ рауагътой.

Цалдæр азы размæ нæм цирк æрластой, тынг дынджыр кæлмытæ дæр дзы уыд. Мæскуыйаг артисттæ дисы бацыдысты, мæ лæппу сæм фыццаг хатт куыд бацыд æмæ семæ хъазын куыд райдыдта, ууыл, мæнæ цыма семæ куыста, уыйау. Къам дæр систой иумæ, уадз æмæ, дам, рæсугъд мысинагæй баззайа нæ фембæлд, хъазæн ныхас дæр загътой, ома, дам, ацы курдиатджын лæппу ахæм гыццыл горæтæн æвгъау у...

## *Хъобайнаг Бекмырзаты Мырзабег:*
## «Хъусойы æлгъыст æрцыдис...»

– Мæ фыды мад, джызæйлаг Хъыргъаты чызг, фæцардис 110 азы. Уый дæр, стæй мæхи мад дæр куы бамбæрстой, æз саби уæвгæйæ мæ хъус ирон адæмон сфæлдыстадмæ дарын, уæд мын сæ, чи цы зыдта, ахæм таурæгътæ дзырдтой. Иу дзы мæнæ ахæм уыд: уыдис, дам, нæм хъæдын асыкк ссадæн, æдзухдæр, дам-иу уыдис йе 'мыдзаг. Йæ хуылфы та дардтам калм, бурхъус калм, йæ ном хуындис Хъусой. Хæдзары цалдæр сылгоймаджы уыд, фæлæ дзы се 'ппæтæн ссадмæ бавналыны бар нæ уыд, суанг арынджы сæр схъил кæныны бар дæр. Æрмæстдæр сæ иуæн уыд уыцы бар. Хистæр чындзæн. Уый-иу асыкмæ куы бахæстæг, уæд-иу сдзырдта, Хъусой, уый æз дæн, зæгъгæ, æмæ-иу уæд калм фалдæр абырыди. Ус-иу астæуæй, цас-иу æй хъуыд, уыйас-иу кæхцмæ равгæдта, фæлæ-иу уыцы бынат астæуæй къахырæй уадзæн нæ уыд, фæстæмæ-иу æй хъуыдис ралæгъз кæнын, рамхуызон кæнын.

Уыцы калмы хастой æхсырæй, бахастой-иу æм æй сæрмагонд хъæдын къусы, уый-иу рабырыди, бастæрдта-иу æй, стæйиу йæхи ссыгъдæг кодта æмæ та, дам-иу, фæстæмæ йæ бынатмæ бабырыдис.

Фæлæ цы рауад, уымæ-ма хъус. Бинонты зондыл хæйрæг фæтых æмæ зындгонд инæлар Куындыхаты Муссæимæ Туркмæ лидзыныл сразы сты. Фæлæ сæ уæд сæ фыртыхстæй, æвæццæгæн, се 'намондæн сæ калм ферох ис. Бон рацыд, дыккаг

дæр æмæ Хъусой, мæгуыр, йæ катайы сæ фæстæ бырынтæ систа, фæлæ уыцы рæстæг кæмтты дон раивылдис æмæ йæ йæ хъæлæсы ахаста, æцæг ма мæлгæ мæлын йæ дурзæрдæ бинонты ралгъыста. Мæ бон уыл акæнæд, зæгъгæ.

Æрцыдис сыл Хъусойы æлгъыст. Æз уæдæй абонмæ мæ хъус дарын Турчы цæрæг ирæтты хъысмæтмæ, Æлбегтæ дзы ис, Хосонтæ дзы ис, Мамсыратæ дзы ис, Бекмырзаты кой та нæй, кæнæ, дам, бахæццæ сты сæ ног бынатмæ, кæнæ нæ...

Куы лыгъдысты, уæд семæ нæ акуымдта сæ дæсаздзыд лæппу. Бирæ, дам ын фæлæгъстæ кодтой, фæлæ куы нæ разы кодта, уæд, дам, сæ дзаг уæрдонæй фæстæмæ фæрæт æмæ бæндæн райстой, стæй йын иу зæронд хæрæг ныууагътой, йæ ном Гуыти. Лæппу хуындис Нафи, уыд Гæрисаты хæрæфырт. Рахъомыл, хохы Дæргъæвсæй цардæмбалæн æрхаста Рæмонаты чызджы, райгуырдис сын 4 лæппуйы: Алидза, Нафи, Сæкъо æмæ Накъо. Нæ мыггаг ногæй уыдоны руаджы фылдæрæй-фылдæр кæнын райдыдта. Æз мæхæдæг дæн Алидзайы байзæддæгтæй иу, махмæ ам, Ирыстоны, кæддæры тæригъæд калмы æлгъыст нал хæццæ кæны.

## *Дзæуджыхъæуккаг Байсонгъуыраты Мухтар:*
## **«Къæмынтыхъæуы хъæбатыр уазæг»**

– Ацы хъæу Ирыстоны хæхты æппæтæй бæрзонддæр ран ис, æз уæлдæр æндæр ахæм хъæу нæ зонын. Кæддæр уыдис æвадат ран, хуымгæнды зæххытæ дзы стæм хæдзæрттæм уыд. Иу заман ардæм Мыстулатæм сыхаг Балхъарæй ссыд сæ асиаг хæлар лæппу. Йæ бæхæй æрхызт, сæ кæрты дуарыл сын бахæцбахæц кæны, фæлæ уый æхгæд разынд. Уазæг фæдис кодта, фыццаг хатт, дам æй æхгæдæй æрбаййæфтон. Уынджы иу цъиуызмæлæг нæ уыд æмæ сын уæд сæ рудзынг бахоста. Куы йæм ракастысты, уæд ын радзырдтой, зæгъгæ, дам, нæ сыхаг Гæлиаты хъæуы иу æнахуыр стыр калм фæзынд, фыс, дам, æнæхъæнæй аныхъуыры, адæм кæрæдзимæ цæуын нал уæндынц, суанг ма дзы мах дæр тæрсæм, ардæм дæр куы æрбахæццæ уа, уымæй, уымæн хъæбæр æхгæд сты нæ дуæрттæ... Ничи йæм уæнды хæстæг бацæуын, фехсæн дæр æй нæй, топп, дам, не схæцы...

Уазæг ныхъхъуыды кодта, стæй, дам, загъта:

– Мæнæн æй æнæфенгæ нæй!..

Дзырдтой йын, лæгъстæ йын кодтой, дæ фæнд аив, зæгъгæ, исты дыл куы æрцæуа, уæд махæн худинаг у, адæм зæгъдзысты, сæ уазæджы нæ бахъахъхъæдтой.

– Ацы хатт мын ныххатыр кæнут, уæ коммæ нæ кæсын. Ау, уый куыд хъуамæ уа, æмæ калм адæймагæй тыхджындæр уа?!. Нæ йæ ныууадздзынæн.

Гæлиаты хъæугæронмæ куы схæццæ лæппу, уæд фыццаг хæдзары рудзынг бахоста. Куы йæм ракастысты, уæд сын йæхи бацамыдта, мæнæ, дам, уæ сыхаг хъæуы уазæг дæн, фæлæ уын уæ тыхстмæ кæсын нал фæразын, уыцы калмы бынат мын бацамонут, æз æй хъуамæ амарон.

– Дæхи цæмæн сафыс, уазæг? – загътой та йын уыдон дæр. – Фыс чи аныхъуыры, гал чи бахæры, уымæн кæй бон цы у?

– Нæ, бацамонут мын æй, – хъæддыхæй та загъта уазæг.

Æмæ йын æй уæд бацамыдтой:

– Хъæуæй куы ахизай, уæд бахæццæ уыдзынæ Цæроны кувæндонмæ, йæ фале та кæйдæр дзæгъæл скъæттæ, сæ астæу зæронд хосы цъына, æмæ уый бынæй рахилы, фæстæмæ дæр уырдæм бахилы. Нæ зæрды бæргæ ис цъынайыл арт бандзарын, фæлæ йæм хæстæг бацæуынмæ нæ ныфс нæ хæссæм, стæй куы бандзарæм, уад та нын фыддæр митæ куы бакæна...

Уазæг амынд бынатмæ куы бахæццæ, уæд, æвæццæгæн, бæхы къæхты хъæрмæ калм хуынкъæй йæ сæр радардта. Уазæг йе 'хсаргард фæцъортт ласта æмæ хæцын райдыдтой. Калмы дзыхæй-иу æнахуыр тæф дымгæйы хуызæн ракалд, бæхы-иу фæцæйфæлдæхта, йæ тæф фындзы хуынчъытæ æхгæдта, уæлдæф нæ фаг кодта.

Куыд æй дзурынц, афтæмæй иу дыууæ сахаты бæрц ахаста сæ тох, æрæджиау ын лæппу йæ сæр атæхын кодта, иуыл æй ныкъкъуыхтæ кодта...

Куы раздæхт, уæд дæр ма адæм æддæмæ рацæуын нæма уæндыдысты, рудзгуытæй йæм кастысты. Никæйы дуармæ дзы æрлæууыди уазæг, йæ ных Къæмынтыхъæумæ сарæзта. Иу ран фæндаг цæхгæр кæм фæхæрд кæны, уым йæ бæх æвиппайды фæцудыдта, йæ къæхтæ фæтасыдысты, размæ бахаудта, йæ уд систа.

Йемæ ма стыр куыдз уыди уазæгæн. Уый дæр-иу калммæ лæбурдта, йæ дæндæгтæ-иу дзы ныссагъта, гæбаз дзы-иу стыдта. Калм-иу уыйырдæм куы фæцис, уæд-иу æй уазæг æхсаргардæй уæлбæхæй æрцавта.

Уыцы куыдз дæр та æвиппайды фæцудыдта, арвмæ нынниудта, иу хатт ма йæ хицаумæ скаст æмæ дурты цæндыл æрфæлдæхт, нал сызмæлыд.

Бæхæн ма йæ саргъ систа, Мыстулатæм æй схаста. Фæлладхуыз цæсгомыл – туджы пырхæнтæ... Бахуыссын æй кодтой фысымтæ, фæлæ дыккаг бон дæр нал сыстад уазæг, уазал ризæг ыл бахæцыд. Цæй дохтыр уыдис уæд хæхбæсты, адæмон хостæ йын бæргæ лæвæрдтой, фæлæ йын, хъыгагæн, ницы фехxуыс сты...

Йæ ныгæнæн бон дыууæ хъæуы адæм иууылдæр йæ чырыны фæдыл рацыдысты, Ком кæй хонынц, уыцы уæлмæрдмæ. Уымæн йæ дыккаг бон дæр та дыууæ хъæубæстæйы ногæй æрæмбырд сты, æмæ Гæлиатæ Мыстулатæн сæ уазæджы номыл, сæ бузныгдзинады охыл сæ хуымзæххытæй радтой дзæбæх ран, уæлвæз быдырты. Фæстæдæр дзы чидæртæ хæдзæрттæ дæр ма сарæзтой, сæ бырутæ ма абон дæр уым сты, кæддæры уæззау æмæ тызмæг aзтæн æвдисæн. Мыстулатæ фæстæдæр фæцардхуыздæр сты æмæ сæ иутæ Мæздæгмæ, сæ иннæтæ та Æрыдонмæ алыгъдысты цардагур. Æрмæст ма дзы иу хæдзар баззад æмæ уыдон сæхи Мыстулатæй нал фыстой, фæлæ сæ фыд Гæвдыны номæй мыггаг скодтой. Мæнæ нæ зындгонд фысджытæ, дыууæ æфсымæры, Цæгæраты Максим æмæ Гиго уыдоны хæрз хæрæфырттæ уыдысты. Æзиу уыцы калмы тыххæй гыццылæй куы фехъуыстон, уæд-иу мæм аргъауы хуызæн касти, фæлæ мæхи дыууæ цæстæй уыцы хъæбатыр асиаг уазæджы ингæн уæлмæрды куы федтон, уæд мæ бауырныдта, уый æцæг хабар кæй уыдис, уый...

## *Гæлиаттаг Тамати Таймураз:* «Мах мыггаджы калм марын нæ фæтчы...»

– Мæ фыдæй дæр æй фехъуыстон, суанг мæ фыдыфыдæй дæр:

– Мах мыггаджы калм марæн нæй!

Æз мæхæдæг, хохы цæргæйæ, уымæн бирæ хæттыты уыдтæн æвдисæн: нæ кæртмæ-иу хатгай калм æрбабырыд, зæгъгæ, уæдиу мах фæдис никуы систам, цъæлхъæр нæ никуы райхъуыст, лæдзæгмæ нæ никуы ничи фæлæбурдта. Фæрæдыдис, фæдзæгъæл ис. Уисой кæнæ-иу цъылын райс æмæ-иу æй уæзданæй уыгæрдæнырдæм аздах. Æцæг дзы иу хатт нæ мад махæн фæтарст æмæ уæд нæ сыхæгты лæг Оберегмæ ныхъхъæр кодта. Уый йæ æрцахста, хъавгæ йæ хæстæг къæдзæхы сæрмæ ахаста, дурыл

æй æрæвæрдта. Уый исдуг тыхтæй фæлæууыд, не змæлыд. Цымæ дарддæр цы уаид, зæгъгæ, мах, гыццыл лæппутæ, уырдæм цымыдисæй кастыстæм æмæ нæхи цæстытæй федтам, цæргæс ыл йæхи куыд ныццавта, куыд æй ахаста, уый, йе 'рттиваг къæдзил ма-иу стылдта, мæгуыр.

Иудзырдæй, мах мыггагæн калм талисманы хуызæн у, дæсныййы амындау. Нæ мыггаджы кувæндоны фæзынд дæр калмимæ баст у. Нæ хъæуы кæрон ис æвæджиау рæсугъд бынат, Бæгъай хуыйны æмæ нын раст уыцы ран ис. Махæн кæддæр хистæртæ куыд дзырдтой, мах та йæ абон афтæ зæрдиагæй нæ кæстæртæн дзурæм. Цæвиттон, не 'рвадæлтæй кæйдæр къæбицы царди калм, хъахъхъæдта сын се ссад. Йæ цурмæ, дам, цæуæн уыдис зыбыты иунæг бинойнагæн – хæдзары æфсинæн. Уырдæм æцæгæлон адæймагæн бацæуæн нæ уыд, уырдæм суанг чындзыты дæр нæ уагътой, йæ дуарыл уыдис егъау гуыдыр ауыгъд.

Иуахæмы хæдзары хицау Мысост рады фыййау цыдис, хъæуы цæрджыты уæрыччытæ хизын уыцы бон уыдонмæ æрхаудта. Йæ ус ын сихорыл хæринаг куы хаста, уæд чындзмæ бадзырдта æмæ йын загъта:

– Хæдзары къуымтæ æфснайын, мыййаг, дæ зæрды куы æрæфта, уæд-иу, мæ къона, къæбицмæ ма бацу...

Нæ йæ зоныс, Дамир, ныртæккæйы сылгоймæгтæ æнахуыр цымыдис сты, кæддæр та ноджы цымыдисдæр уыдысты. Иудзырдæй, чындз, уагæры сын уым цавæр диссæгтæ ис, кæд мæ ничи фенид, зæгъгæ, тыргъты йе 'фсины куатæйы дзыппæй дæгъæл фелвæста. Ныр калм та – уым. Йæ уынæрмæ арынджы хуылфæй йæ сæр сдардта, чындз дзы фæтарст æмæ цъæхахстгæнгæ кæртмæ разгъордта. Йæ хъæр ын Мысост кæнæ хъусгæ фæкодта, кæнæ æнкъаргæ бакодта, фæлæ æрызгъордта сæхимæ, къæбицы дуар тыгъдæй куы федта, уæд æй бамбæрста: калм фæтæргай æмæ рабырыди. Разгъордта лæг, йæ фæд ын ссардта, байяæфта йæ, æцæг æм хæстæг нæ бацыд, фæстæмæ раздахыныл æй нæ бацархайдта.

Фæлæ федта: калм уæрыччыты хизæнуатæй чысыл уæлдæр къæдзæхы рæбын иу хуынчъы ныббырыд æмæ уырдыгæй нал æмæ нал цыд. Æмæ уæд Мысост иу урс уæрыкк æрцахста, туг суагъта æмæ загъта:

– Амæй фæстæмæ махæн дæр нæ цæрæн бынат уыдзæн ам...

Æрыздæхт хъæумæ, хабар йæ мыггагæн радзырдта, æмæ уыцы бонæй фæстæмæ уыцы калмы бынат сси Тамати кувæн-

дон. Азтæ цæуынц, фæлтæртæ фæлтæрты ивынц, фæлæ æз иу аз дæр нæ хъуыды кæнын, мах уым æгас мыггагæй дæр Сусæны мæйы æртыккаг сабаты ма æрæмбырд уæм æмæ дзы æртæ чъирийæ Хуыцаумæ ма скувæм. Уæлæмæ йæм цы къахвæндагыл ссæуæм, уый абон нæ кæстæртæ дæр Калмы фæндаг хонынц. Уым ис хицæн агъуыст дзуары лæгтæн. Мыггагæй æвзæрст лæгтæ, зæрдæйæ дæр æмæ буарæй дæр сыгъдæг чи вæййы, ахæмтæ йæм бахæссынц æртæ гыццыл дзадджын чъирийы, цæмæй сæ уым скувой, бахæрой, æддæмæ хæссæн дзы ницы ис. Хъæбæр нозты бæсты дзы скувынц ногдыгъд æхсырæй. Мидæмæ йæм фæцæуынц хатыр кургæйæ, фæстæмæ цæугæйæ дæр, чъылдым раздахæн æм нæ вæййы...

## Дыккаг хай

## УЫЦЫ ЗОНДДЖЫН ТУГДЗЫХ

Сусæны мæйы хъарм изæртæй иуы нæ хъулон хъуг иннæ хæттытæй уæлдай уыгæрдæнæй не ‘рбаздæхт. Радгæс уыцы бон фалæсыхаг Бадриатæ уыдысты, мæ мад мæ уыдонмæ нырвыста, базон, дам, ма йæ, цы хабар у. Ницы йын зыдтой. Æмæ уæд фæйнæ лæдзæджы райстам, Даргъдонуайæны иннæ фарсмæ бæгъæввадæй бахызтыстæм, Туацъæйы арфы нæм суадætты æмæ хъамылты сыр-сырæй дарддæр ницы уынæр хъуысти, æфсæнвæндаджы сæрты ма Къостайыхъæуы быдыртæм дæр акастæн. Никуы æмæ ницы. Дæлæ Цымытийы ацырдыгæй фарс Хуымæллæджы кувæндон кæй хонынц, уырдæм мидæмæ агурæг бацæуын нæ бауæндыдыстæм. Фæстæмæ цæугæйæ Даргъдонуайæны цур мæй нæ тæккæ сæрмæ стылд, нæ развæндаг нырухс и.

Суадоны тæккæ астæу мын мæ мад фæсте мæ рахиз цонгыл æрхæцыди, размæ мын ацамыдта:

– Уæртæ ма кæс... Тæрсгæ ма фæкæн, мæ къона.

Хъуамæ фæдисы хъæр кодтаид мæ мад, уый та сусæгæй дзырдта.

Разæй æцæгæйдæр къуыппы сæр йæ фæстæгтыл æрæнцад егъау бирæгъ, мæйрухсмæ бур-бурид зынди, йæ цæстытæ æрттывтой, йæ бынаты-иу базмæлыд, цыма-иу фестынмæ хъавыд, уыйау. Суадоны æмæ хъамылты уæздан уынæртыл ма бафтыд нæ фыд-

æмбæлæджы цъæхснаг ниуын дæр, чысыл фæстæдæр та мæ мады богъ-богъ, стæй та мæхи кæуын дæр. Æз куы райдыдтон, уæд æй мæ мад фæхъæрдæр кодта.

Цас фæлæууыдыстæм, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ иузаман мæ мад фæныфсджындæр, уыцы уазал донмæ нывнæлдта, дур дзы систа æмæ йæ бирæгъыл фехста... Нæ йæм бахæццæ, былгæронмæ хæстæг йæ тъыллупп фæцыд, æртæхтæ сырдыл дæр бакалдысты, фæлæ уый йæхи бауыгъта æмæ уыдон стъалыйы къæрттытау мæйрухсы кæрдæгмæ æрызгъæлдысты. Мæ мады къæйныхдзинад ын фæхъыг, йæ бынатæй фестад, йæ раззаг къæхтæ доны æрæвæрдта, æвæццæгæн махырдæм цæуинаг уыд, стæй дын цæхгæр куы фæзилид æмæ уæлæ акъациты тæлмыты Дудараты станцæйырдæм фæлидзæг. Дыууæйæ дæр цыдæр æнахуыр уынæрмæ фæстæмæ фæкастыстæм: колхозы бригадир Æгайты Батырбеджы йæ саргъы бæхæй базыдтон...

Уыцы боны риссаг тарст æмæ ихдоны фæстæ Туацъæйы фæндаджы фæлмæн рыджы æхсызгон хъарм æз ныры онг дæр ма мæ буары æнкъарын.

Æцæг мыл уыцы æмбисæхсæв мæ хуыссæны æртæфст, зырзырæг мыл бахæцыд, мæ мад скатай, ауад æмæ нæ сыхаг зæронд ус Æлбегаты Бабетты æрбаскъæфта, уыцы афон мæ рабадын кодтой æмæ мын мæ хъуыры цайцымæны дзаг хъарм цывзыджын арахъхъ ауагътой, тынг мæ нынноpстой, стæй, цы фæдæн, уый нал бамбæрстон...

Ныр хатгай ме ’мгæртты астæу мæхицæй «раппæлын», зæгъын, æз карз ноэтæй сымахæн уе ’ппæты разæй фæхъæстæ дæн, фæндзæм къласы, бирæгъы аххос мын уыди. Куы ныддис кæнынц, уæд сын мæ тæрсæн бынат суадоны кой ракæнын...

## АДÆММÆ-МА АЙХЪУС...

### *Хъæдгæройнаг Демыраты Хаджи:*
### «Сæ хæдзармæ ма йын йæ хæрзиуджытæ æмæ йæ рахиз къах бахастой...»

Мæхæдæг дæр хъусгæ кæй фæкодтон, уыдон дын радзурон, Дамир... Хæсты заман мад æмæ чызг Æрыдонæй Салыгæрдæнмæ иу зымæгон æхсæв æфсæнвæндаджы фæрсты къахвæндагыл

араст сты. Ӕвæццæгæн сын се 'намондæн æнæцæугæ нæ уыдис. Боныцъæхтæм сæ хæдзарыл куы нæ сæмбæлдысты, уæд дыууæ хъæуы хиуæттæ фæфæдис сты, æмæ дæ балгъитæг афтæ: рельсыты астæу ма сын сæ къахыдарæс ссардтой. Фæстæдæр куыд сбæрæг, афтæмæй сыл бирæгъты бал сæмбæлд...

Хæст куы ахицæн, уæд уæлахиздзаутæ здæхтысты Ирыстонмæ дæр. Ӕрыдойнаг Дзугаты лæппу æмæ салыгæрдæйнаг Фардзинты лæппу, сæ дыууæ дæр афицертæ, Даргъ-Къохы станцæйы сæ поезд куы нæ æрлæууыд, уæд тæхгæ-тæхын Кæрдзыны Туацъæйы хъамылтæм æргæппытæ кодтой æмæ быдыр-быдыр фистæгæй Ӕрыдонмæ æрбацыдысты. Куыннæ сыл хъуамæ бацин кодтаиккой Дзугатæ! Уæлартæй æртæ æртæдзыхоны райстой, уæдæ кусарт дæр сфыхт, дзæбæх фæбадтысты, фæныztой, фæмысыдысты. Уæдмæ æрталынг, уазæг цæуыны къахыл ныллæууыд, фысымтæ йын бирæ фæлæгъстæ кодтой: ахсæв ам баззай, уæртæ уæ хуыссæнуат цæттæ у, райсом раджы дæ нæхæдæг баласдзыстæм...

Нæ сын бакуымдта. Ӕз, дам, ахсæв, куырдуаты кæй ныууагътон, уыцы чызджы рудзынг хъуамæ бахойон.

Ӕхсæвы фæндаггæттæй чидæр Ӕрыдонмæ фæфæдис: бал бирæгътæ, дам, уын уæртæ Рæмонтыхъæуы цур уæ уазæджы алыварс зилынц. Байрæджы кодтой Дзугатæ: йæ хæрзиуджытæ æмæ ма йын йæ рахиз къах уæрагæй дæлæмæ бахастой. Ӕвæццæгæн, уыдоныл нæ барвæссыдысты уыцы æгъатыртæ...

## *Хъахъхъæдуйраг Хъантемыраты Бато:*
## «Йæ бæхы дзылар æмæ ма йын афтид гуыффæ ныууагътой...»

– Иу мæ хъæуккаг дæлæ Туацъæмæ хос ласынмæ ацыд, фæлæ æрдæгфæндагыл йæ бæхуæрдоны цалхы чъил цыдæр кодта, æмæ цалынмæ уыимæ архайдта, уæдмæ йæм фæззыгон талынг дæр æрбацæйхъуызыд. Лæг бакатай кодта, арвыл йæ цæст ахаста, æвæццæгæн, йæ фос йæ цæстытыл ауадысты, фефсæрмы сæ, афтæмæй сæм куыд баздæхдзынæн, зæгъгæ, йæ фæндаг дарддæр адардта. Хæрисбæлæсты астæу цъынайы сæрмæ сбырыд æмæ уырдыгæй уæрдоны гуыффæмæ сагойæ хос калын райдыдта. Уалынмæ кæцæйдæр бирæгъты бал фæзынд, бæхыл уыциу цæф сæхи ныккодтой æмæ йын уайтагъд йæ къубал ахауын ластой.

Ныр, мæгуыр, лæг цъынайы сæр лæууы, бынмæ сæм кæсы æмæ йын йæ бæхы куыд хæрынц, уый уыны, фæлæ цы йæ бон уыд уал бирæгъæн йæ дыууæкъухыг хъæдын сагоимæ.

Уæд, дам, иу стыр бирæгъ, æвæццæгæн, сæ раздзог уыд, се 'ппæты хистæр, лæгмæ дæр ацамыдта сæхи æвзагæй, æмæ, дам, бирæгътæ раздæр цавддуртау фесты, стæй, дам, сæ дæндæгтæ æмæ къæхтæй хос æддæмæ ласынмæ фæлæбурдтой. Суанг боныцъæхтæм æй фæластой, цъына дзой-дзой кæнын райдыдта, афæлдæхынмæ йæ бирæ нал хъуыд, фæлæ уæдмæ æрбабон, лæджы амондæн кæцæйдæр тракторы хъæр æрбайхъуыст, æмæ уæд лидзæг фесты. Лæг, мæгуыр йæ бон, æрбырыд, йæ бæхы дзылар ма систа, йæхæдæг рæтæнæгъдтыл схæцыд æмæ хъæуырдæм разылдта гуыффæ...

Мæнæ ацы хабар мæхицæн дæр чидæр радзырдта. Хæсты фæстæ уæртæ Чырыстонхъæуæй нартхор Æрыдоны хорисæн пунктмæ ластой. Иу лæг уырдыгæй бæхуæрдоны уисын гуыффæйы дзаг æрбаласта, уæдæ цы уыдаид, акалдта йæ уым кæрты астæу æмæ фæстæмæ аздæхт, фæлæ йыл фæндагыл æрталынг ис. Сæхимæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ йыл бирæгъты бал бамбæлд, бæхыл сæхи андзæрстой, уымæн йæ зæнгтæ фæтасыдысты æмæ размæ фæцудыдта, лæг та уисын гуыффæйы уæлгоммæ ахауд. Хæрынц зыдæй бæхы, фæйнæрдæм æй тонынц, лæг сæм кауы хуынчъытæй кæсы уыцы тарст æмæ æнæхъаруйæ, йæ къухы æрмæст зæронд ехс.

Уыцы тары никуыдæм тагъд кодтой бирæгътæ, хъыгдарæг сæ нæ уыд, сæхи хорз бафсæстой æмæ сæ, æвæццæгæн, бæхы хицау ферох. Куы ацыдысты, уæд лæг йæ мидбынаты рабадт, зæрдиагæй фæкуыдта йæ бæхыл дæр, йæхиуыл дæр, цалынмæ йыл боныцъæхтыл фыццаг фæндаггонтæ нæ бамбæлдысты, уæдмæ...

Ацы фæндагыл ма мæнæ иу ахæм бæллæх æрцыдис... Иу æхсæв та уыцы бирæгъты бал иу æнафоны фистæг фæндаггоны расырдтой. Уый, мæгуыр, йæ бон куы базыдта, уæд телыхъæдмæ, цас йæ бон уыд, уыйбæрц хæрдмæ сбырыд, иу дзырдæй, уыдон æм куыннæ æххæссыдаиккой, афтæ. Фæлæ бирæгъ рагæйæрæгмæ дæр цы у, уымæй хин æмæ кæлæн у. Бавдæлдысты æмæ æмхуызонæй се смаг уадзын райдыдтой, уый та тынг хъæхъхъаг у, раст маргæй уæлдай нæу. Уыцы æнахъинон тæф лæгмæ хæрдмæ фæцыд, уымæн йæ сæр разылд, расхъиудта

уырдыгæй... Йæ рон ма дзы баззад телыхъæды бын æфсæйнаг цæгимæ.

Уæртæ Дзæгъиппарзæй Æрыдонмæ уыцы фæззæг паддзахадон хæсæн нартхор чи ласта, уыдон-иу хатгай æнафонтæм бафæстиат сты æмæ-иу уæд сæ фæйнæфæрсты обæуттыл балбирæгътæ ниуын райдыдтой. Куыддæр-иу уый фехъуыстой, афтæ-иу бæхтæ дзыхълæуд æркодтой, нæдæр размæ, нæдæр-иу фæстæмæ куымдтой. Æмæ сын уæд колхозы уæды сæрдар Куыдзойты Михел семæ цуаноны æрвитын райдыдта, уый-иу топпы гæрæхтæй уыцы æнæфсис бирæгъты асырдта...

## *Заманхъуйлаг Хъæстуаты Булкъон:* «Бирæгъы лæппынæй куыдз нæ рауади...»

– Æз мæхæдæг хорз кæй зонын, æвдисæн кæмæн уыдтæн, ахæм хабæрттæ дын дзурын, Дамир...

Иу уалдзыгон бон нæ сыхæгты иу хæдзары сывæллæттæ хъæдмæ зокъодзуан ацыдысты, фæлæ фæндагыл бирæгъы хъоргъыл сæмбæлдысты, ныббырыдысты дзы æмæ йын йæ лæппынты рахастой, сæ ацыды сæйраг хæс сæ æрбайрох. Уæдмæ мадæл бирæгъ йæ бынатмæ фæзынд, фæлæ сывæллæтты куы федта, уæд æрæмбæхст, стæй сæ фæд сæ фæд хъæумæ æрбахъуызыд, быруйы сæрты кæртмæ бахызт æмæ æппæтæн дæр æнæнхъæлæджы бинонтыл йæхи ныццавта, фæхæстытæ сыл кодта, бæстæ цъæхахст сси, æмæ уæд сырд фæтарст æмæ та ногæй быруйы сæрты атæррæст кодта, хъæугæрон æрхы æрбадæлдзæх. Уымæй нымад бонтæ рацыд æмæ иннæ бирæгътæ дæр хъæумæ лæбурын райдыдтой, ницæмæй æмæ никæмæйуал тарстысты, хъæуы тæккæ астæу бон-сихорафон заинаг хъуг аргæвстой, иу бæхы къубал адзæнгæл ластой, кæйдæр скъæты фыстæ бахордтой...

Цыбыр дзырдæй, сæ лæппынты маст истой. Æмæ уæд сыхы хистæртæ уыцы бинонтæн загътой:

– Уæ сывæллæттæн зæгъут æмæ уыцы лæппынты фæстæмæ сæ бынаты æрæвæрæнт, кæннод уый йæ маст исын нæ ныууадздзæн, ардæм та сæ хъæуы æмæ уæхи дæр æмæ мах дæр фыдбылызæй бахизут...

Байхъуыстой сæм бинонтæ, ахастой сæ.

Иннæ хабар та ахæм уыд... Нæ зындгонд хъæдгæс Мырыкаты Мæхæмæт хъæды иу хъоргъ ссардта, авд лæппыны дзы разынд,

рахаста сæ уырдыгæй. Æвæццæгæн, уыцы рæстæг сæ мад искуы цуан кодта. Фæндагыл ыл сæмбæлд йæ хъæуккаг Хъуысаты Джебра æмæ йын ныллæгъстæ кодта, иу, дам, мын дзы ратт, мæхицæн дзы хæцаг куыдз саразон. Иу дзырдæй, нæ йæ ныууагъта лæмæгъзæрдæ Мæхæмæты æнæ ратгæ, иу туман къаддæр, дам, æхцайы преми куы нæ райсай, уæд уый дæ хæдзары фарныл нæ фæзындзæн.

Бонтæ рацыд, лæппын бирæгъæн Хъуысаты æндарæны æвзæр цард нæ уыд, хæринаджы хорзæй йын ницæуыл ауæрста. Фæлæ иу бон Джебра горæтмæ цыд æмæ бирæгъы йæ бынатæй фыццаг хатт рауагъта, уадз æмæ, дам, нæ гом кæртмæ цъиу æрбатæхын дæр ма æрбауадза. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, бирæгъ йæ кæнонтæ никуы ныууадздзæнис, зæгъгæ. Изæры хæдзары хицау горæтæй куы æрыздæхт, уæд кæсы, æмæ дæ балгъитæг дæр афтæ: бирæгъы лæппын хуыссы, йæ алыварс та, кæй ныццагъта, кæй къубæлттæ атыдта, уыцы карчы лæппынтæ туджы сæвдылдысты. Джебра айтæ-уыйтæ нал фæкодта, хъыримаг раскъæфта æмæ йыл дæнг-дæнгæй ралæууыд...

Уæдæй фæстæмæ Джебра куыдз нал скодта.

## *Цуанæтты хæдзарады директоры раздæры хæдивæг Баситы Хъамболат:*
## «Немыцагæн æрмахуыр бирæгъы амарын кодтам...»

Æмæ-иу нæм уазджытæ кæцæй не 'рбацыд?!. Уыдон иууылдæр бирæ æхцатæ фыстой, уæлдайдæр фæсарæйнагтæ, æмæ сыл цинæй дарддæр ницы кодтам. Иу хатт та нæм Мæскуы дыууæ немыцаджы сæрвыстой, рагацау нæм сдзырдтой, иу, дам дзы хъуамæ арс амара, иннæ та – бирæгъ, æцæг, дам, афтæ бакæнут, цæмæй хабæрттæ бонырухсæй ацæуой. Телефоны хæтæл йæ бынаты сæвæрдтон, æвæццæгæн ыл мæ къухты хъарм нæма атадаид, афтæ та ног дзæнгæрæг – партийы обкомæй. Билар, дам, афтæ зæгъы: дæлæ уæм Мæскуыйæ дыууæ немыцаджы цуаны ссæуынц, æмæ уæхи куыд æмбæлы, афтæ равдисут, нæ республикæ нын ма фæхудинаг кæнут, Германы цæсты нæ ма бафтаут. Иудзырдæй, алцыдæр нын æмбæрстгонд уыдис.

Арсы тыххæй мæ зæрдæ ницæмæ æхсайдта, уыйас дæр æй куы хъуыдаид, фæлæ фæстаг рæстæг не 'мбырдты цуанæттæ цалдæр хатты бафиппайдтой, хъæдрæбынты, дам, ногуард митыл

бирæгъы фæдтæ нал уынæм, æвæццæгæн, дам, уæллоз хохы сагты рæгъауыл бамбæлдысты æмæ сын æхсыд нæма фесты, науæд та, дам, дард æндæр ранмæ афардæг сты. Ууыл æз нæ бауæндыдтæн æмæ мæхæдæг бæрæггæнæг ацыдтæн, æнæ ницæмæй æрыздæхтæн.

Цы чындæуа? Нæ бæрнондзинад æмбæрстам, катай кодтам, нæ уазджыты ныхæстыл дарæм, ноздджын дæр ма сæ фæкодтам. Арсы мæтæй рæвдз схицæн стæм, немыцаг диссаджы дæсны цуанон разынд, зыбыты иунæг æхстæн æй сфæлдæхта, йæ цуры йын дзуццæджы бадгæйæ йæ къам дæр ма систам, уæртæ нæ альбомы дæр ис. Фæлæ бирæгъ зынæг нæ уыдис, æмæ, кæйдæр загъдау, нæ быны дон куы бацыдис, уæд мæнæ цы æрхъуыды кодтам: нæ цуанæттæй иу, Зауырбег, горæты сæрмæ йæ сæрдыгон хæдзары бирæгъ дардта. Иу цалдæр азы размæ йæ лæппынæй бахаста, бафæлварон, дам, цымæ дзы цы рауаид, æрмахуыр кæны æви нæ.

Уæллæй, Дамир, сæрмахуыр ис, тынг æнувыд уыдысты кæрæдзиуыл, уым ма цы цæхæрадæттæ уыдис, уыдоны хицæуттæ та йæ куыдз æнхъæлдтой, æмæ дзы тæрсыны кой нæ уыди. Гъемæ уæд уыцы Зауырбегмæ бауæндыдыстæм, дæ бирæгъы нын ратт, зæгъгæ, афтæ æмæ афтæ. Не сразы, цытæ, дам, дзурыс, мæ комы комдзæгтæй кæй фæхастон, уый мын топпы дзыхмæ куыд тæрыс. Дзургæ нæ ныууагъта æмæ тæргайæ ацыд. Ууыл цалдæр минуты рацыд æмæ та нæм партийы обкомæй дзурынц, бирæгъы хабар, дам, куыд у. Куыд сæ асайдтаиккам? Зауырбеджы тыххæй дæр ын загътам. Æмæ уæд афтæ зæгъы, бауромут, дам-ма йæ, æз уæм фæцæуын.

Фæсте асырдтой Зауырбеджы, машинæйæ йæ æрбаластой, обкомы лæг дæр æрбахæццæ. Цыппарæй нæхиуыл кабинет сæхгæдтам, æмæ дæ бауырнæд, Дамир, сахаты бæрц ын лæгъстæ фæкодтам. Мæнæ мæнæн куыд загътой, афтæ та уымæн дæр: республикæ худинаг ма фæуæд, сæ дардæйæрцæуæг уазæгæн иу гæвзыкк бирæгъ ссарын сæ бон нæ баци, зæгъгæ, Билары искæй цæсты ма бафтауæм, ноджы уыцы рæстæг Герман æмæ нæ Цæдис кæрæдзимæ цæуылдæр фæхæрам сты æмæ алы уыцырдыгон уазджытæй алкæмæн дæр лæгъстæйаг стæм, стæй, æппынфæстаг, коммунист дæ, дæ дзыппы партион билет хæссыс, кæдæй-уæдæй дæ партийы обком цыдæр куры, дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр бирæгъ, æллæх-æллæх, уагæр-ма æндæр исты куы уаид...

Обкомы кусæг дын дзурын ма зона! Сразы Зауырбег, уæдæ ма цы акодтаид, йæ къух æм радта.

Дыккаг бон Зауырбег йæ бирæгъы, æнахуыр ном ын уыдис – Дурак, хъæды кæронмæ сласта, уым ын æхсæрбæласы бын дзидзайы къуылдых аппæрста, йæхæдæг йæхи æрдузмæ цæуæг скодта, стæй иннæ фæрсты рахъуызыди, абадт йæ машинæйы æмæ дæлæ горæтырдæм стырындз. Бирæгъ æй æрæджиау ауыдта, цы ахъуыды кодта, Хуыцау йæ зонæг, æррайау фæцис æмæ йæ фæсте расырдта. Ныр мах та Зауырбеджы комкоммæ сцæйцыдыстæм, афтæ ныхасгонд уыдыстæм. Нæ уазæг ницы æмбары, разæй шофыры фарсмæ бады. Бирæгъ ма дард уыдис фæсте, фæлæ Зауырбег куыддæр нæ дæле фæци, афтæ æз ацамыдтон, зæгъын, уæлæ уыцы машинæйы бирæгъ æрсуры. Фæурæдтам, немыцаг йæ фæсонтæ капотмæ ацарæзта æмæ Дуракыл ралæууыд, уымæн уайтагъд йæ хъиу-хъиу ссыд, стæй фæфæлдæхт.

Ницы бамбæрста нæ уазæг, ницæуыл фæгуырысхо. Бастыгътой йын æй æмæ хуымæтæджы цин кодта. Уымæн дæр та йæ къам систам, иуцасдæры фæстæ йын æй йæ фæдыл арвыстам. Куы цыдысты, уæд сын ирон æгъдаумæ гæсгæ фынг сарæзтам, нуазæнтæ дæр ма сын радтам. Зауырбег дæр уым уыдис, уыцы æнкъардæй фæбадтис, стæй йын уазæг къуымæлдзæфæй йæхицæй куы раппæлыд, чи дæ расырдта, уыцы бирæгъы дæндæгтæй дæ æз фервæзын кодтон, зæгъгæ, уæд йæ зæрдæ суынгæг, абон дæр ма мæ цæстытыл уайынц, йæ цæссыгтæ куыд рахъардтой, уый.

Дыккаг бон Мæскуымæ ныдздзырдтам, зæгъын, уæ фæндон уын сæххæст кодтон, разыйæ нæ ацыдысты немыцæгтæ.

– Æгас Советон Цæдисы кад бахъахъхъæдтат, арфæ уын кæнæм, – загътой нын уыдон.

Мæхинымæр, куы йæ зониккат, куыд æгъдауæй йæ бахъахъхъæдтам уыцы кад, уæд дис кæниккат...

Иуцасдæры фæстæ нæм, бирæгъ чи амардта, уыцы немыцаг мæнæ ахæм фыстæг сæрвыста: «Мæнæн ахæм диссаджы цуан чи сарæзта, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр зæрдæбын салæмттæ. Нæхимæ куы æрыздæхтæн, уæд загътон, зæгъын, цуаны никуыуал ацæуудзынæн, лæг дзы æгæр сфæлмæцы, уæлдайдæр мæ карæн, фæлæ мæнæ диссаг: мæ фæллад куы ссыди, уæд та мæ ногæй æрфæндыд уыцы хохаг къахвæндæгтыл ацæуын, сымах фенын. Цыбыр дзырдæй, Ирыстоны цуаны цы бонтæ арвыстон,

уыдон мыггагмæ дæр рæсугъд мысинагæй баззайдзысты мæ зæрдæйы. Уымæ гæсгæ стыр бузныг зæгъын хайады хицæуттæ Дзуццы-фыртæн, Мысыкаты лæппуйæн, æппæт цуанæттæн дæр, мемæ чи бафæрæзта. Бузныг тæлмацгæнæгæн, машинæ скъæрæгæн. Æвæццæгæн та уæм фæцæуын, ныр бирæгътыл цуаны нæ, уый æгæр зын у, ныр та хъæддаг хуытыл бафæлварон. Æцæг мæм рагацау иу курдиат ис: æгæр-иу мын мауал баназын кæнут...

Æппæтæй зæрдиагдæр салæмттимæ
Клаус Шарайна,
г. Вайдманнхайль».

## *Журналист Джусойты Нинæ:*
## «Дзанг бæласмæ сбырыд, Миха та аг йæ уæлæ æрфæлдæхта...»

Ацы хабæрттæ æз мæ фыдæй фехъуыстон, ныр сæ æз та кæстæртæн фæдзурын, сырдты кой нæм куы рауайы, уæд.

Мæ фыдыфыдæн йæ фыдыфсымæр Дзанг хуындис. Кæд ыл азтæ дзæвгар цыди, уæддæр ма гъæйтт-мардзæ сæрæн лæг уыд.

Иу бон сфæнд кодта Къуыдаргоммæ йæ мадырвадæлтæм ацæуын. Бахизæн æм уыди Билуртайы æфцæгыл. Кæд сырдтæй æдас нæ уыд, уæддæр ууылты фæраст и тагъддæр бахæццæйы ныфсæй. Фæззыгон бон уыд, æмæ æфцæджы сæрмæ куы схæццæ, уæд арв сасæста, мигъ ныббадт æмæ цалдæр санчъехмæ лæг ницыуал уыдта. Æваст ын йæ буар судзинау ахуынчъытæ кодта бирæгъы ниуд. Дзанг кæд хъæбатыр лæг уыд, уæддæр фæтарст: цы хъуамæ акодтаид æнæ хæцæнгарзæй! Йæ иунæг ныфс – йæ фарсыл баст джидæ фæрæт. Йæ мадыфсымæрæн æй лæварæн бæргæ хаста, кæд ма æвыдæй аирвæза, уæд.

Цалынмæ Дзанджы сæры уыцы хъуыдытæ кæрæдзи ивтой, уалынмæ бирæгътæ фондз баисты. Бамбæрста лæг, кæй сын ницы бакæндзæн, уый. Йæ фæстаг ныфс ма уыди, чысыл фалдæр цы къæбузджын кæрдо бæлас уыд, уый. Æвваxсæй-æвваxсдæр кодтой. Сæ дæндæгты къæрцц-къæрцц куы иу ранæй райхъуысы, куы иннæ ранæй. Æмæ та Дзанг дæр удаистæй йæ цыд фæтагъддæр кæны, йæ фæрæтыл фидар хæцы, афтæмæй. Йæ иунæг бæллиц сси гæмæх ранæй аирвæзын, пирдзыхты фæндиаг нæ фæуын. Мæнæ йæм ныр фæлæбурой, зæгъгæ, афтæ Дзанг

дæр бахæццæ бынатмæ. Йæ амондæн бæлас кæд бæрзонд уыд, уæддæр йæ бинаг къабузтæ дæлиау уыдысты, æмæ Дзанг иу гæппæн йæ уæлæ февзæрд. Бирæгътæ æррайау фесты, мæстыйæ йæ алыварс зилынц æмæ та сæ зæрдæхалæн ниуд айхъуысы æхсæвы талынджы. Куыддæр бæласы цонгыл бæстон бадт æркодта, афтæ йæ сæрмæ цыдæр уынæр фæцыд. Лæг хæрдмæ фæкаст æмæ ронæй баст куынæ уыдаид, уæд ын æнæ рахаугæ нæ уыд: йæ тæккæ сæрмæ бæласы ставддæр цонгыл бады дынджыр бур арс æмæ кæрдотæ хæры.

Йæ тыхулæфтæй бæрæг уыд, кæй бафсæст æмæ йæ рæхджы уырдыгмæ кæй хъæуы.

Катайы бацыд: цы хуызы аирвæза? Æваст Дзанджы сæры ферттывта диссаджы хъуыды: фелвæста йæ фæрæт æмæ дзы, арс цы къалиуыл бадт, уый æрцæфтæ кодта. Уымæн йæ къæскъæс ссыди æмæ уайтагъд арсæн йæ тъупп зæххыл фехъуыст. Бирæгътæ афтæ фенхъæлдтой, лæг æрхаудта, æмæ йыл сæхи андзæрстой. Бацайдагъ æвирхъау тох. Арсы æккоймæ цы бирæгъ баирвæзы, уый йын йæ царм фаркгай рарæдувы, йæ дзæмбытæм дзы чи бахауы, уый та арс хыссæйау снæмы. Суанг боныцъæхтæм ахаста сæ тох. Дзæбæх æрбабон, афтæ арс адæргъ æмæ йæ уд систа. Йæ фарсмæ æнусон фынæй баисты бирæгътæ дæр æртæйæ. Дыууæ ма дзы æнæбары хъеллæуттæгæнгæ фæауон сты хъæды.

Дзанг дæр ма цы бадтаид бæласыл! Æрхызт фæллад æмæ хуыссæгхъæлдзæгæй, стæй араст йæ фысымтæм...

Мæ фыды иннæ мысинаг та ахæм уыд:

– Дзебаты Миха царди Хуссар Ирыстоны Нагутнийы хъæуы. Уæды рæстæджы ирон адæм иу дзуары бон дæр æнæ бæрæггæнгæ нæ уагътой.

Михайы бинонтæ дæр иухатт сфæнд кодтой бæгæны бахсидын Бæлдæрæнмæ æмæ йæ цæуын бахъуыд цæдджинагмæ сыхаг хъæумæ. Аг уыдис Цхуырбаты Цицомæ. Цицо кæрдзындæттон лæг уыди, куыд рауагътаид йе 'рдхорды афтæмæй! Хорз æй суазæг кодта, нуазгæ дæр куыннæ акодтаиккой. Æрталынг, афтæ Миха цæуыныл ныллæууыд. Цицо йæ нæ уагъта, ахсæв ам лæуу, æнафон у, зæгъгæ, фæлæ уый не сразы.

– Дыууæ къахдзæфы у ардыгæй уырдæм, цы бауайын хъæуы, – загъта лæг æмæ уæззау цæдджинаг йе 'ккоймæ систа.

Дыууæ хъæуы æхсæн иуцасдæр къутæрджын лæнкау ахас-

та, арæх-иу дзы фæзынди сырдтæ, уый зыдта Миха æмæ тындзыдта. Фæлæ лæг алы хатт рæствæндаг кæм фæвæййы! Уырдæмты куы бахæццæ, уæд йæ рæзты æрбаивгъуыдта бирæгъ. Миха йæ раздæр куыдз фенхъæлдта, фæлæ уалынмæ кæсы æмæ йæ алыварс цалдæрæй зилынц, уый хъæр кæнын райдыдта хъæумæ æххуысмæ, фæлæ уый нырма дæрддзæф уыд, чи йæ фехъуыстаид! Стыхст, мæгуыр, йæ сæр кæм бафснайа, ууыл.

Миха айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ йæ цæдджинаг йæ уæлæ æрфæлдæхта. Бирæгътæ аджы алыварс схъомпал сты, архайынц йæ афæлдахыныл, сæ дæндæгты къæс-къæс цæуы. Фæстагмæ афтæ сцыбæл сты, æмæ сæ дзæмбытæй аджы чъилты бын къахын райдыдтой. Фæлæ та Миха уымæн дæр хос ссардта: мидæмæ сæ кæй къах базыны, уымæн æй кардæй фæрæхойы, æмæ та бирæгъ тæригъæддаг ниуд ныккæны, афтæмæй йæ къах тугкалгæ аскъæфы. Афтæ суанг боныцъæхтæм. Бирæгътæ сæ бон базыдтой æмæ сæ туджы фæд уадзгæ сæхи айстой.

Миха тыхтæ-фыдтæй аг иуварс аппæрста æмæ рахылд йæ бынæй. Цы нæ фæкодта, йæ бон æй йе ‘ккоймæ сисын нал бацис. Йæ хæдзармæ æрцыд, стæй йæм кæйдæртимæ хæссынмæ аздæхт...

*Уыдзæн ма*

# МÆ СЫГЪДÆГ ÆУУÆНК

## ДЗЫРД

Уе ‘дзæлгъæды ныхас ерысæй –
Нартхор лæхурдæн куыд æрыссай.
Урс цæппузыр мын фест денджызæй,
Гакъайы топпыхос, менджы сой!..

## СÆРМÆТÆН

Æрвайдæны цъæх ис дæ цæстыты,
Мæ сызгъæринкоцора гуырд.
О, ирддæр стъалытæ куы нæ сты, куы,
Сæ иу ыскасты аргъ, бæгуы.

О даллытæ, даллытæ, даллытæ,
О реуатæ, реуа, гæбул!
Куы скæсы хур – фесæфынц стъалытæ,
Ды дæр мын дæ гъе уыцы хур.

Нæ хæдзар дæу фæрцы зæдбадæн у,
Ды та дзы – зæдыкъалиу, Зæд.
Дæу фæрцы мæхи хонын адæмæй,
Мæ цардæн йæ дарддæрдзу, фæд.

Нæ зоныс фæливынтæ, сайынтæ,
Ды куы дæ мæ сыгъдæг æууæнк.
Фæлæ мын куы ауайай уайæнты,
Уæд фендзынæ – дуне у мæнг.

Зæнæджы зæнæг, дам, зæнджымагъз у,
Мæ фидар бындур куы дæ ды.
Мæнг дунейы цъыф дыл куы ныхæса,
Уæд уый та зæнджы магъз сæтты.

Сывæллоны зæрдæ, дам, зонаг у,
Фæлывдæй йыл рацæуæн нæй!
Цæй хорз у, кæй фæцæуынц зондагур
Зæрондмæ, кæй нæу зонд гуырцæй!..

Мæ къухыл куы ахæцыс: «Акъазæм!» –
Фæцæйтæхын демæ æз дæр.
О ахъазæм, ахъазæм, м 'ахъаззаг,
Зæронды базыртæ – кæстæр.

Нæ хъазæнхъул, ахъазæм, ахъазæм,
Ды – барджын, цæуы мыл дæ бон.
Нæ дæ сайын, ахъазæм, м 'ахъаззаг,
Ыссывæллон вæййы зæронд...

* * *

Мæ кæуындзæг хъуыры æлхынцъæй фæбадти,
Йæ кæрдзыны ном дæр куы нæ зоны саби.
Ысдойны, ныйирд ысты цæстытæ донмæ,
«Æри дон» зæгъын та иронау йæ бон нæу.

Гъе афтæ нæ рæзгæ сывæллæтты уарзæм,
Æрмæстдæр кæстæрæй дон нуазæм, дон нуазæм.
Нæ арфæйы «донарæхæн – дæ цард» хъарæм,
Фæлæ сæ мах афтæмæй дойныйæ марæм...

Былдауæн сын акæнæм не 'взаджы мыртæй,
Мæлæг удæн донæй куыд сæрдай йæ былтæ.
Ысуадзæм сын, гормон, ысуадзæм æмбойны
Сæ мадæлон æвзагæй, уæдæ, сæ дойны!..

Сывæллоны дзыхæй куыд æлвасыс уидыг,
Дæ тала бæласæн куыд марыс йæ уидаг?!
Уый чи загъта: «Иуæн дыууæ дæр æфсад у?!»
Туг тугæй нæ ивынц. Тыхджын дæ, туг, сабух!..

* * *

Йæ уаты къулы иу ранмæ æдзынæг
Ныккасти мад. Йæ цæстыты тæдзынæг
Цыма ныртæккæ ахуынкъ кæндзæн дур,
Стæй джих цæстыты бацыд, мигъау, къул.

Йæ былтæ мадæн базмæлынц гæзæмæ.
Йæ хъæбултыл куы нæ лæууы гæдзæмæ.
Йæ удлæууæнтæ уыдон сты, æмæ
Фæкодта йæ зæрдæдзургæ сæ мæт.

Хъæр. Цæстыты раз сыстадысты къултæ.
Æрбахызтысты къæсæрыл йæ хуртæ.
Йæ уд æрцыд ныййарæгæн, æрцыд,
Цыма йыл раст дунейы хæрзтæ ‘рцыд.

Ныр хуыссæгæй йæ цæстытæ фæсайдта,
Цæмæдæр ма уæддæр йæ зæрдæ ‘хсайдта.
Фынæйæ дæр зæрдæдзургæ кæй уыд,
Уый, раздæрау, йæ былты змæлдыл зынд...

* * *

Мерс кæнынц адæм гуырмусæй,
сты карз ноззтæй хъæлдзæг,
Райсом сæ, къаты бон, цыма цæрын дæр нæ хъæудзæн.
Ног аз – сæ цинаг, гуыпп æмæ гæрах ысси бæстæ.
Иу бон та афтæмæй алчидæр мæрдтæм фæхæстæг...

Хорз у, къуыбылойау, цард кæй у тухгæ ‘мæ халгæ,
Æмæ нæ тухæн нæ разæй кæй фæцæуы алкæд.
Алы кæрон дæр кæмæндæр, цæмæндæр у райдиан.
Ног фæндты къуыбылой Ног азы халынтæ райдай...

## НАФИЙЫ НЫМÆТХУД

Куы фенын нымæтхудджын, – цыма Нафи,
Нæхи Нафи та нæм фæзыны, нæхи.
Куыд сæрыстыр уыди нымæтхуды, райгонд,
Йæхæдæг дæр цыма нымæтхуды райгуырд...

Йæ фендмæ нымæтхудмæ уыдтæн бæллæг...
Лæг худæй кæд уыди, хъæуы худæн лæг!
Нафийæн йæ худы бын алкæд лæг уыди,
Мæ нымæтхуды бын – нымæтхуды къуыдыр...

* * *

Калы арв къæртайæ
Калæгау – сæх-сæх.
‘Нæрынцой къæвдайæ
Сси, инджынау, зæхх.

Фегуыппæг, фæсыкк и,
Раирд кæны арв.
Хуры цæст фæзынди –
Сиры дзыхъхъы царв.

Æз куырм вæййын рухсмæ,
Хъæрмæ та – къуырма,
Сабыры мæ хъустæ
Фегом сты цыма...

Хуры тын – æрæджиау
Хорзæхау – хуыдзау.
Цæстыты мырæджы
Бахауди цырвау...

Хур йæ цæст ныкъулæд,
Найæд хур йæхи.
Къæвда æмæ хуры
Хорзæх нæ кæй и!..

* * *

Хъилхъæдур ивазы хурмæ йæхи,
Уæлдæфы ауыгъдæй баззад.
Тухынафон ын сагъд не ‘рцыди хъил.
Судздзæн æй, судздзæн, фыдазар!..

Раст цыма саби цæуылдæр фæкалд,
Сивæзта, мадæнхъæл, къухтæ,
Фæлæ нæ фæци йæ разы йæ мад
‘Мæ сæ кæй æфцæгыл туха...

Исдуг мæ уымæн зæрдæйæ фæндыд
Йе ‘нцой хъæдурыхъил фестын,
Фæлæ мæ катай хæрз дзæгъæлы уыд,
Чи кæлы, уый зоны фестын...

Сау хъæлæрдзыйы фæдджийыл фæхæст,
Сбырыди къомси бæласыл.
Кæрдойы сæрæй йæ, уæртæ-ма кæс,
Чидæр æд кæрддзæмтæ ласы...

* * *

Гæр-къæр, гæр-къæр – гæркъæраг,
Куы нæ систай дæ сæрыл!..
Гæды уа, куыдз – нæ уарзыс,
Ыскæсын сæ нæ уадзыс.

Фæтарсти дæ дыгоппон,
Куы нал хъуысы йæ опп-опп.
Къуыртты-иу бадт нæ цары
Хырхæйфадæнты хъармы.

Æдзæстхиз у зæрватыкк,
Æрзылдис-иу мæ уаты.
Ныр нал тæхы æмгæрон,
Фæтарсти дын дæ хъæрæй.

Нæ къуырттон карк йæ цъиутæм
Сси удаистæй сидæг,
Æрбадти сыл пæлæхсар,
Куыннæ ‘рцæуа бæллæх сыл.

Гæр-къæр, гæр-къæр – гæркъæраг,
Куы нæ систай дæ сæрыл!
Цы дæм зыны – сызгъæрин,
Уæд дын нæй иу æмдзæрин?!

* * *

Цы хабæрттæ, дам дæм уыди
ног азы,
цы хабæрттæ.
Зæгъын, мæм ног хабарæй
ницы уыдис
æппындæр.
Фæлæ, зæгъын, куыд вæййы
алкæддæр:
мæ сæрыхъуынтæ
даргъдæр фесты,
мæ цард –
цыбырдæр.
Æмæ, дам, ма мæт кæн,
мæ хур,
дæ маст
нынныхъуыр.
Цæрдхæцинæй, дам, фæзайы
хил,
сæрыхъуын,
нæ цард та, дам, куы кæнид
даргъдæр,
уæд ын нæ кæниккам афтæ
аргъ дæр...

# КАРЛ МАРКС: 200 АЗЫ



*Карл МАРКС*

# ХЪУЫДЫТÆ

✦ Цавæрфæнды æхсæнадæн дæр тыхми у æвгъæдгæс усы хуызæн, æхсæнад ног хъуыддæгтæй æнхъæлцау куы уа, уæд.

✦ Фыссæгмæ хъуамæ æхца æфта, цæмæй цæрын æмæ фыссын йæ бон уа, уый тыххæй, фæлæ æрмæст æхца исыны охыл ма цæра æмæ куса.

✦ Политикæйы бæлвырд нысаны сæрвæлтау суанг дæлимонимæ дæр æмцæдисон суæвæн ис; æрмæст дæ хъуамæ фидарæй уырна, дæлимон дæ кæй нæ афæливдзæни, фæлæ ды дæлимоны кæй афæливдзынæ, уый.

✦ Хъомылгæнæг хъуамæ йæхæдæг хъомылгонд уа.

✦ Революцитæ сты историйы локомотивтæ.

✦ Чи нал ис, уыцы фæлтæрты традицитæ пъæззыйау тухæнæй марынц удæгæсты.

✦ Дин адæмæн опиум у.

✦ Æмлæгъз фæзы цыфæнды къуыбар дæр адæймагмæ къуылдымы хуызæн фæкæсы.

✦ Лæгдыхæй дын ус ничи æрхæссын кæндзæни, фæлæ иугæр бинонты хъуыддаг куы бакæнай, уæд дæ хæс у закъонтæ æххæст кæнын.

✦ Адæймаг æрмæст йæхицæн куы куса, уæд гæнæн ис, æмæ дзы рауайа номдзыд ахуыргонд, зонды лæг, хорз поэт, фæлæ дзы æцæг стыр, алцæмæй æххæст адæймаг никуы рауайдзæни.

✦ Гуырымыхъхъ, æнæфенд адæймаг цæттæ вæййы искæцы удгоймаджы æппæты æвзæрдæр, æппæты æнаккагдæр рахонын, йæ мазолыл ын æнæбары кæй ныллæууыд, уый тыххæй. Ахæм гуырымыхъхъæн йæ мазол свæййы адæймаджы æппæт митæн барæн-аргъгæнæн.

✦ Æфсондз хæссын æлгъаг ми у, суанг сæрибары сæрвæлтау дæр.

✦ «Паддзахады æххуысæй адæмы хъомыл кæнын» ницæ-

йаг хъуыддаг у. Хъуамæ иннæрдæм уа: паддзахады хъуамæ карз мадзæлттæй адæм хъомыл кæной.

✦ Размæ цæуынæн дыууадæс программæйæ иу къахдзæф акæнын ахсджиагдæр у.

✦ Карз закъонтæ райгуырынц тæппуддзинадæй, уымæн æмæ тæппуд хъаруджын вæййы æрмæст æгъатыр уæвгæйæ.

✦ Рæстдзинад дæр рухсы хуызæн бынтон хæдæфсарм нæу.

✦ Моралон тыхæн закъоны параграфтæй саразæн нæй.

✦ Адæмы хъуамæ лæгдыхæй раздахай, цæмæй сæхæдæг сæхимæ æркæсой æмæ дзы тас бацæуа, мæнæ цы зауууаты уавæры стæм, зæгъгæ. Æрмæст сæм уæд æрцæуудзæн æхсар.

✦ Æндæр адæмæй йæхицæн цагъар чи кæны, уыцы адæм сæхицæн рæхыстæ аразынц.

✦ Тыхмийæн кæрон скæнæн ис æрмæстдæр тыхмийы фæрцы.

✦ ...Наукæмæ бацæуæн цыма раст зындонмæ бахизæн у. Хъуамæ йыл фыст уа: «Ам уд хъуамæ æндонæй фидардæр уа. Ам тас хъуамæ æппындæр уынаффæ ма кæна».

✦ Алы нацийæн дæр йæ бон у æмæ хъуамæ ахуыр кæна иннæтыл.

✦ ...Наци æнæхъæнæй дæр æфсæрмы кæнын, худинагæй тæрсын куы байдаид, уæд уаид, сæррæтт кæнынмæ йæхи чи ‘рбамбырд кодта, ахæм домбайы æнгæс.

✦ Æнæфенддзинадмæ дæлимоны тых ис, æмæ мах тæрсæм, уый ма рæхджы бирæ трагедитæ куы расайа, уымæй.

✦ Рагон адæм дзырдтой: дæхицæн исты хæрзтæ-бæркæдтæ амал кæн, цæмæй бахъуаджы сахат дæ хæлæрттæн æхххуысхъом уай. Æвæдза, цы арф хъуыды ис ацы ныхæсты!

✦ Цагъары цагъар у – уымæй ма æбуалгъдæр ми исты ис!

✦ ...Алы адæймагæн дæр йæ сæрибар рæзт ахъаз у æппæт адæмы рæзтæн дæр.

✦ Иу адæймаг дæр сæрибары ныхмæ нæ тох кæны. Адæймаг æппæтæй тынгдæр тох кæны иннæты сæрибары ныхмæ.

✦ Æнцон у зæд уæвын, адæймаг уæвын дæ куынæ фæнда, уæд.

✦ Адæймаджы зæрдæ диссаг у, уæлдайдæр æй дæ чыссæйы куы хæссай, уæд.

✦ Уадз æмæ цард мæлгæ дæр кæнæд, фæлæ мæлæт хъуамæ ма цæра.

✦ Привилегитæ кæмæн ис, уыдоны æфсарм у привилегиджын æфсарм.

✦ Худинагæй тæрсын, зæгъæн ис, у революци.

✦ Кæд характер фадæттæй аразгæ у, уæд хъуамæ фадæттæ адæймагуарзон скæнæм.

✦ Фадæттæ адæймаджы сфæлдисынц, адæм фадæттæ куыд сфæлдисынц, афтæ.

✦ Истори дыууæ хатты фæлхат цæуы – раздæр трагедийы хуызы, стæй та сыфы хуызы.

✦ Æз зонын æрмæстдæр иу хъуыддаг: марксист кæй нæ дæн, уый.

✦ Намыс у, адæймаджы уæлæмæ æппæтæй тынгдæр цы исы, уый. Намыс ын йе 'ппæт куыстæн дæр, йе 'ппæт бæллицтæн дæр дæтты, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм уæздандзинад.

✦ Наукæйы нæй уæрæх æмæ æмраст фæндаг. Æмæ йын йæ тæмæнкалгæ цъуппытæм схиздзæни, фæллайынæй чи нæ тæрсы, афтæмæй йын йæ дурджын къахвæндæгтыл хилын кæй бон у, уый.

✦ Æппындæр кæмæ ницы ис, уый йæхæдæг дæр ничи у.

✦ Æнхъæлдæн, адæймаг æрдзы цас тынгдæр йæ дæлбар кæны, уыйбæрц йæхæдæг свæййы æндæр адæймæгты цагъар, йе та йæхи цъаммар миты цагъар.

✦ Æнкъарæнтæй дзаг куы уай, уæд дын æнæ хъизæмаргæнгæ нæй.

✦ Ацы дунейыл цы стыр хъуыддæгтæ æрцыд, уыдонæй иу дæр æнæ тыхджын монцæй нæ сарæзтæуыд.

✦ Æнæраст хъуыддæгты фæрцы цы нысанмæ тырнай, уый раст нысан нæу.

✦ Идейæтæн сæхи бон ницы аразын у. Цæмæй идейæтæ царды рауадзай, уый тыххæй хъæуы, идейæтæн практикон тых чи ратта, ахæм адæм.

✦ Ме 'ппæт бынтæ дæр æз нывондæн æрхастон революцион тохæн... Æмæ фæсмон нæ кæнын. Ногæй мæ цæрын куы бахъæуид, уæддæр та афтæ бакæнин.

✦ Иу фæлтæрæй иннæмæ курдиатцух æнæджелбеттыты егъау бардз тырны, бæрцæй хæрз чысыл чи у, уыцы курдиатджын адæймæгты фесафынмæ, кæнæ сæ йæхи хуызæн скæнынмæ.

***ХЪОДЗАТЫ Æхсары*** *тæлмац*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

*Нæ равдысты – Аивæдты республикон лицейы ахуыргæнджытæ æмæ рауагъдонтæ* ***Пухаты Вадим, Каркуысты Роберт, Дзбойты Арсен, Есенаты Æхсар, Къодоты Софя, Анастасия Евграфова, Каркуысты Стеллæ, Куымæриттаты Зæринæ, Абайты Наталья, Бдтаты Фатимæ, Айларты Аланæ, Гончарова Ульяна, Бердиаты Роберт, Ходы Виолæ, Цæллагты Зауырбег, Харебаты Давид*** *æмæ* ***Къусраты Майяйы*** *куыстытæ. Райстам сæ, ацы аз Лицейæн цы юбилейон каталог рацыд, уырдыгæй.*



*Пухаты Вадим.* ***Мизансценæ.***



*Куымæриттаты Зæринæ.* ***Фæззæг.***



*Кæркусты Роберт.* ***Натюрморт.***



Къодоты Софя. **Сæумæрайсом.**



Кæркусты Стеллæ.
**Зæронд хæдзар.**



*Есенаты Ӕхсар.* ***Шахмӕттӕ.***



*Гончарова Ульяна.*
***А-лол-лай.***



*Анастасия Евграфова.* ***Балц.***



*Дзбойты Арсен.* ***Маргъ.***



*Айларты Аланæ.*
**Аивадон къам.**



*Бдтаты Фатимæ.* **Фæззæг.**



*Къусраты Майя.* ***Уалдзæджы комулæфт.***



*Анастасия Евграфова.* ***Фæззыгон ба.***



*Ходы Виолæ.* **Æртæ сирены.**



*Бердиаты Роберт.* **Æнустæ.**



Цæллагты Зауырбег. **Хæхтæ.**



Цæллагты Зауырбег. **Африкаг къамбецтæ.**



*Харебаты Давид.* ***Сангибаны бæхджын æфсад.***



*Пухаты Вадим.* ***Философ.***

# БЗАРТЫ РУСЛАН: 60 АЗЫ



*Руслан БЗАРОВ*

# ТЕМИРБОЛАТ МАМСУРОВ В ПЕТЕРБУРГЕ И ЧУГУЕВЕ

Шесть десятилетий, прошедшие с того счастливого дня, когда Осетия узнала имя своего первого поэта, прибавили единственный документ к скудным полулегендарным сведениям, которые заменяют биографию Темирболата Мамсурова.

По традиции, берущей начало с работы Барысби Алборова, которому принадлежит основная заслуга в собирании и публикации этих сведений, принято считать, что поэт родился в 1843 году. «По достижении 12-тилетнего возраста в 1855 году он был отправлен в Петербургский кадетский корпус учиться. В те времена туземцы выпускались из 5-го класса корнетами (первый офицерский чин), дальнейшего образования не получали. Такую же сокращенную школу прошел и Темирболат, который в 1860 году – на 17 году от роду – выпущен корнетом в Чугуевский уланский полк. Вместе с ним окончил и друг его Мамсыр Кануков» [32: 270. См. также 33: 73–74; 37: 16–17; 53: 17–18].

Цомак Гадиев считал датой рождения поэта 1845 год [36: 439]. Нафи Джусойты допускает более раннюю дату – 1842 год и называет 1861 год временем окончания кадетского корпуса [38: 57–58]. Б. П. Березов приводит 1857–1861 годы как время учебы [34: 112]. Такие расхождения, неизбежные при отсутствии документов, вызваны соображениями и подсчетами, которые зачастую совершенно справедливы, но обычно абстрактны и не подкреплелы реалиями. При этом Н. Г. Джусойты, сомневаясь в возможности получения семнадцатилетним юношей офицерского чина, и Б. П. Березов, отправляющийся от документа о возрасте Темирболата в 1859 г., все же вынуждены держаться за алборовские сведения. Самым достоверным, ни у кого не вызывающим сомнения фактом остается переселение Темирболата Мамсурова в Турцию с последней группой осетин-мухаджиров, уведенной Муссой Кундуховым в 1865 г.

Настоящая статья имеет целью проверить и уточнить известное о Темирболате, показать его пребывание в России на основе источников и в реальном контексте. Документы, извлеченные нами из архивов Москвы и Владикавказа, кажется, дают такую возможность.

**Происхождение.** Темирболат Мамсуров был сыном известного в свое время тагаурского алдара Османа Мамсурова. Имея много земли в горах и пользуясь в народе «особым уважением» [6: 126], Осман Мамсуров представлял интересы своей фамилии и всего сословия в самых ответственных случаях. Так, в 1842 г. он подписал обращение тагаурских алдаров к военному министру А. И. Чернышеву с просьбой закрепить актами их земли на равнине и возвратить древнее право взимания пошлин на Дарьяльской дороге, отнятое после восстания 1830 г. [30: 12–13]. Один из самых влиятельных феодалов Осетии, он всегда находился в центре общественной жизни. Его выбирали депутатом в сословно-поземельные комиссии, на его свидетельство ссылались отдельные лица и целые фамилии. В 1818 г. Осман Мамсуров по приглашению Ермолова выселился из Даргавса на равнину и основал первое на Гизельдоне селение, называвшееся его именем [4: 52].

Матерью Темирболата была Гаха, дочь Алхаста Кундухова и сестра печально известного Муссы. Алхаст Кундухов, дед поэта, основал, переселившись из Санибы в 1827 г., селение на Гизельдоне по соседству с будущим зятем, а в 1840 г. получил взамен этой земли, отошедшей казакам, 2800 десятин на правом берегу Терека в урочище Скуд-кох [29: 29]. Вместе с Хамурзой Тулатовым он представлял Тагаурское общество в Осетинском народном суде во Владикавказе с момента создания этого института в 1828 г. [28: 14]. Умело пользуясь своим влиянием, связями и богатством, твердо стоя на позициях сотрудничества с русскими, Алхаст сумел подготовить почву для будущего восхождения Муссы – своего сына.

У Османа Мамсурова было две дочери от первой жены Ханымхан Иналовны Дударовой, пятерых детей – двух дочерей и троих сыновей – родила ему Гаха Кундухова [34: 111]. Генеалогия Темирболата восстанавливается до Тага, легендарного предка алдарских фамилий. По мужской линии Темирболат принадлежит к девятому от Тага поколению, по женской – к десятому [6: 27–28, 126–127, 209–216, 334].

Приводим имена известных предков Темирболата Мамсурова, пользуясь нумерацией Соса-Страдонитца, которая легко разворачивается в графические схемы [55: 276–277]. Принцип ее таков: лицо, генеалогия которого составляется, получает номер 1, его отец – номер 2, мать – номер 3, дед по отцовской линии – номер 4 и т. д. Мужчинам всегда соответствует четное число, женщинам – нечетное. Номер отца является удвоенным номером его сына или дочери, номер матери – удвоенный номер сына или дочери плюс единица. Итак, номер 1. Темирболат Мамсуров; 2. Осман Мамсуров; 3. Гаха Кундухова; 4. Бзено Мамсуров; 5. Батына Канукова; 6. Алхаст Кундухов; 7. Долатхан Дударова; 8. Мурат Мамсуров; 9. Долатхан Жантиева; 12. Карац Кундухов; 13. Есенова; 14. Малсак Дударов; 15. Дакажей Канукова; 16. Шох Мамсуров; 17. Туганова (из тагиат); 24. Дадты Кундухов; 25. Мамсурова; 28. Багра Дударов; 29. Мальсагова; 32. Мамсур (родоначальник Мамсуровых); 48. Кумык Кундухов; 49. Анзорова; 50. Канцау Мамсуров; 56. Батырби Дударов; 64. Азнаур; 96. Кундух (родоначальник Кундуховых); 100. Шох Мамсуров; 112. Дудар (родоначальник Дударовых); 128. Камбий; 192. Тулат; 200. Мамсур; 256. Тага (общий предок тагаурских алдаров); 384. Камбий; 400. Азнаур; 768. Тага; 800. Камбий; 1600. Тага.

Повторяющиеся имена свидетельствуют о том, что в результате внутрисословных браков среди алдаров-тагиат Темирболат является потомком отдельных лиц по нескольким линиям. Число этих линий в некоторых случаях было, вероятно, больше, но не всегда возможно проследить их – документы часто молчат об имени отца той или иной женщины. Во всяком случае, Темирболат – потомок своего предка Мамсура по двум линиям, также по двум линиям он происходит от Канука – предка алдаров Кануковых. Только по имеющимся данным легендарный Тага – предок Темирболата по семи линиям. Все это весьма характерно для осетинской знати. Еще одна типичная черта – брачные связи с соседними народами. Анзоровы принадлежали к высшему слою кабардинского дворянства и в некоторых случаях соперничали по значению с князьями. Мальсаговы были из «лучших и почетнейших» фамилий ингушских старшин. Таким образом, по происхождению Темирболат – типичный представитель алдарского сословия, и судьба его характерна для сына своего класса и своего времени.

**Дата рождения.** В нашем распоряжении находится шесть документов, которые могут служить источником в разрешении вопроса о дате рождения поэта. Сведения одного из них (родословной росписи) опубликованы А. М. Кодзати и К. Х. Ходовым со ссылкой на Б. П. Берозова в предисловии к сборнику стихотворений Темирболата Мамсурова [56: 9]. Пять других неизвестны в литературе.

Итак, перед нами шесть документов:

I. Посемейный список фамилии Мамсуровых от 21 мая 1858 года, составленный со слов депутатов Османа и Бола Мамсуровых [5: 25]. По этому списку Джамбулату – 18 лет, его братьям, Темирболату и Камболату, – по 17. Их отцу Осману – 60, его брату Асланбеку – 40, а сыну Асланбека Казимагомету – 25 лет. Списки алдарских фамилий, таким же образом составленные Комитетом по устройству личных и поземельных прав туземцев Левого крыла Кавказской линии под председательством генерал-лейтенанта А. П. Грамотина, весьма далеки от совершенства. Заметим, что Комитет был закрыт из-за дурного исполнения своих обязанностей. Пятнадцатилетняя разница в возрасте отца и сына сама по себе перечеркивает значение этого документа.

II. Родословная роспись, составленная 30 мая 1859 года [6: 126–127]. Темирболату в ней показано 14 лет, его старшему брату Джамбулату – 20, младшему Камболату – 8. Родословная была подана самим Османом Мамсуровым в Комитет, учрежденный для разбора личных и поземельных прав туземцев Военно-Осетинского округа. Родословные составлялись подателями с помощью опытных писарей. Вполне вероятно участие в составлении этой родословной росписи и председателя комитета полковника Муссы Кундухова, которому никогда не были безразличны дела зятя и племянников.

III «Список семействам тагаурских алдар, признанным в этом достоинстве по разбору Комитета и народного удостоверения», составленный Комитетом М. А. Кундухова 6 июля 1859 года [5: 72]. Это рабочий документ Комитета, он носит предварительный характер и потому подписан только помощником председателя, членом Комитета и призводителем дел. Осману здесь показано 65 лет, Джамбулату – 20, Темирболату – 15, Камболату – 9, Асланбеку – 55 и Казимагомету – 20 лет.

IV «Список семействам тагаурских алдар, признанных в этом

достоинстве по разбору Комитета и народного удостоверения как депутатов от 3-х осетинских классов, так и показанием соседних племен» [5: 51]. Он датирован 1859 годом, без месяца и числа. Это итоговый, основной документ, составленный Комитетом на основании уточнения и проверки предыдущих списков. Подписан он помощником председателя, членом Комитета, а также переводчиком и 29 депутатами, избранными от Тагаурского общества, в том числе Османом Мамсуровым. В этом списке уточнен возраст Темирболата – 14 лет и Камболата – 8 лет. Все остальное повторяет предыдущий документ.

V «Список офицеров и юнкеров Тагаурского общества» [5: 86]. Он составлялся с сентября 1859 года управляющим Тагаурским участком Военно-Осетинского округа и отослан в Комитет 28 февраля 1860 года. Темирболату по этому списку – 12 лет, Осману – 62 года. Использованы, по-видимому, достоверные сведения, но эти сведения устарели. Мамсуру Канукову и Асланбеку Кундухову, которые были посланы в кадетский корпус вместе с Темирболатом, тоже показано по 12 лет. Совпадение это вряд ли случайно – данные 1857 года (времени отъезда в корпус) механически были перенесены в документ, готовившийся осенью и зимой 1859–1860 годов – пример для военного ведомства не редкий.

VI. «Список воспитанникам Павловского кадетского корпуса из горцев, предназначенным к выпуску офицерами в кавалерию» [17: 38]. Дата на этом документе не обозначена, но легко устанавливается по указанному сроку пребывания в корпусе. Этот срок у привезенных в начале августа 1857 года Темирболата Мамсурова и Мамсура Канукова – 5 лет 9 месяцев. Документ составлен в мае 1863 года. У обоих в графе «Лет от роду» стоит цифра 18. Значение этого списка весьма велико прежде всего потому, что он составлен на основе документов кадет, хранившихся в корпусе и отсылавшихся после выпуска в полк, куда определялся молодой офицер. И хотя свидетельств о возрасте Темирболата в период службы у нас нет, они также могли иметь источником только эти бумаги.

Документы II, IV и VI можно признать вполне достоверными. Документ V, если принять наше объяснение, только подтвердит это. Остается простым подсчетом выяснить, что если в 1859 году Темирболату – 14, а в 1863 – 18 лет, то годом его рождения был 1845 год.

**Поступление в корпус**. Престиж военной профессии был велик в Осетии середины XIX века. Пример отца, прапорщика иррегулярных войск, и двух братьев матери: Муссы (в то время подполковника) и Индриса (майора) Кундуховых – был слишком близок, чтобы не сыграть свою роль, даже если догадались спросить о желании двенадцатилетнего мальчика быть офицером.

Горцев помещали только в петербургские и московские кадетские корпуса, «дабы дать лучшее понятие о России и о верховной власти» [50: 172]. Кадетского корпуса с названием «Петербургский», принятым в работах о Темирболате Мамсурове, не существовало вовсе. Горцы обучались в четырех кадетских корпусах Петербурга – Первом, Втором, Павловском и Константиновском (до 1855 года – Дворянский полк, после 1859 – Константиновское военное училище).

Темирболат Мамсуров в числе девяти горцев, избранных Главнокомандующим Отдельным Кавказским Корпусом князем А. И. Барятинским, был привезен в Петербург к началу августа 1857 года. 3 августа Главный штаб по военно-учебным заведениям направил трех «малолетних детей почетных горцев» Темирболата Мамсурова, Мамсура Канукова и Асланбека Кундухова в Павловский кадетский корпус, а 4 августа приказом по корпусу они зачислены в Неранжированную роту [10: 180]. 10 августа 1857 года издан приказ по военно-учебным заведениям № 2427, которым девять привезенных горцев определены на казенное содержание в Первый, Второй и Павловский кадетские корпуса.

В связи с решением вопроса о времени рождения Темирболата небезынтересно отметить, что с 1845 года возраст поступающих в Павловский корпус был определен от девяти с половиной до одиннадцати с половиной лет [42: 345]. Еще с 1835 года действовало правило не отправлять в кадетские корпуса горцев младше 11 лет, чтобы они «не имели надобности в предварительном женском надзоре» [49: 41], а 1846 году сделано распоряжение «показывать лета согласно с наружным их видом», что давало дополнительную гарантию верного определения возраста [50: 146].

В бумагах, оформленных на Темирболата при отправке в Петербург, имя было записано неверно – Тембулат. Свою роль в этом сыграло, наверное, и осетинское произношение имени будущего поэта. Случай этот не единичный. Тембулатом же в

посемейном списке записан Темирболат Дударов [5: 41]. В приказах о зачислении в корпус и о выпуске речь идет о «Тембулате Мансурове». В этих случаях поднимали привезенные с Кавказа документы. В приказах за период учебы «кадет Мансуров» именуется Темир-Булатом [12: 19; 13: 303; 14: 6]. Второго «Мансурова» в корпусе не было, как не была среди Мамсуровых середины XIX в. Темболата, что легко проверяется документами.

Поступающие в корпус подвергались предварительному экзамену, обычно формальному. Надо было уметь читать и писать, знать четыре правила арифметики, молитвы «Отче наш» и «Символ веры» и десять заповедей [42: 346]. Горцы принимались без экзамена, ибо не могли знать всего этого. В аттестационных тетрадях кадет есть графа «Познания при вступлении в корпус». Аттестационные тетради Павловского корпуса утеряны во время преобразования в училище и переезда в 1863 году [43: 17–18; 45: 3–5]. Но есть возможность заглянуть в аттестационные тетради Второго корпуса, которые благополучно сохранились. Об Асламурзе Есиеве, будущем командире Осетинского дивизиона и известном общественном деятеле, написано коротко: «Ничего не знал» [8: 1]. О Темирболате Дударове, будущем генерале, который блестяще окончил корпус и был произведен в офицеры одним приказом с Темирболатом Мамсуровым, написано: «Ничему не учился и не говорит по-русски» [9: 1].

Павловский кадетский корпус был закрытым дворянским заведением и выполнял троякую задачу: а) готовил сведущих и образованных офицеров; б) служил убежищем для сирот дворянского происхождения; в) был соединяющим звеном духовного сближения инородцев с господствующей в государстве народностью. В этот корпус принимались сыновья убитых или тяжелораненых офицеров, чиновников, погибших на службе, круглые сироты и сыновья офицеров, лишившихся отца и матери [42: 34, 347]. Родственники принятых зачастую бывали так бедны, что не имели средств доставить их в заведение. Кроме русских дворян, ежегодно принимали до шести сыновей горских князей и узденей, не более двух из детей грузинских дворян и высших мусульманских сословий, и по четыре человека из дворян Царства Польского и Войска Донского [42: 338].

Социальное происхождение, имущественное и семейное положение юношей, среди которых Темирболат провел шесть лет, были, наверное, основой своеобразной атмосферы романтического братства, так хорошо описанной Н. С. Лесковым в «Кадетском монастыре». Трудности же привыкания к новой обстановке, к иному строю жизни должны были смягчиться присутствием земляков – Каспулата Тхостова (произведен в 1860 году), Кауbeка Канукова (произведен в 1862 году), Исаака Гайтова (вышел из корпуса до 1860 года) и приехавших вместе с Темирболатом Асланбека Кундухова и Мамсура Канукова [16: 27, 33–36; 10: 68, 153, 180, 186, 219; 12: 156; 13: 287; 14: 9]. Асланбек был двоюродным братом Темирболата, сыном Муссы Кундухова. Кануковы были ему родней через бабушку, мать Османа.

Всем им, сохранившим Темирболату родную языковую среду, наша литература в немалой степени обязана тем, что увезенный в Петербург двенадцатилетний мальчик сделался осетинским поэтом. Нужно отдать должное и военному министерству, размещавшему горцев по корпусам с учетом национальной принадлежности. Так, трое осетин, прибывших в 1856 году – И. Гайтов, К. Кануков, и Дударуко Мамсуров (умер в январе 1857 года), помещены в Павловский корпус [16: 33–36; 10: 23]. Свою роль мог сыграть в этом Магомет Дударов, гвардейский полковник, состоявший в эти годы при Главном Штабе военно-учебных заведений [52: 418].

Вообще для корпусов характерна забота о сохранении кадетами их родного языка. До 1846 г. «для упражнения воспитанников из горцев на природном их языке» к кадетам специально отправлялись по пятницам офицеры императорского конвоя, получавшие от корпуса плату. После 1846 г. с введением толкования на родном языке Корана (кадеты-мусульмане изучали законоучение своей религии) такие посещения были положены на усмотрение самих офицеров [50: 145].

**Режим.** Дух, царивший в кадетском корпусе, лучше всего передают сохранившиеся в архивных делах и мемуарах примеры, когда десятки кадет терпели самые строгие наказания, не выдавая товарища, когда подлость всячески преследовалась и никому не прощалась. Воспитание осетинского мальчика середины прошлого века как нельзя лучше соответствовало этой обстановке.

Жизнь Темирболата в корпусе подчинилась строгому распорядку. Подъем в 7 часов утра по утренней заре, подаваемой на барабане, одевание и умывание, молитва и осмотр унтерофицерами. В 7.30 строем шли в столовую залу. В 8 кадет разводили по их помещениям, и они принимались за приготовление уроков. К 9 часам строем отправлялись в классы. Утренние занятия состояли из двух полуторачасовых лекций с переменой в 10 минут для прогулки на воздухе в любую погоду. В 12 часов воспитанники возвращались в свои роты, где находили легкий завтрак – кусок черного хлеба с солью – и немедленно выводились на фронтовое учение, гимнастику, фехтование или уроки танцев. От двух до половины третьего длилась прогулка. Затем следовал обед. В три кадеты снова были в своих ротах и готовили уроки до четырех, когда нужно было отправляться на вечерние лекции. С 7 до 9 часов назначалось приготовление уроков. В 9 – ужин, а в 10 часов, по пробитии вечерней зари, полагалось быть уже в постели [49: 27; 42: 430–431; 39: 24].

Для кадет было установлено особое обмундирование. Павловский корпус отличался синими погонами с желтой высечкой П. К. Для горцев шили одежду, сходную с национальной, – черный бешмет, стеганный на вате, синяя черкеска с 16 газырями карельской березы в оправе из белой кости, синие зимние и черные летние шаровары, шапка красного сукна, красный пояс из сафьяна со стальным прибором и смазные сапоги. Зимой выдавались кадетские шинели – серые с красным воротником [39: 13; 42: 265–266; 49: 193].

**Учебная программа.** Полный учебный курс кадетского корпуса состоял из приготовительного класса, пяти классов общего и двух специального курса. В общем курсе преподавались общеобразовательные предметы, в высшем (специальном) курсе – науки военные. Темирболат выпущен офицером из четвертого общего класса. Приведем таблицу учебных предметов, которые он изучал, с указанием недельного числа лекций.

В приготовительном классе: Закон Божий – 2; русский язык – 5; иностранные языки – 5; арифметика – 3; рисование – 2; чистописание – 3.

В первом общем классе: Закон Божий – 2; русский язык – 4; иностранные языки – 4; география – 2; арифметика – 3; естественная история – 2; рисование – 1; чистописание – 2.

Во втором классе: Закон Божий – 2; русский язык – 3; иностранные языки – 4; политическая история – 2; география – 2; арифметика – 1; алгебра – 2; естественная история – 2; рисование – 1; чистописание – 1.

В третьем классе: Закон Божий – 1; русский язык – 3; иностранные языки – 3; политическая история – 2; география – 2; геометрия – 3; естественная история – 1; рисование – 1; ситуация (топографическое черчение) – 1.

В четвертом классе: Закон Божий – 1; русский язык – 2; иностранные языки – 3; политическая история – 3; география – 1; плоская тригонометрия – 1; геометрия – 1; повторение предшествующего курса математики – 1; физика – 3; рисование – 1; ситуация – 1. Четыре лекции в неделю были свободными [26: 170–171].

Устав кадетских корпусов полагал цель умственного образования в том, чтобы, «возбуждая собственную деятельность ума учащихся и изощряя умственные способности, довести их до необходимой степени знаний». Молодые дворяне, готовясь к военному поприщу, должны были приобретать и «сведения общие, сведения, необходимые для образованного человека и для члена семейства, и для члена гражданского общества» [42: 384]. Программы учебных дисциплин, между тем, не отличались особенной широтой. Русский язык изучался «во всей полноте и совершенстве, кроме поэзии», (имеется в виду теория поэзии). История древних народов представлялась в кратких очерках. Естественная история охватывала важнейшие разделы биологии с рядом бесед о физиологии и анатомии животных и растений. Из двух иностранных языков (французского и немецкого) с 1857 года обязательным считался только один; второй преподавался, но экзаменов по нему не сдавали [26: 169]. Обязательным языком у Темирболата был французский [21: 43–46; 13: 196]. Расписание составлялось так, чтобы кадеты готовились в день по двум предметам [26: 169].

Учебная часть Павловского кадетского корпуса была очень хорошо поставлена. Вообще, кадетские корпуса имели в 50-е гг. XIX в. возможность приглашать к своим воспитанникам лучших преподавателей. К сложной процедуре конкурса на преподавательские места военно-учебных заведений допускались лица с университетским образованием, желательно и с ученой степе-

нью. Достаточно сказать, что такого места добивался поэт и журналист, революционер-шестидесятник М. Л. Михайлов [44: 129], а в Павловском корпусе читал лекции талантливый литературовед и журналист, издатель «Журнала для детей» М. Б. Чистяков [42: 372]. Руководители Павловского корпуса сами отыскивали способных учителей, чтобы пригласить их [42: 375]. Педагогический коллектив, в составе которого были авторы известных учебников и руководств, много способствовал умственному развитию кадет. Например, курс долговременной и полевой фортификации читал крупный военный инженер, автор учебника генерал-майор А. З. Теляковский. Преподавателем естественной истории был доктор медицины, известный русский врач И. Г. Карпинский, который на свой скромный заработок выписывал из-за границы все новинки по зоологии и ботанике, а на бесчисленных экскурсиях учил видеть и понимать живую природу. Политическую историю Темирболату читал известный юрист А. А. Квачевский, принимавший участие в составлении Судебных уставов 1864 г. По воспоминанию учеников, он «прекрасно знал свой предмет и массою приводимых им на лекциях исторических эпизодов не только умел оживлять преподавание, но навсегда оставил в памяти учеников характеристики многих исторических личностей» [42: 372–377].

– Мæ фыдæлтæ цардысты Цмийы, Нары цур. 19-æм æнусы кæрон æндæр мыггæгтимæ иумæ зæххагур ралыгъдысты Хуссар Ирмæ. Ам æрбынат кодтой Цхинвалмæ 'ввахс, сæ хъæу схуыдтой Цъунар, ома Цъус Нар. Мæ фыд æмæ мæ мад дыууæ дæр уыдысты цъунайрæгтæ. 1930-æм азты æрцардысты Цхинвалы. Æз дæр ам райгуырдтæн. 1961 азы фæдæн Мæскуыйы историон-архивон институт. 10 азы фæкуыстон Хуссар Ирыстоны Паддзахадон архивы. 1973 азы райдыдтон кусын Хуссар Ирыстоны Зонадон-иртасæн институты архивы. 1981 азы конкурсы фæстæ сдæн кæстæр зонадон кусæг. 1987 азы мæ скодтой зонадон кусæг, 2015 азы та хистæр зонадон кусæг. 2000-æм азты мын саккаг кодтой зонады сгуыхт архайæджы ном. Хуссар Ирыстоны Паддзахадон архивы кусгæйæ, иннæтимæ архайдтон архивон æрмæджыты 3 æмбырдгонд саразыныл. 1986 азы Тугъанты Махарбеджы юбилейон æмбырдгонды автортæй уыдтæн иу. Ноджы дæн 4 монографийы автор. Уыдон сты: «Гаглойты Рутен» (дыууæ рауагъды – 1988 æмæ 2011 азты), «Джиоты Пора» (1999 азы уагъд), «Коста Хетагуров. Научная биография» (Цхинвалы – 2014 азы уагъд, Дзæуджыхъæуы – 2015 азы уагъд), «Сердца, наполненные светом. О просветителях Южной Осетии» (2016 азы уагъд).

*– Ам æз æрхæсдзынæн иу стыр ахуыргонды ныхæстæ дæу тыххæй. Куы йæ бафарстон дæ чиныгæй, уæд мын афтæ раргом кодта йæ хъуыды: «Бигъуылиан у æцæг ахуыргонд, лæмбынæг, æнæ талф-тулфæй чи кусы, ахæм. Йæ ног чиныгæй та дын мæ бон у зæгъын: уымæй хуыздæр æз абоны бонмæ*

*ницыма бакастæн Къостайы тыххæй». Ацы ныхæсты хицау у Бзарты Руслан, РЦИ-Аланийы истори æмæ археологийы институты сæргълæууæг. Æмæ мæ фæнды базонын, цæуыл кусыс ныртæккæ, цы ма дæ фæнды раиртасын, сфæлдисын?*

– Аслæнбег, ныртæккæ кусын Байаты Гаппойы монографийыл. Фæнды мæ, цæмæй аккаг аргъ скæнæм ацы разагъды лæгæн, йæ хъуыдыйы æдзухдæр Ирыстон кæмæн уыд æмæ советон дуджы æнаххосæй карз æфхæрд чи баййæфта, уымæн.

*– Дзæнæтыбадинаг литературæйы классик Джусойты Нафи мын йæ интервьюйы афтæ загъта: «Къостайы мах кæсæм, уарзæм, мысæм, æмбаргæ дæр дзы бирæ цыдæртæ кæнæм, фæлæ дзы нырма иртасинæгтæ æмæ бамбаринæгтæ дæр дзæвгар ис. Æмæ мæ нымадæй – хорз уаид, нæ зæрдыл куы дариккам нæ ацы къæмдзæстыджы миниуæг кæддæриддæр æмæ кæмдæриддæр...» (Мзокты А. Цы ма ис раиртасинаг Къостайы сфæлдыстады? (Интервью Нафиимæ//«Рæстдзинад», 2016, 24 май.) Æмæ дæм дæттын мæ фæстаг фарст: фидæны Къостайы биографтæн ма, дæумæ гæсгæ, цы хъæудзæн нæ зындгонд поэты царды æмæ сфæлдыстады хабæрттæй раиртасын?*

– Мæнмæ гæсгæ, хъæуы раиртасын, уæлдæр кæй кой скодтон, уыцы архивон æрмæг, пайдагонд кæмæй нæма ‘рцыд. Æмæ ма лæмбынæгдæр æркæсын хъæуы Къостайы тыххæй алы адæймæгты мысинæгтæм. Æнæмæнг хъуыддагыл нымайын басгарын архивтæ Стъараполы, Херсоны, Очаковы æмæ Хъæрæсейы, уымæн æмæ, уыцы бынæтты цæргæйæ, стæй хасты уæвгæйæ, Къоста кусгæ дæр кодта, æмæ бынæттон архивты æрмæг æнæмæнг уыдзæн.

– Ирæ, бузныг. Мæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад, цæмæй, дæ размæ цы арфæйаг фæндтæ æмæ хæстæ æвæрыс, уыдон дæ къухы бафтой. «Мах дуджы» кæсджытæ та æнхъæлмæ кæсдзысты дæ ног чиныгмæ.

# ÆНÆСТЪАЛЫ ХЪÆБАТЫРТÆ

## ХЪÆБАТЫРТЫ ‘ХСÆН УÆЛАХИЗДЗАУ


*Саулохты Георги.*

Дыккаг Дунеон хæсты быдыры историйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ зонæм, ирæттæ уæлдай æхсарджындæрæй кæй хæцыдысты знаджы ныхмæ, уый. Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын ном райстой æртын фондз адæймаджы.

Сырх Æфсады бирæ намысджын хæстонтæ æмæ разамонджытæ уыди, фæлæ æвирхъау заман кæй уыд, уымæ гæсгæ бирæ хъæбатыртæ рохуаты аззадысты.

Хорз æмæ Дигорайы скъолайы ахуырдзаутæ саразтой фæдсгарджыты клуб «Райгуырæн бæстæ». Клубы фæсивæд æмбырд кæнын райдыдтой, Хъæбатыры аккаг чи уыд æмæ йæ чи нæ райста, уыцы «Æнæстъалы Хъæбатырты» нæмттæ. Абоны онг уал сбæрæг кодтой дыууиссæдз адæймаджы. Уыдон Советон Цæдисы Хъæбатыры кадджын номы бæсты райстой æндæр хорзæхтæ.

Зæгъæм, нæ хъуыстгонд уæлахиздзау **Хетæггаты Георги,** Советон Цæдисы Хъæбатыр, 1945 азы 5 майы кæй фесгуыхт, уый тыххæй йын снысан кодтой дыккаг майдан «Сызгъæрин Стъалы» æмæ хъуамæ суыдаид Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, дæтгæ та йын ракодтой «Суворовы номыл 1-аг къæпхæны орден».

«Сызгъæрин Стъалы»-йы аккаг чи уыд æмæ йæ чи нæ райста, уыдонæй ма цалдæры нæмттæ мæнæ.

Капитан **Саулохты Георги** 1944 азы 6–7 майы æхсæв йе сгарджыты къордимæ схызти Сапун-хохмæ, знæгтимæ сын бацайдагъ æвирхъау тох Севастополь бахъахъхъæныны сæраппонд. Фæстæдæр та советон афицер Георги нæ хæстонты разæй бахæццæ Чехословакимæ.



*Сæлбиты Верæ.*

Хистæр лейтенант **Нигкоты Беза** разамынд лæвæрдта знаджы сурæг къордæн. 1944 азы октябры мæйы йæ къордимæ Венгрийы зæххыл бацахста, 140 хæдтæхæджы кæм лæууыд, ахæм аэродром æмæ йæ хъахъæдтой, цалынмæ сæм сæ полчъы сæйраг тыхтæ не 'рбахæццæ сты, уæдмæ.

Снайпер **Зæгæлты Ильяйы** хыгъды 1943 азы июльмæ уыди, кæй ныццагъта, ахæм дыууæсæдæ гитлероны.

Хистæр лейтенант **Сæлбиты Верæ**, 1943 азы августы йæхимæ командæгæнæджы хæстæ райсгæйæ, канд йæхи æфсæддонты нæ фервæзын кодта æрхъулайæ, фæлæ ма æнæхъæн корпусæй дæр цалдæр хайы, ноджы йын дæрæнгонд æрцыди немыцаг десантон полкъ. Фыдыбæстæйы хæсты рæстæг æнæхъæн Кавказы æмæ суанг Астæуккаг Азийы сылгоймæгты 'хсæн дæр Советон Цæдисы Хъæбатыры ном раттынмæ æвдыст чи æрцыд, уыдонæн Сæлбиты Верæ уыди сæ фыццаг.

Кæй кой ракодтам, уыдонæй алчидæр уыди ацы кадджын номы аккаг, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сержант **Ужегаты Георги** сæрмагонд ныхасы аккаг у.

Архивы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Ужегаты Антоны фырт Георги райгуырди 1920 азы Украинæйы Волынскы облæсты Ровнойы горæты. Сырх Æфсадмæ йæм фæсидтысты 1941 азы 19 августы Урваны военкоматмæ (Кæсæг-Балхъары АССР). Хъазуатæй хæцыди Хуссары, Доны, Брянскы, Орелы, 1-аг Белорусаг фронтты. Æртæ хатты фæци уæззау цæфтæ – 1942 азы сентябры, 1943 азы февралы æмæ августы.

1945 азы 16 апрелы немыцаг горæт Лебусмæ æввахс (Бранденбурджы зылды) фыдгулты фидæрттæ чи батыдта, уыдоны фыццæгтæй иу уыди Ужегаты Георги дæр. Танкрæмудзæн гранатæй ныппырх кодта къухты хæсгæ пулемет æд хæстонтæ, цыппар немыцаг салдаты та уацары райста. Йæ хорзæхтæ фыст кæм сты, уыцы гæххæтты фыст ис:

«1945-м азы 20 апрелы Альцешдорфы хъæуы тохы фыццæгтимæ бабырста фыдгулты акъоппытæм æмæ æрмхæсты амард-



*Зæгæлты Илья.*

та цыппар немыцаг салдаты. Базгъордта, фыдгултæй кæй байстой, уыцы сармадзанмæ æмæ дзы æхсын райдыдта контратакæйы цæуæг фашистты, ныппырх кодта дыууæ пулеметы, амардта сын се ‘хсджыты, ноджы ма ныппырх кодта танктæ æхсæн сармадзан. Ныфсхаст æмæ хъазуатæй кæй хæцыди фыдгулты ныхмæ, уый фæрцы сыл фæуæлахиз æмæ фашистты контратакæ фæсыкк.

«Советон Цæдисы Хъæбатыр»-ы кадджын номы аккаг у Ужегаты Антоны фырт Георги.

224-æм æхсæгæфсады Бранденбурджы полчъы командæгæнæг, гвардийы булкъон **Михаил Колесов**.

1945 азы 6-æм май».

41-æм æхсæг Сырхтырысаджын дивизийы командæгæнæг Советон Цæдисы Хъæбатыр инæлар-майор Степан Чернякы бардзырдмæ гæсгæ (1945 азы 25 апрель) Бранденбурджы 244-æм полчъы автоматæйæхсджыты ротæйы хайады командæгæнæг сержант Ужегаты Георгийæн саккаг кодтой Кады III къæпхæны орден.

1945 азы 19 майы 69-æм æфсады 1-æм Белорусаг фронты командæгæнæг гвардийы инæлар-булкъон Владимир Колпакчийы бардзырдмæ гæсгæ Бранденбурджы 244-æм æхсæг полчъы автоматæйæхсджыты ротæйы хайады командæгæнæг сержант Ужегаты Антоны фырт Георгийæн саккаг кодтой Сырх Тырысайы орден.

1945 азы 24 апрелы Германы зæххыл горæт Штарковмæ æввахс Георги равдыста стыр хъæбатырдзинад. Æхсарджынæй бабырста знæгты фидармæ æмæ йæ автоматæй амардта дæс немыцаг салдаты.

Кутузовы номыл II къæпхæны орденхæссæг 41-æм æхсæг Сырхтырысаджын дивизийы командæгæнæг Советон Цæдисы Хъæбатыр инæлар-майор Степан Чернякы бардзырдмæ гæсгæ (1945 азы 19 июнь) Бранденбурджы 244-æм æхсæг полчъы автоматæйæхсджыты ротæйы хайады командæгæнæг сержант

Ужегаты Георгийæн саккаг кодтой Сырх Стъалыйы орден.

Стыр диссаг мæм кæсы, Георги 1941 азы августæй 1945 азы апрельмæ (44 мæйы) иунæг хæстон хæрзиуæг дæр кæй нæ райста, уый. Фæлæ апрелæй фæстæмæ йе 'хсарджын хабæрттæ рабæрæг сты.

1945 азы 16 апрелæй 24 апрельмæ (фараст бонмæ) Георги йе сгуыхтдзинæдты тыххæй райста цыппар хæстон хæрзиуæджы – ордентæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман Сырх Æфсады историйы ахæм æнæрцæугæ диссаджы хабар уæды онг дæр æмæ уымæй фæстæмæ дæр никуы уыди. Уый тыххæй фидарæй зæгъы мæскуыйаг историк **Андрей Симонов** дæр.

Нæ зæрдæ дардзыстæм, ацы уацы фæстæ не 'мзæххон, æнæ «Сызгъæрин Стъалы» хъæбатыр Ужегаты Георгийы тыххæй нæ къухы бæстондæр хабæрттæ кæй бафтдзæн, ууыл.

***Хъæрданты Тимур,***
*Дигорайы астæуккаг скъолайы*
*историйы ахуыргæнæг*

P.S. Хъæрданты Тимур æмбырд кæны æрмæг йæ чиныг «Æнæстъалы хъæбатыртæ»-йæн. Чиныджы мыхуыргонд æрцæудзысты, Советон Цæдисы Хъæбатыры номмæ æвдыст чи æрцыд, фæлæ «Сызгъæрин Стъалы» чи нæ райста, уыдоны биографитæ.

Мæнæ сæ номхыгъд.

*Агънаты Габоцийы фырт Дзадте*
*Айларты Саламджерийы фырт Дзакко*
*Æлдаттаты Дибылы фырт Данел*
*Æлдаттаты Къолайы фырт Ростик*
*Бедойты Харитъоны фырт Агыса*
*Бозырты Никъалайы фырт Тазæрет*
*Боцоты Дзодзийы фырт Уырызбег*
*Брциаты Гыдзыгойы фырт Виктор*
*Будайты Тотырыхъы фырт Куыцыкк*
*Уарзиаты Беслæны фырт Никъала*
*Гусаты Акывы фырт Георги*
*Дзаттиаты Егоры фырт Дмитри*
*Джиоты Порайы фырт Тобæ*

*Зæгæлты Андрейы фырт Илья*
*Калоты Семены фырт Тимофей*
*Калуаты Артъемы фырт Тембол*
*Карсанаты Сахмырзæйы фырт Ахболат*
*Къарджиаты Андрусы фырт Серго*
*Къомайты Моисейы фырт Барис*
*Мамсыраты Умары фырт Камал*
*Музаты Василийы фырт Иосиф*
*Нигкоты Гъуыллæйы фырт Беза*
*Плиты Иваны фырт Михаил*
*Салхъазанты Абысалы фырт Симон*
*Санаты Садуллæйы фырт Ислам*
*Саулохты Никъойы фырт Георги*
*Сæлбиты Бибийы фырт Датъо*
*Сæлбиты Дзадзеты чызг Верæ*
*Тауитты Генардухъы фырт Гугъо*
*Темираты Акеры фырт Лукæ*
*Ужегаты Антоны фырт Георги*
*Фриаты Саламы фырт Дзæрæхмæт*
*Хосроты Тотрадзы фырт Батрадз*
*Хуадонты Басиаты фырт Тазæрет*
*Хуыдиаты Бабылайы фырт Амырхан*
*Хуыты Омары фырт Индырби*
*Хъалаты Гришы фырт Сергей*
*Хъаныхъуаты Дыдтойы фырт Албин*
*Хъаныхъуаты Хъуыбадыйы фырт Харитъон*
*Хъуылаты Буцкийы фырт Валодя*
*Цхуырбаты Василийы фырт Георги*
*Челæхсаты Иликъойы фырт Платон*
*Черчесты Дулийы фырт Тимофей*

Зынаргъ журналкæсджытæ, курæм уæ: ацы хъæбатырты тыххæй уæ кæд исчи исты хабæрттæ зоны, уæд ныл сæ сæмбæлын кæнут.

Нæ телефонтæ: 8-918-708-03-32, 8-928-863-38-07, нæ электрон адрис: TZKardanov@yandex.ru

## ЦИТАТÆТÆ

* * *

Левадæ-центры бæрæггæнæнтæм гæсгæ уæрæсейæгтæн сæ 63 проценты тыхсынц, æргъæ уæлæмæ кæй гæпп кæнынц, ууыл, 47 проценты сагъæсы æфтауы мæгуырдзинад, 40 проценты – адæмæн куыст кæй нæй, уый, 38 проценты – æвирхъау коррупци æмæ гæртамхорты æнаккаг митæ.

Бæстæйы цæрджытæн сæ 35 проценты æппæты тæссагдæр проблемæйыл нымайынц экономикон кризис, индустрийы æмæ хъæууон хæдзарады æдзæллаг уавæр.

*Советская Россия,*
*2018, №44*

**Редакцийæ.** Коцойты Арсены загъдау: «Цы уыдзæни, цы? Цы уыдзæни?!» И?

* * *

Петербурджы Закъонтæцæттæгæнæг æмбырды депутаттæн балхæндзысты натуралон æрмæгæй конд бандæттæ. Закъонтæцæттæгæнæг æмбырд ныммыхуыр кодта конкурс депутаттæн бандæттæ балхæныны тыххæй. 12 бандонæй алкæцыйы аргъ дæр у 5 мин сомы, 250 бандонæй та алкæцыйы аргъ дæр – 9 мин сомы. Се ‘ппæт иумæ уыдзысты 2,4 милуан сомы аргъ. Бандæттæ сты натуралон тулдзæй, зæлдаг хъуымацæй фæлыст.

*Собеседник,*
*2017, №19*



* * *

Нæ горæтæн нæ лидеры (Путины. – *Ред.*) ном куы раттæм, уæд Барнаул йæ къахыл слæудзæни, рæздзæни алы хуызы дæр: коммуналон хæдзарад, зæгъай, бюджет, зæгъай, уæдæ адæм дæр суыдзысты хæларзæрдæдæр.

***Маринæ Чаузова,***
*Барнаулы муниципалон*
*депутаттæм кандидат*
*Собеседник, 2017, №1*

* * *

Региональное министерство образования Республики Коми своим решением от 26 октября 2017 года перевело изучение языка коми, имеющего здесь статус второго государственного, в разряд предметов по выбору.

Из обязательного учебного плана коми язык и литература уйдут, причем произойти это должно посреди учебного года, прямо сейчас. Представители народа, который трудно назвать малочисленным (это около 30% населения республики) выступили жестко, заявив, что решение чиновников ставит под угрозу само существование национального языка. На митинги протеста вышли родители, педагоги и ученики.

Между тем решение о понижении статуса коми языка в образовательной программе всего лишь следствие новых образовательных стандартов, которые в свою очередь были лихорадочно введены федеральным Минобром «во исполнение» июльского выступления президента РФ о необходимости сохранения русского языка. Напомню, на заседании президентского Совета по межнациональным отношениям в Йошкар-Оле Путин заявил, что изучение представителями разных народов страны родных языков должно стать добровольным.

Первым следствием лихорадочной исполнительности Минобра стали «лингвистические» волнения в Татарстане. А сейчас восстала Республика Коми. Местный активист Оньо Лав разместил в Сети открытое письмо, адресованное президенту Путину и губернатору Гапликову, в котором говорится, что приказ нарушает конституционные права граждан республики. Письмо подписали более 3100 человек.

9 ноября в национальном селе Ижма люди вышли на митинг

в защиту родного языка. А 10 ноября на конференции в Сыктывкаре ее участники предложили отменить приказ, а министра образования Михальченкову – уволить.

*Новая газета,*
*2017, №127*

**Фиппаинаг.** *Стыр мæты нæ æфтауы, В. Путин Йошкар-Олайы цы ныхас загъта, уый: «изучение представителями разных народов страны родных языков должно стать добровольным».*

*Ныр æй бамбæрстон, Паддзахадон Думæйы депутатты къорд дæр цæмæн скуыста, уый. Иугæр президент загъта, уæд ацы къорд дæр разæнгардæй æмæ æвæстиатæй Федералон закъоны проект ацъапп ласта. Уым дæр фæлхат чындæуы Путины ныхас: преподавание и изучение государственных языков республик в составе Российской Федерации должно осуществляться на добровольной основе.*

*Æвæццæгæн, Путинæй ферох, бæстæйы сæргъы куы ‘рлæууыд, уæд та бынтон æндæр хуызы кæй дзырдта, уый. Ног цъылын мæрзаг у. 2001 азы 7 сентябры Кисловодскы Хуссайраг Федералон округджы субъектты разамонджыты æмбырды загъта: «Языки малочисленных народов не могут выжить без прямой государственной поддержки». Æвддæс азы дæргъы уыцы «поддержка» нæ цæсты кæронæй дæр куынæ федтам, уæд нын куыд кæнгæ у? Советон дуджы нæ «новая историческая общность – советский народ» арæзтой, ныр та хъуамæ уырыссæгтæ суæм? Уæвгæ нæ цард æгасæй дæр парадокстæй арæзт у, æмæ йын нæ бон циу? Афтæ мæм кæсы, цыма Уæрæсейы разамонджытæ чысыл адæмты «ацу æмæ ма ‘рцуйы фæндагмæ» здахынц. Ахæм политикæ нæ хорзмæ æркæна, уый мæ нæ уырны. Æвæццæгæн, хаттæй-хатт зонджын адæймæгтæм байхъусын дæр фæхъæуы. Зæгъæм, номдзыд уырыссаг ахуыргонд-æвзагиртасæг æмæ историк Н. Трубецкоймæ: «Братство народов», купленная ценой духовного обезличения всех народов, – гнусный подлог. Никакое братство и неосуществимо вовсе, когда во главу угла ставятся эгоистические материальные интересы... Упразднение или низведение на второстепенное место духовной стороны культуры ведет только к моральному одичанию людей..., и углубляет вражду*

*между отдельными социальными группами...» (Н. Трубецкой. Наследие Чингисхана. М., ЭКСМО, 2007, 456 ф.).*

*«Национальные различия должны пребыть до конца веков; народы должны оставаться на деле обособленными членами вселенского организма». Ацы ныхæстæ та Владимир Соловьев загъта – разагъды философ æмæ публицист. Ист сты йæ чиныг «Спор о справедливости»-йæ (М., ЭСМО-ПРЕСС, Харьков, ФОЛИО, 1999, 645 ф.).*

*Чысыл адæмты сæрыл хъæддыхæй дзырдтой Д. Лихачев, А. Сахаров, А. Солженицын, В. Распутин, В. Белов æмæ ноджы бирæ уырыссаг ахуыргæндтæ, фысджытæ. Гъæй-джиди, Уæрæсейы ныры хицæуттæ уыдон фæдзæхстытæ сæ зæрдыл куы дариккой æмæ сæ царды куы æххæст кæниккой! Уæд ахæм æнæсæрфат закъонтæ нæ уадзиккой, æмæ адæмтæ кæрæдзи хуыздæр æмбариккой.*

***Хъодзаты Æхсар***

# ДМИТРИ ЛИХАЧЕВЫ ХЪУЫДЫТÆ

✦ Дунейы адæмты ис иу хъыгдарæг: стыр адæмтæ, йе 'взаг æгас дунейыл кæмæн ахæлиу, уыдон ныхъуырынц, æвæджиауы хæзнаты хицау чи у, хъæздыг истори, æгъдæуттæ, фольклорон æмæ лингвистон бынтæ кæмæ ис, уыцы чысыл адæмты. Æмæ фесæфынц, æвæдæй аззайынц нæ цæстыты раз. Ис бирæ ахæм адæмыхæттытæ, сæ нымæц 600–700 йеддæмæ кæмæн нæу. Дзурынц, кæмдæр, дам, Сыбыры скæсæйнаг хайы ахæм адæмыхатт дæр ис, æрмæст ма дыууæ уды кæмæй баззад. Уыдонæн цыфæндыйæ дæр се 'взаг ныффыссын хъæуы, уымæн æмæ æвзаг дунейы ахсджиагдæр хæзнатæй иу у.

✦ Нацитæн характер нæй, хæдхуыз не сты, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уыдоны фæнды, цæмæй дуне уа бынтон иухуызон, æнтъыснæг, зæрдæцъæхгæнæн.

Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут ахæм ныв: цæут вагоны, æмæ уæм рудзынгæй зыны æрмæст иунæг пейзаж. Уæ зæрдæтæ нæ бамæгуыр уаиккой? Хæрзаг уæ балцæй райгонд нал уаиккат, цы бæстæйы стут, уый уæ цæсты нал ахадид... Иу бынат иннæмæй, иу хъæу иннæмæй, иу горæт иннæмæй, стæй дæхи

хæдзар сыхæгтыуонтæй куынæ хицæн кæна, уæд бæстæ æнæхъæнæй дæр фестдзæн æдзæрæг быдыр, зæрдæ дзы ницæмæй райдзæн, æрхæндæг дыл бафтдзæни, цы адæм дзы цæры, уыдон та уыдзысты, йæ бæстæ чи нæ уарзы, куыдфæндыйы цæстæй йæм чи кæсы, ахæм ницытæ 'мæ мацытæ.

Адæмты кæрæдзиуыл бæттынц сæ индивидуалон хицæндзинæдтæ, æмæ уарзын райдайæм, цы адæмæй не стæм, фæлæ нæ хъысмæт кæимæ фембæлын кодта, уый.

✦ Хицæн адæймаджы миддунейæн, миниуджытæн цы барæнтæм гæсгæ аргъ кæнæм, ахæмтæм гæсгæ хъуамæ аргъ кæнæм алкæцы бæстæйæн, адæмæн, нацийæн дæр.

Цы миниуджыты фæрцы нымайæм адæймаджы?

Йæ зонды, йæ хъомылады, йе 'фсармы фæрцы, адæмимæ цæрын зоны, агрессивон у æви нæу, хистæрæн æгъдау дæтты, сабитыл, фидæны фæлтæртылауды, хæларзæрдæ у æви нæ – адæттæ нын фадат раттынц адæймагæн аргъ скæнынæн.

Уæдæ паддзахæдтæ æмæ гуырымыхъхъ националисттæ та сæхицæн куыд аргъ кæнынц?

Гæнæн æмæ амалæй фылдæр зæххытæ байсын, хæстон тыхтыл, хæстон хъомысыл æфтауын – ахæм фæндаг равзæрстой сæхицæн иуæй-иу паддзахæдтæ.

Афтæмæй та бæстæйы авторитетмæ æфтуангæнæн ис ахадгæ авторитетон университеттæ, рынчындæттæ, хорз скъолатæ аразгæйæ, наукæ, музыкæ, нывкæнынад хъæздыгдæр кæнгæйæ, адæм цæмæй куыстуарзаг, хæрзæгъдау уой, ууыл архайгæйæ.

✦ Чысыл адæмтæн ныртæккæ се 'намонд уый у, æмæ махæй цы паддзахæдтæ ахицæн, уыдонæн сæ фылдæр чысыл нациты кæй æфхæрынц, кæй сæ цъист кæнынц. Уыцы паддзахæдты нæ нымайдзынæн: алчидæр сæ зоны.

*(**Д. Лихачев.** Избранное. М.,
Российский Фонд культуры,
2006, 138–140 фæрстæ).*

* * *

Паддзахады хæс у, адæм иу æвзагыл кæм дзурынц, уыцы зæххытæ баиу кæнын æмæ, æвзаджы рæзтæн цыдæриддæр къуылымпыйы хос у, уыдон фесафын.

***Владимир Ленин***

## ПУХ И ПЕРЬЯ ОТ ИМПЕРИИ?

**Шаймиев сказал то, что думал. Это у нас считается смелостью и сокрушением устоев**

Минтимер Шаймиев вышел к микрофону по случаю 20-летия Конституции Татарстана в канун всероссийского праздника, который впору назвать Днем единства и борьбы противоположностей. Но мы сейчас не о единстве. Не станем утверждать, прав или не прав Минтимер Шарипович, упрекнувший в имперском мышлении «часть депутатов партии «Единой России» и «отдельные федеральные структуры». Сделал он это довольно сдержанно, и пух и перья от империи по этой причине вряд ли полетят. Не будем хотя бы несколько минут спорить о том, заслуживают ли регионы России (и особенно – национальные республики) большей самостоятельности. В этих спорах обычно все правы и все виноваты. Обратим внимание на другое – некоторые откликнувшиеся граждане расценивают выступление татарстанского политика как подвиг:

*«Шаймиев не побоялся высказать свое мнение»;*

*«В этом и его личное мужество, многие молчат, хотя думают так же, как и он»;*

*«Его можно только уважать за то, что способен и имеет мужество выразить свое мнение. А мы должны гордиться, что в Татарстане еще есть политики со своей точкой зрения, способные ее озвучить публично и поставить вопрос на повестку».*

Подумать только, в какой стране мы живем! Политик, защищенный должностью, авторитетом, государственными наградами (в диапазоне от ордена Ленина до медали Столыпина), всего лишь высказал свое мнение, а отношение к этому такое, будто он, как Матросов, лег на пулемет.

При этом и сам Шаймиев, похоже, считает свой поступок таким, на который еще надо отважиться. Иначе он давно мог бы высказаться столь же целенаправленно. Чего ж столько лет молчать, если проблемы так остры и давно назрели – еще при его правлении, когда он сам безропотно уступил Центру ряд рычагов и педалей? (...)

Нежданные высказывания Минтимера Шаймиева произвели особое впечатление на фоне надежного молчания российских

политиков, живущих за пределами Москвы. Какой наш губернатор (действующий или отставной) где и когда высказал хоть одну мысль, заслуживающую массового обсуждения? Кто из них хоть немного влияет на политику федерального центра? Кто они вообще по своим убеждениям, и имеются ли у них таковые? Или они все до одного хозяйственники, завхозы в сапогах и телогрейках, а политиками числятся лишь в дни съездов «Единой России»?

***Борис Бронштейн***
*Новая газета, 2012, № 126*

# РАГОН ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

* * *

Спартæйы паддзах Агесилайmæ дзурынц, диссагмæ ма, зæгъы, байхъус: иу лæг булæмæргъы зарæг афтæ хорз фæзмы, раст цыма булæмæргъ у.

– Хъуамæ фæзмæгоймæ цæмæн хъусон, кæд æмæ булæмæргътæн сæхимæ бирæ хæттыты хъуыстон? – дзуапп радта Агесилай.

* * *

Бирæ уæззау рынчынты мæлæтæй кæй фервæзын кодта, уый тыххæй хосгæнæг Менекраты хонын райдыдтой Зевс. Йæхæдæг дæр, ай-гъай, бацин кодта ахæм кадджын номыл æмæ иуахæмы Агесилаймæ барвыста фыстæг: «Зевс-Менекраты зæрдæ зæгъы, цæмæй паддзах Агесилай уа æнæниз».

Агесилай йын дзуапп радта: «Паддзах Агесилайы зæрдæ зæгъы, цæмæй Менекрат уа æвронг зонды хицау».

* * *

Спартæйаг хæстон раздзог Лисандры иу лæг æлгъыста, тынг æнæуаг ныхæстæ йын кодта.

Лисандр ын бацамыдта:

– Æппынæдзух дæр афтæ æлгъит, фидистыл ма ауæрд. Ахæм дзыхыуагæй иудадзыг куы дзурай, уæд, чи зоны, дæ хуылф сафтид уа. Науæд алы хъылматæй æгæр дæнгæл дæ!

* * *

– Мæ уарзон сиахсы мын кардмæ чи бабаста? – хъазгæйæ дзырдта Цицерон, йæ чызджы лæг дæлæмæдзыд кæй уыд, уымæ гæсгæ.

* * *

Микеланджело нывгæнæг Франчиайы диссаджы рæсугъд лæппуйы фыццаг хатт куы федта, уæд загъта:
– Уæллæй, дæ фыд цардæгас фигурæтæ кæнынмæ куыд арæхсы, ахорæнтæй ныв кæнынмæ дæр афтæ куы арæхсид!

* * *

Цавæрдæр дины кусæг поэт Малербмæ æрбахаста æмдзæвгæтæ, бакæс мын сæ, зæгъгæ. Æмдзæвгæтæ уыдысты бынтон цауд. Малерб сæ æлхынцъæрфыгæй бакасти, стæй фæхъæр ласта:
– Раст дын цыма ахæм тæрхон рахастæуыди: кæнæ æмдзæвгæтæ ныффысс, кæнæ дæ сауындздзыстæм!

* * *

Иуахæмы Малерб уазæгуаты уыд йе 'мбалмæ. Сæхимæ талынджы цыд æмæ, йæ къухы сойын цырагъ, афтæмæй йыл иу зонгæ амбæлди, дзурын бирæ чи уарзта, ахæм. Гъемæ поэтæн алы æнахъинон хабæрттæ кæныныл схæцыди. Малерб æм иуцасдæр куы байхъуыста, уæд фæлмæцын байдыдта æмæ йын йæ ныхас æрдæгыл аскъуыдта:
– Хæрзæхсæв у, хæрзæхсæв! Науæд дæумæ хъусгæйæ, фондз суйы[1] аргъ сойын цырагъ сыгъд фæуыдзæни, ды мын цытæ дзурыс, уыдон та сау капеччы аргъ дæр не сты!

* * *

Къарол Людовик Фынддæсæм-иу цуаны куы цыд, уæд йемæ буфет ласта. Буфеты та хъуамæ уыдаид дыууиссæдз авджы сæн. Къарол дзы нæ нызта, йе 'мбæлттæ-иу сæ равдæлон кодтой. Фæлæ иу хатт къарол тынг сдойны æмæ загъта, сæн мын

[1] Су – рагон францаг æхца, райдианы уыди сызгъæринæй, стæй – æвзистæй æмæ æрхуыйæ.

авæрут, зæгъгæ. Йе ‘мбæлттæ фефсæрмы сты, афтæмæй йын дзуапп радтой, нал, дам дзы ис сæн.

– Уый та куыд у? Буфеты хъуамæ дыууиссæдз авджы ма уа? – бафарста къарол.

– Афтæ у, дæ бæрзонддзинад, уыди дзы дыууиссæдз авджы, фæлæ сæ банызтам.

– Уæдæ-иу, мæ къонатæ, иннæ хатт иу æмæ дыууиссæдз авджы раласут! – бардзырд радта къарол.

* * *

Иухатт иу лæгæн тæрхон кодтой, дыууæ усы кæй дардта, уый тыххæй. Тæрхонылæг Лепре зылынджыны фæрсы, цы уынгæджы бон, дам дыл уыди, дыууæ усы цæмæн ракуырдтай?

– Бахатыр кæн, тæрхонылæг, мæнмæ гæсгæ, ницы фыдракæнд сарæзтон. Мæнæн дыууæ усы нæ уыди, фæлæ иу. «Мæ тæккæ зынаргъдæр æмбис», – афтæ дзурынц иууылдæр. Мæнæн та æмбис фаг нæ уыди, хъуыди мæ æнæхъæн ус. Гъемæ æз дæр дыууæ æмбисæй иу сарæзтон.

* * *

Фыдгæнæджы ауындзæнмæ куы фæцæйкодтой, уæд афтæ загъта:

– Уæууæй, уæууæй, фыд ракодтон, æппындæр мæ нæ фæндыд, афтæмæй.

– Ницы кæны, ауындзгæ дæр дæ æркæндзысты, дæу нæ фæнддзæн, афтæмæй.

* * *

1779 азы Вольтер Швейцарийæ абалц кодта Парижмæ. Горæты кæрон æй баурæдтой æмæ йæ фæрсынц, цы не ‘мбæлы, ахæм исты нæ ласыс демæ, зæгъгæ.

Вольтер сын дзуапп радта:

– Ницавæр контрабандæ мæм ис, мæхицæй дарддæр.

* * *

Вольтермæ хæрам чи уыд, ахæм адæмы къорд атауыс кодта, фыссæгæн, дам, йæ трагеди «Альзира» йæхи фыст нæу.

Уæд, уыцы дау чи фехъуыста, иу ахæм лæг афтæ:
–Мæнæн æхсызгон уаид, уыцы хабар æцæг куы разынид уæд.
– Цæмæн? – бафарста чидæр.
– Уымæн æмæ ма уæд нæ разагъды поэттыл иу бафтид.

* * *

Вольтеры фыды тынг фæндыд, йæ фыртæн исты ахсджиаг куысты бынат куы балхæнид, уый – уыцы заманты кадджын бынæттæ æлхæнгæ кодтой. Вольтер йæ фыдæн ахæм дзуапп радта:
– Мæн æлхæнгæ кад нæ хъæуы. Æз мæхæдæг самал кæндзынæн, æхца фидын кæмæн нæ хъæуы, ахæм кад.

* * *

Иуахæмы венгриаг композитор Легар йе 'мбæлттæн афтæ радзырдта:
– Æз фатеры цы усмæ цæрын, уымæн музыкæйы уроктæ амонын, уый та мын сихор лæвар скæны.
– Æмæ йæм исты дзинæдтæ бафиппайдтай дæ урокты фæстæ? – бафарста йæ йе 'мбæлттæй иу.
– Бæгуыдæр бафиппайдтон, – дзуапп радта Легар. – Уæлдай тынгдæр та арæхсы гуылтæ кæнынмæ.

* * *



Амалхъом адæм кæй хонынц, уыдон сæ рæбынтæ байдзаг кæнынц, фæлæ сын уæддæр бафсис нæ вæййы æмæ сæ тыхтона нæ уадзынц. Фæлæ æгæргæнæг æгæр кæны. Гъемæ дзы бирæтæ боныфæстагмæ мæнæ афтæ гаффуттæй аззайынц.

# ÆРЫГÆТТЫ СФÆЛДЫСТАД



Джидзæлаты Алинæ у Цæгат Ирыстоны Хæххон-Металлургон институты 4-æм курсы ахуыргæнинаг. «Студентты уалдзæджы» архайдта сæ институты факультетты æхсæн ерысты. Йæ модæтæ æмæ ирон кæфтытæй йе ‘мбæлттимæ бацахстой фыццаг бынæттæй иу.

Журналкæсджыты зонгæ кæнæм йæ модæтæй иуцалдæры нывтимæ.













# УÆЛÆМХАСÆН

## ÆВЗАГ – НАЦИЙЫ ФАРН

*Президенту РФ В. В. Путину*
*от представителей общественности*
*республик Северного Кавказа*



*Мадина Хакуашева.*

Уважаемый Владимир Владимирович!

В настоящее время на Северном Кавказе переживается глубокий кризис, связанный с состоянием национальных языков. Достаточно тревожная ситуация сложилась и в отношении национальных литератур и культур.

Северокавказские языки объявлены ЮНЕСКО вымирающими. Ведущие лингвисты-кавказоведы определяют 25–50 лет существованию национальных языков. Это подтверждается соответствующими тенденциями, например, динамикой сокращения мест для абитуриентов. Так, в КБГУ по специальности «кабардинский язык и литература» отмечалось 75 мест в 1970–80 годах, 38 мест за 2012–2013 годы. Та же ситуация характерна и для абитуриентов по специальности «балкарский язык и литература». Ежегодный республиканский конкурс по литературному творчеству на кабардинском языке не выявил ни одного прозаика за 2012 год. Подобные тенденции существуют во всех республиках Северного Кавказа.

Хорошо понимая драматизм ситуации, многие представители общественности забили тревогу, были проведены «круглые столы» по прояснению, проговариванию «Закона об образовании» и «Закона о языках». В некоторых республиках в действующие законы было внесено около сотни поправок, собрано несколько тысяч подписей в пользу нового метода преподавания национальных языков.

Но «Закон об образовании» и «Закон о языках» в оконча-

тельном чтении остались практически без изменений: снова было принято изучение родного языка как предмета по 2–3 часа в неделю, которое признано недостаточно эффективным.

Современный метод изучения языков был внедрен в 1961 году Н. С. Хрущевым, когда был подписан закон о реформировании программы обучения родным языкам. По сути, это была принудительная реформа, связанная с переходом обучения детей начальной школы на русский язык, которого сельские учащиеся почти не знали. Старые педагоги вспоминали, что это был настоящий стресс, в результате которого многие дети не справлялись и плакали. «Ничего, поплачут и перестанут», – утешали реформаторы. Так и случилось: плакать перестали, зато выросло несколько поколений, не знающих или плохо знающих родной язык. Время обнаружило ошибочность этой методики. Полвека школьники изучали национальные языки как предмет, вместо того, чтобы изучать школьные предметы на родных языках хотя бы до 5 класса, как было всегда.

В наши дни министр культуры Владимир Мединский, говоря о соотношении русского и регионального языков при обучении в школе, уверенно решает его в пользу русского. Председатель комитета Госдумы по делам национальностей Гаджимет Сафаралиев предложил внедрить русский как родной по отношению к нерусским учащимся общеобразовательных школ. Мы убеждены, что подобные представления демонстрируют в первую очередь сомнительное отношение к русскому языку, так как подлинная любовь к русскому языку и русской литературе диктует гуманистическое понимание общей проблемы и уважение ко всем другим языкам и литературам в целом и в отдельности, понимание уникальности и неповторимости каждого языка и культуры. Угроза утраты русского языка не может стоять перед 120-миллионным русским населением России. Мы вынуждены согласиться с представителями Татарстана, которые считают проблему надуманной.

Эти монологи происходят на фоне тихой языковой катастрофы, которая реально переживается нерусскими коренными народами России, более всего – в Северокавказском регионе. Между тем, потребность в культурной, значит, этнической самоидентификации – врожденная потребность, каждому необходимо знать свои корни, помнить свои традиции, культуру, язык.

Язык осуществляет не только вербальную и коммуникативную функции. Это – уникальный образ мыслей, чувств, неповторимое видение мира. В языке заложены основы философии, религии и других культурных концептов в их нерасторжимом единстве.

Остается только гадать, почему, имея полноценное конституционное право знать родной язык, мы не можем реализовать его в действительности. Кажется, все очевидно: долгий эксперимент оказался несостоятельным, он не дает адекватного знания родных языков, мы оказались перед реальной угрозой их полного исчезновения. ***Не надо иметь большого воображения, чтобы понять, что следствием явятся окончательный упадок национального языка, в том числе литературного, культуры в целом, наконец, национальной идентичности. Результатом явится упразднение статуса государственных национальных республик.***

Между тем, существуют примеры, когда с помощью верной языковой политики государства и твердой политической воли удалось восстановить почти исчезнувший язык. Например, на Гавайских островах в 80-х годах XX века родной язык знали около 800 человек, но благодаря *правительственной программе* численность носителей языка возросла до 10 тысяч человек.

Филологам советской школы повезло принадлежать к поколениям, которые сформировались в атмосфере значительного влияния классической русской литературы и неформального изучения русского языка. Мы гордимся принадлежностью к этим великим культурным маркерам и всемерно будем отстаивать необходимость их глубокого всестороннего изучения. Мы хорошо понимаем роль русского языка как медиатора, который осуществляет доступ к любому виду международной информации, мировой литературе. На русском языке осуществляется процесс образования в ВУЗах РФ. Мы поставлены в объективные условия, которые обрекают нас на необходимость знания русского и родного языков. «Обрекают» в хорошем смысле, ведь билингвы – это не только люди, свободно владеющие двумя языками, – они имеют ключи в миры уникальных богатых культур, к которым можно приобщиться только через глубокое знание соответствующих языков. Но изучать

один язык за счет другого – антинародная политика, игнорирующая интересы нерусских национальностей РФ при их полном конституциональном равноправии.

Большой проблемой является полная изоляция северокавказских литератур и культур, которые практически неизвестны на всех уровнях российского культурного пространства. В российских школах элементарные основы северокавказских литератур и культур не преподаются уже много лет. Между тем, древние культуры Северного Кавказа – одни из самых богатых в мире, одна из них – адыгская (черкесская) – единственная в РФ, которая имеет античную историю. Но в настоящее время они гораздо больше известны за пределами России, чем в нашей собственной стране.

Самое большое богатство РФ – национальные культуры. Незнание или недостаточное знание каждой культуры значительно снижает общий и культурный потенциал России. Более того, политика изоляции северокавказских литератур и культур нам кажется весьма тревожным симптомом, так как подобное отношение формирует условия для возникновения ксенофобии, шовинизма и национализма.

Уважаемый Владимир Владимирович! Убедительно просим Вас содействовать переходу на новую языковую школьную реформу, основой которой должен явиться хорошо зарекомендовавший себя метод преподавания родных языков до реформы Н. С. Хрущева 1961 года, преподаванию обзорных спец. курсов по литературе и культуре Северного Кавказа (и других народов России) в средних школах Российской Федерации. Это приведет к пробуждению интереса и уважения к уникальным культурам России, значительному снижению межнациональной напряженности и межнациональных конфликтов.

***Мадина Хакуашева,*** *писатель,*
*докторант кафедры*
*русской литературы КБГУ.*
*Нальчик*

*Президенту РФ*
*В. В. Путину*

*Председателю Государственной Думы*
*В. В. Володину*

Уважаемый Владимир Владимирович!
Уважаемый Вячеслав Викторович!



*Тамерлан Камболов.*

Как известно, депутатами Государственной Думы Федерального собрания Российской Федерации А. И. Аршиновой, О. А. Николаевым, Ш. Ю. Саралиевым, О. Н. Смолиным, Е. В. Строковой и Б. А. Чернышовым 10 апреля 2018 г. был внесен в качестве законодательной инициативы проект Федерального закона «О внесении изменений в Федеральный закон «Об образовании в Российской Федерации».

Суть законопроекта сводится к двум основным положениям.

Первое из них предполагает, что **преподавание и изучение государственных языков республик в составе Российской Федерации должно осуществляться на добровольной основе.**

Предлагаемая поправка прямо противоречит Основному закону страны. Как известно, в соответствии с Конституцией России (ст. 68, ч. 2) республики «вправе устанавливать свои государственные языки». Это положение подтверждено и федеральными законами «О языках народов РФ» и «Об образовании». При этом в последнем документе отмечено (глава 1, ст. 6, п. 6), что «вопросы изучения государственных языков республик в составе Российской Федерации регулируются законодательством этих республик».

Следует отдавать себе отчет в том, что в современных социальных условиях вопрос сохранения и развития государственных языков республик – это проблема не только титульных этносов,

но всего локального сообщества. Язык титульного народа не сможет выжить в недрах только самого этого народа. Для его сохранения и развития он должен обязательно функционировать в самых различных сферах жизни многонациональной республики. Именно поэтому важно, чтобы нетитульное население республик понимало язык титульного этноса и, таким образом, давало бы возможность его представителям говорить на родном языке в обществе. Иначе говоря, в условиях, как правило, многонациональных и многоязычных республик титульные языки могут быть сохранены только при содействии, соучастии представителей других этносов, проживающих в республике, которым для этого надо дать себе труд всего лишь понимать язык титульного народа.

При этом, граждане, временно пребывающие на территории республик, могут быть освобождены от изучения республиканского государственного языка.

Вторая концептуальная поправка, которая предусматривается законопроектом, предполагает, что граждане Российской Федерации имеют право на получение дошкольного, начального общего и основного общего образования на родном языке из числа языков народов Российской Федерации, а также право на изучение родного языка из числа языков народов Российской Федерации в пределах возможностей, предоставляемых системой образования, **с учетом потребностей обучающихся и их родителей (законных представителей) на основании их письменных заявлений.**

Совершенно очевидно, что реализация принципа выбора родного языка или введение права на добровольный выбор изучения родного языка приведет языки и культуры нерусских народов страны к катастрофе. Это связано с тем, что в условиях обязательности сдачи всеми обучающимися Единого государственного экзамена по русскому языку, также других предметов – только на русском языке, многие родители нерусских национальностей предпочтут заявить родным языком своих детей именно русский, или же просто откажутся от изучения родного языка, поскольку это позволит увеличить временной объем на изучение их детьми русского языка и других предметов. Как следствие, школьники, продолжающие изучать родные языки, окажутся в ущемленном положении и в отношении

русского языка, и в отношении общеобразовательной подготовки. Подобное развитие событий окончательно подорвет социальные позиции родных языков народов страны, большинство из которых и так находится в удручающем состоянии.

В целом, можно констатировать, что принятие рассматриваемого законопроекта окончательно разрушит языковую политику в сфере образования, которая и так отличается несистемным, несбалансированным характером, входит в определенных аспектах в противоречие с федеральным и региональным законодательством и, как следствие, не позволяет создать необходимые условия для сохранения и развития родных языков народов страны.

Полагаем, что в этой ситуации необходимо:

– отклонить упомянутый выше законопроект;

– внести законодательную инициативу о восстановлении национально-регионального образовательного компонента, который позволит субъектам страны решать в рамках своих конституционных и законодательных полномочий вопросы образовательно-языковой политики в сфере родных языков и государственных языков республик в соответствии с особенностями языковой ситуации в каждом регионе.

***Тамерлан Камболов,***
*доктор филологических наук,*
*профессор. Владикавказ*

*Цъары фæрстыл:*

*1. Бердиаты Роберт. Дзæуджыхъæу. Терчы былгæрæттæ.*
*4. Бдтаты Фатимæ. Мæргътæ.*

* * *



| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Зам. гл. редактора | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. критики и публицистики | *Р. С. БЗАРОВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. поэзии | *М. Л. ДЖУСОЕВ* |
| Ред. отдела прозы | *Е. К. МЕДОЕВА* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Технический редактор | *Н. М. ПРОВОТОРОВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |



* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна,
уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

*Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны,*
*стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 15.06.18. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,34. Учетно-изд. л. 8,77.
Тираж 1000 экз. Заказ № 372. Цена свободная.
Выход из печати 28 июня 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Нæ зонæнты бындур æмæ æцæг мидис у, дунемæ нæхи цæстытæй куы фæкæсæм æмæ йын йæ сусæгтæ раиртасынил куы фæархайæм, уæд уый. Ахæм хъуыддаг та къухы бафты, нæхæдæг ыл куы фæкусæм, æрмæстдæр уæд, исчи нын æй бацамондзæн, уымæн уæвæн нæй. Уæдæ афтæ: нæ моралон æмæ интеллектуалон удварн искæмæй æфстау исгæ нæу – уый нæм фæзыны нæхи мидыскондæй, æмæ Песталоццийы ницавæр хъомыладон фæрæзты бон у, æрдзæй сонтхела чи рахæсса, уымæй хъуыдыгæнæг адæймаг саразын: никæд! – сонтхелайæ чи райгуырд, уый сонтхелайæ амæлдзæн.

***Артур Шопенгауэр***



Индекс 73247 +12